# МАХ ДУГ



## ИРОН ДЗЫРДЫ ФАРНЫ ТЫРЫСАХÆСДЖЫТÆ

2
2025





*Лæджы нысан –*
*сæрибар æмæ кад.*

*Шамил*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

**2**
2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим



Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........................................................................ 5

**ДЖУСОЙТЫ НАФИ: 100 АЗЫ**

**МЫСИНÆГТÆ**

ПЛИТЫ Гацыр. Иры фарны лæг ........................................................................ 10

ГÆБÆРАТЫ Юри. Хъусут, фæстагæттæ?! Хъусут Нафимæ! ............. 19

Жаннæ КУЛИЕВА. Ты мне – брат, ты – любимее брата... ................. 22

Геннадий АЛАМИА. Пришел, чтобы остаться ................................. 25

Раисæ ДИДИГОВА. Истинное величие человека ................................ 30

**ПОЭЗИ**

НАФИ. Уырзæйзылд рæнхъытæ. *Æмдзæвгæтæ* ...................................... 32

**НАФИЙЫ НОМЫЛ ПРЕМИ** ........................................................... 40

**ПРОЗÆ**

НАФИ. Фæндыры цагъд. *Радзырд* ........................................................ 42

**ИНТЕРВЬЮ**

Хъуамæ бахъахъхъæнæм нæ фыдæлты хæзна ........................................ 49

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**

НАФИ. Хосдзауы сагъæстæ. *Уац* ........................................................ 52

Цæстæн – рухс, удæн – цин, хъуыдыйæн – цырв. *Уац* ........................ 61

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

НАФИ. Сыгъзæрин бæх. *Радзырд* ........................................................ 69

**ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ: 85 АЗЫ**

**МЫСИНÆГТÆ**

ЦЫБЫРТЫ Людвиг. Нæ адæмы сомыгæнæн хъæбул .......................... 72

ХОЗИТЫ Барис. Зæрдæйæ хуыздæр музей нæй... ................................ 74

БЕЗАТЫ Фаризæ. Дæ уды рухс æгæр куырыхон уыд... ....................... 83

БИТАРТЫ Маринæ. Æнæрæнцойзæрдæ нæхи Шамил ........................ 88

БУЛКЪАТЫ Игорь. Хуыцау æй йæ хъæбысмæ систа æмæ йыл баузæлыд... ........................................................................ 90

ЕДЗИТЫ-НÆКУЫСАТЫ Наирæ. Мæ царды фæндагыл... ..................... 92

ХЪАЗИТЫ Эдуард. Нæ агъуыст фæрухс æмæ фестырдæр ис... ....... 95

**ПОЭЗИ**

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Цæуæнт нæ зæххыл амонд æмæ уарзт. *Æмдзæвгæтæ* ........................................................................ 100

**ПРОЗÆ**

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. *Радзырдтæ, таурæгътæ, ирон хабæрттæ, æмбисæндтæ* ... ........................................................................ 110

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........................................................ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## ЭЛЕГИ ФЫССЫН КУЫ ЗОНИН...

Зæгъгæ мын æнæнхъæлæджы уæд та цыбыр рæстæгмæ сфæлдыстадон хъомыс рардæуыд, уæд уыцы тых иууылдæр иу хъуыддагмæ саразин – Нафи æмæ Шамилыл элеги ныффыссин. Афтæ мæм кæсы, цыма æрмæст ацы жанр у, дыууæ уаз номы цы æнкъарæнтæ гуырын кæнынц, уыдоны аккаг…

Нафи æмæ Шамил. Шамил æмæ Нафи. Ирон литературæйы дыууæ цæджындзы. Ирон литературæзонынады дыууæ тулдз бæласы. Ракалдысты, рафæлдæхтысты кæрæдзи фæдыл. «Цы мæгуыр стæм, Нафи æмæ Шамил кæмæн нал сты», – фæзæгъын. Æмæ та мæхиуыл мæ зæрдæ æрхуды. «Цы амондджын стæм, Нафи æмæ Шамил кæмæн уыдысты!»

«Уыди» æмæ «ис» – дыууæ цыбыр дзырды æхсæн æнусон тыгъдад, æгæрон тыгъд быдыртæ. «Уыди» æмæ «ис» – æнустæм кæрæдзийыл фидар баст дзырдтæ-уавæртæ. Зæххыл цыдæриддæр уыди, уымæн бынсæфт фæуæн нæй. Зæххыл кæй авдæн андзæвыд, уымæн йæ фæдæн фесæфæн нæй… Æниу афтæ мæхицæн ныфсæвæрæн ныхæстæ кæнын, æндæра…

Фыссын æмæ хъуыдытæ кæнын: цымæ мæм Шамил куы ‘рбакæсид, ацы рæнхъытыл йæ цæст куы ахæссид, уæд цы зæгъид? Уынын ын йæ мидбылхудт, мæ хъусты зæлы йæ хъазæн ныхас: «Мæнæ цы и, мæнæ! Сау туаллаг!»

Уæдæ цалынмæ Шамилы хъæлæс нæ хъусты зæла æмæ йæ фыстытæй нæра, цалынмæ Сырдоны цæссыгтæ нæ уадултыл згъорой, уæдмæ Шамил æмæ Нафийæ «уыди» зæгъын ирон зæрдæ нæ бакомдзæн.

…Æвдайæм азты кæрон журнал «Вопросы литературы»-йы уыди цымыдисаг зонадон дискусси фольклор æмæ литературæйы æмахастыты тыххæй. Сæ арф хъуыдытæ дзырдтой, кæрæдзиимæ быцæу кодтой нæ бæстæйы зындгонддæр фысджытæ æмæ литературæиртасджытæ. Уыдонимæ Джусойты Нафи дæр. Абон дæр мæ цæстытыл уайы уацы сæрмæ стыр дамгъæтæй фыст: «Нафи Джусойты». Æппынкъаддæр дæс хатты бакастæн уыцы æрмæг, æмæ мын алы кастæн дæр стырæй-стырдæр кодтой йæ авторы ном æмæ мыггаг, нæ урссæр хæхты æмсæр мæм касти, æппæтцæдисон зонадон журнал æппæт бæстæйы кæсджытæм кæй хъуыдытæ фæхæццæ кодта, уыцы ирон лæг! Бæгуы сæрыстыр дзы уыдтæн! Раст цыма йæ кады, йæ зонды тæмæнмæ æз дæр исты бар дардтон. Æвæдза, царды дзæгъæл хуымæтæджы ницы вæййы. Æмæ фараст азы фæстæ Джыккайты Шамилмæ фыстон дипломон куыст – «Литературæ æмæ фольклоры бастдзинад Джусойты Нафийы сфæлдыстады».

…Филологон факультетмæ лæвæрдтам цыппар фæлварæны, сæ фыццаг – нывæцæн. Стыр, райдзаст аудиторийы фæндзай абитуриентæй фылдæр æдзынæг кæсынц фæйнæгыл фыст æртæ темæмæ: уæдæ дзы кæцы равзарон, кæцы хуыздæр зонын? Фæйнæджы раз хъæлдзæгæй, милбылты худгæйæ лæууы Шамил. Афтæ нæм касти, цыма зæххон адæймаг нæу, цыма уæлæрвтæй æрхызти зонд æмæ уындæй æххæст зæд.

…Философи æмæ физикæ куыд зæгъынц, афтæмæй æрдзæн алцыппæт дæр нымад у: иу ран исты куы фæфылдæр уа, уæд иннæ ран та æндæр исты раст уыйбæрц фæкъаддæр уыдзæн. Æмæ иугай адæймæгтæн æрдз (йе та уæларвон комулæфт) исты

хæрзиуæг куы ракæны, уæд сæ æндæр цæмæйдæр та къахыр фæкæны: стыр курдиат уæззау уаргъ æмæ уæзгæ хуын у, æмæ йын чи уындæй бафиды, чи зæрдæйы хорзæхæй, чи зонды фидарæй. Тынг стæм сты, курдиаты зынг «лæвар» кæмæ æрхауы, уыдон, ома Шамилы хуызæттæ.

Фæндзæм курсы йæм фæныфсджындæр дæн. «Шамиль Федорович, знон дын дæ фыццаг чиныг федтон библиотекæйы. Æмæ дын дзы цы рæсугъд къам ис!» (Уæвгæ «æмæ къамы цы рæсугъд дæ» зæгъинаг уыдтæн, фæлæ чи бауæндыд!). «Уæдæ, уæдæ! Æз-иу проспекты куы фæцæйцыдтæн, уæд-иу дæс æмæ дыууиссæдзæй рахизæрдæм ахаудысты, дæс æмæ дыууиссæдзæй та галиуæрдæм!» – худти йæ цъæх цæстытæй…

Нæ ауæрста йæхиуыл, йæ зонындзинæдтыл, йæ уды цæхæрыл. Йæ алы лекци дæр зонад æмæ аивады бæрæгбон уыди: дзырдта, æвдыста, амыдта, æлхынцъытæ халæгау гом кодта наукæ æмæ историйы, културæ æмæ аивады сусæгдзинæдтæ, сайдта йæ фæдыл, æдзынæг касти студентты цæстытæм æмæ сæ агуырдта зонд æмæ курдиаты стъæлфæнтæ – мæт кодта, йæ фæстæ кæй ныууадздзæн, уыдоныл.

Æмæ куыста. О, цас ын æнтысти, цас! Фæзæгъын мæхинымæр: уагæры ма йын зæрдæйы фæндиаг фадæттæ куы уыдаид. Риуæмбæрцæй цыди размæ. Ирон литературæйы истори æмæ теорийы, адæмон сфæлдыстад иртасыны, поэзи æмæ прозæйы, драматурги æмæ литературон критикæйы ирдæй зыны, бæрæг дары Шамилы фæд, Шамилы æрмдзæф.

Фæстаг азты арæх дзырдта, «æз пехуымпар дæн, пехуымпар», зæгъгæ. Нæ йæ ‘мбæрстон, хъазгæ ныхасмæ йæ здæхтон, сæттын мæ рæдыдыл… Ныр мæм йæ алы æмдзæвгæйæ дæр хъуысы зонынджын адæймаджы (æви хуымæтæджы зæды?) ныхас, рагфæдзæхст…

Нафийы дæр фыццаг хатт Шамилы кафедрæйы федтон. Бадтысты мæ ахуыргæнджытæ – ахуыргæндтæ, ныхас кодтой ирон литературæйы историйыл. Бæргæ мæ фæндыди кафедрæйы афæстиат уæвын, аивæй байхъусын, алы дзырд дæр бахъуыды кæнын, фæлæ мæ цæсгом нæ бахъæцыд.

«Нæ дыккаг фембæлд» та (къæлæтты йæ уый тыххæй æвæрын, æмæ Нафийæн йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, мæнæл ам-бæлди, уый) Мæскуыйы уыди. Цалдæр мæйы дæргъы уыдтæн стажировкæйы, иу зонгæ мын нæ уыд стыр горæты, æнкъард дæр кодтон, нæхимæ мæ тынг фæндыд. Иубон метройы вагон-мæ бахызтæн æмæ мæ цæстытыл нæ бауæндыдтæн – мæнæ цалдæр метры дарддæр, йæ сæрыл нымæтхуд, афтæмæй лæууы Нафи! Нымдзаст æм дæн, фыр цинæй мæ зæрдæ скафыд, афтæ мæм касти, цыма æвиппайды мæ алыварс уæхски-уæхск æппæт Ирыстоны адæм æрбалæууыдысты.

Арæх-иу æрцыди Нафи нæ факультетмæ, касти цалдæр курсы. Уымæй уæлдай ма-иу загъта, æрæмбырд-ма кæнут студентты, æз сын мæнæ ахæм æмæ ахæм темæйыл мæ хъуыдытæ зæгъон. Йæ иунæг æрцыд дæр нæ хъуыды кæнын, æмæ Нафийы хъæппæрисæй кафедрæты зонадон дискусси ма рауайа, растдæр зæгъгæйæ та – æнæхъæн семинар. Диссаг уый у, æмæ никуы кодта йæхи сфæлдыстады кой – йæ ныхасы сæр-иу уыдысты иннæ фысджы-ты æрмдзæфы хицæндзинæдтæ, литературон процессы миниу-джытæ, теорийы фæрстытæ. Раст цыма йæхæдæг иу рæнхъ дæр никуы ныффыста, цыма нæ литературæйы налхъуыт-налмасау не ‘рттивынц «Фыдæлты туг» æмæ «Сырдоны цæссыгтæ», «Адæй-маджы мæлæт» æмæ «Урс-урсид мит».

Цæй амондджын стæм, Нафи æмæ Шамил кæй сты…

*КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,*
*Ирон æвзаджы райрæзты центры разамонæг*

# ДЖУСОЙТЫ НАФИ: 100 АЗЫ



**(1925 – 2017)**

*Тул, авдæн, Иры зæххыл, тул!*
*Мæ уд нывонд дæ фарн, дæ уазæн!*
*Мæ хисты ‘ргæвст галæн йæ хъул*
*Дæ хаст лæппутæн фестæд хъазæн!*

*ПЛИТЫ Гацыр*

# ИРЫ ФАРНЫ ЛÆГ

Ирондзинад, ирон æвзаг æмæ æгъдæуттыл, нæ хъæзныг литературæйы къæбицыл чи куса, уый нæ ахиздзæн нæрæмон Нафийы иувæрсты.

Куысты, сæрбахъуыды, фæдисы дуджы – алы хатт дæр Нафи уыд културон фронты кады тырыса хæссæг.

Фæсреволюцийæ абонмæ Ирон адæмы царды ахæм хабар никуы уыд, Нафи йыл йæ хъуыдытæ ма загътаид. Царды рог уæргътæ никуы агуырдта, алы хатт дæр йæхи æппæрста сæ уæззæуттæм, æмæ йын æнæ сфæразгæ ницы баззад.

Нафи царды лæгау лæг уыд, зæгъын кæм хъуыд, уым æргом æмæ уæндон уыд йæ ныхас, рæвдауын кæм хъуыд, уым та – уæздан æмæ цæстуарзон. Уарзта хъæлдзæгдзинад, æмæ йыл фидаугæ дæр кодта. Нафи æмæ ирон зарæг æфсымæртæ уыдысты. Къостайæн йæ уарзон зарæг уыд «Сосейы зарæг», Нафийæн та – «Плиты Хатуйы зарæг».

Мах амондджын стæм, Нафи кæмæн уыд, зæйласт мыггаджы фæстæ Нафи кæмæн баззад.

Литературон быдыртæ дардыл сты, сæ басгарын, сæ диссаджы хæзнатæ рæгъмæ рахæссынил кæуылты сты Нафийы фыдæбæттæ, æфтауцдæттæ? Царd вазыгджын у, бирæ ахсджиаг æмæ быцæуаг фарстатæ дзы ис абоны бон дæр. Уыдон раиртасын, æрбиноныг кæнынил Нафийæн цы бантыст, уыйбæрц иуæн дæр нæ бантыст. Не 'взаджы быцæуаг фарстатæ, нæ нывæфтыд литературæйы рараст кæнинаг хъуыддæгтæ – чи сæм арæхст Нафийы хуызæн?

Нæ литературæйы зонадон хæзнадонæн Нафи у сæрæвæрæн.

Абон не 'хсæн нал ис, ацыд, уый нæ уырнгæ дæр нæ кæны. Æрвылбон дæр Нафи ныхас кæны немæ, цы загъта, цы фæллæйттæ ныууагъта, уыдон махимæ дзурынц Нафийы хъæлæсæй.

2025 аз барджынæй банымайæн ис Нафийы азыл. Ацы бонты 100 азы сæххæст æнæрæнцой зиууон, нæ курдиатджын поэт æмæ драматург, прозаик æмæ критик, ирон литературæйы истори иртасæг, публицист æмæ тæлмацгæнæг, хæлардзинады сæрыл зарæггæнæг, ирон адæмы сæрхъуызой, нæ адæмы уарзон хъæбул, адæмон

фыссæг, стыр ахуыргонд æмæ уынаффæйы лæг Джусойты Нафийы райгуырдыл.

Нафийы ном рагæй у зындгонд ирон чиныгкæсджытæн. Мæхæдæг йæ номимæ базонгæ дæн 1947 азы. Уæдæй фæстæмæ уарзын æмæ кæсын, Нафийы къухæй цы рацыд, уыдæттæ.

Кæддæр Нигер дзæнæты бадинаг, æвзонг Хъамбердиаты Мысостæй афтæ загъта: «Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, æмæ Ирыстоны хæхтæ советон дуджы Мысосты зарæгæй аивдæр ирон зарæг нæма фехъуыстой». Уыцы ныхæстæ абоны бон хауынц Нафимæ дæр.

Абон Ирыстоны алчи дæр зæгъдзæн: фæсхæсты азтæй абонмæ Нафийы бирæ фæллæйттæ Ирыстоны къуымтæм фæхастой хъармдзинад, зæрдæйы узæлд, лæджы ныфс æмæ удысконды хорз миниуджытæ.

Нафийы зарджытæ Ирыстоны хæхтæ æмæ кæмттæн радтой рæсугъд уадындз, цардæгасдзинад. Йæ фæрцы сдзырдтой æгомыг хæхтæ, тохарыд мæсгуытæ, нæ булæмæргъ дæттæ. Нафийы фæллæйттæ – Ирыстоны фæллæйттæ. Национ хæзнадон, нацийы къæбиц кæд искæй фæллæйттæй рафидыдтой, уæд уыдонæй иу у Нафи.

Фыссæгæн йæхи дуг, йæхи авналæнтæ вæййы. Нæ уыд нывыл, Нафийы йæ авдæны цы дуг ауызта, уый дæр. Ног хицауад цардæн бындур уæд æвæрдта, хъуагдзинæдты къæдзил нырма даргъ уыд, цард йæ тæккæ æндидзынил уыд.

Уый зæгъын уымæн, æмæ Нафи кæд гуыргæ советон дуджы ракодта, уæддæр йæ фæндæгтæ лæгъз æмæ нывыл нæ уыдисты – гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцыд йæ райгуырдæй абонмæ. Йæхи æмбарынхъом куы ссис, уæдæй абонмæ Нафи уыди æнæрæнцой зæрдæйы хицау, зылдис цардуарæн къуымтыл æмæ йын йæ хæзнатæ хаста Ирыстоны къæбицмæ.

Джусойты Гришайы фырт Нафи райгуырдис 1925 азы Къуыдаргомы рæсугъддæр хъæутæй иуы – Арашендайы (Ногхъæуы) зæхкусæг бинонты хæдзары. Гриша æмæ йæ цардæмбал Хуыгиан адæмæн уарзон уыдисты, сæ арм фынгæн дардтой. Схъомыл кодтой фондз чызджы æмæ дыууæ лæппуйы. Амондджын бинонтæ уыдисты, Ирыстоны кады зарæг бæрзонд систой, систы национ культурæйы рæзтæн лæггадгæнджытæ. Ахуырады дзы фæсте ничи баззад.

Зæнæджы хистæр Нафи у, æмæ нæ ныхасы сæйраг дæр уыл у.

Нафи 1941 азы æнтыстджынæй каст фæцис Дзауы районы Кировы астæуккаг скъола. Уыцы аз бархийæ ацыд Советон Æфсады рæнхъытæм. Уæд федта туджы лæсæнтæ, лæджыфыдхор знаджы цæсгом. Нафи æнæхъæн фондз азы арвыста æнæхуыссæг æхсæвтæ акъоппыты, хæсты быдырты. Уый федта æмæ бавзæрста салдаты тухитæ, уæд федта, хæстон лæг цавæр уыд, уый.

Фæцис тугуарæн хæст, æрыздæхт сæрæгасæй Нафи; йæ фæллад дæр не суагъта, афтæмæй бавнæлдта егъау æхсæнадон æмæ литературон куыстмæ. 1945–1949 азты куыста Хуссар Ирыстоны обкомы инструкторæй, фæстæдæр «Главлит»-ы, газет «Заря Востока»-йы сæрмагонд уацхæссæгæй. Нæ дзы уыд рох йæ ахуыры хъуыддаг дæр. Фæсаууонмæ ахуыр кодта æмæ каст фæцис Сталиниры паддзахадон педагогон институты историон факультет. Хæххон лæппу æппæт тыхтæ дæр радта ахуырмæ.

1949 азы ахуыр кæнын райдыдта уырыссаг литературæйы аспирантурæйы Ленинграды (Пушкины Хæдзар). 1953 азы каст фæцис аспирантурæ, æнтыстджынæй бахъахъхъæдта диссертаци ахæм темæйыл: «Къоста æмæ уырыссаг литературæ». Нафи Ирыстонмæ сыздæхт филологон зонæдты кандидатæй. Уæд бавнæлдта егъау сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон куыстмæ.

1954 азæй Нафи кусын райдыдта Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайады сæргълæууæгæй. Йæ мæлæты бонмæ та фæкуыста ирон литературæйы историйы хайады сæргълæууæгæй. Абоны бон зын у зæгъын, Нафи, куыд зонадон кусæг, афтæ бæрзонддæр у æви куыд фыссæг? Дыууæ къабазы дæр Нафийы къухы бафтыд стыр æнтыстытæ.

Джусойты Нафи литературон куыст райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азтæй. Уæдæй йæ амæлæты бонмæ уый йæ тыхтæ æвзæрста литературæйы алы жанры дæр, æмæ йын уыд аккаг æнтыстытæ. Поэзийы жанрыл куы дзурæм, уæд ирон чиныгкæсæгæн зынаргъ сты Нафийы æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ: «Салдаты зæрдæ» (1949), «Зæрдæйы сагъæс» (1953), «Лирикæ» (1955), «Ирыстоны сагъæстæ» (1958), «Æз райгуырдтæн хохы» (1960), «Зын кары» (1967), «Æнæном чиныг» (1967), «Сабыр ныхæстæ» (1973), «Изæры рухс» (1987) æмæ æнд. Поэты æмдзæвгæтæн сæ сæргæндтæ куыд алыхуызон сты, афтæ алыхуызон у сæ тематикæ дæр. «Салдаты зæрдæ»-йы Нафи

алыхуызон уавæры æвдисы салдаты – йæ хæстон уавæр, йæ уарзондзинад мадмæ, Ирыстонмæ, хæлардзинадмæ. Уынæм дзы хæсты цардæгас нывтæ.

Фæсхæсты азты йе 'мдзæвгæты тематикæ фæирддæр, фæуæрæхдæр. Нафи йе сфæлдыстады тæмæны бацыд 1950 азты.

Æмдзæвгæты æмбырдгонд «Æз райгуырдтæн хохы» бирæ ахсджиаг фарстатыл дзуры, фæлæ дзы сæйраг фарст у «цы адджындæр у лæгæн: ныййарæг мад æви райгуырæн уæзæг?» «Æнæном чиныг»-ы бæлвырдæй зынынц лирикон хъайтары æнусон цинтæ, хъыгтæ, йæ уарзондзинад дуне æмæ Иры уæзæгмæ.

Нафи йæ царды бонты сæрныллæгæй табу кодта генион Къостайы удыхъæд, йæ егъау курдиатæн. Арæх фæлхат кодта иу хъуыдыйад: «Къоста нын радта чиныг, Елбыздыхъо та нын бакодта театры дуæрттæ».

Къостайы удыхъæдыл, йæ куырыхондзинадыл, йæ патриотизмыл Нафи бирæ фæфыста нывæфтыд æвзагæй дæр, зонадон æгъдауæй дæр. Йæ поэмæ «Ирыстоны сагъæстæ»-йы поэт бæстон фæныхас кодта Къостайы удыхъæдыл, йæ хъару æмæ зондахастыл, йе стыр лæггæдтæ æмæ тохы фæндæгтыл. Зæгъæн ис, Къостайыл ирон литературæйы цы хорз уацмыстæ æрцыд фыст, Нафийы поэмæ у уыдоны хуыздæртæй иу.

Нафи сæрыстыр уыд йæ абоны Ирыстонæй, сæрыстыр уыд фыдæлты фарн æмæ кады хъуыддæгтæй, тыхст æмæ уырыд дугты кады зарæг чи ныккодта, уыцы хъæбатыр гуырдтæй. Къостайы фæлгонцы æмрæнхъ дзуры уыдоныл дæр. Уыдон та сты Æртындæс коммунары, 1920 азы хъазуат тохты ингæны был чи æрлæууыд, фæлæ цæссыг кæмæй не 'рхауд гуырдзыйы фашистты, лæджыфыдхорты раз (поэмæ «Æртындæс коммунары»), Мидхæсты азты йæ адæмы сæрибардзинады сæрыл мæлæтдзаг тохы чи бацыд, уый – Айдарты Знауыр (поэмæ «Айдарты Знауыр»). Цæстуарзонæй фæдзырдта Цæголты Георгийыл (поэмæ «Цæголты Георги»). Сæрыстырæй фæныхас кодта фыдæлты кадджын æмæ æрдхæрæйнаджы фæндæгтыл йæ поэмæ «Фыдæлты фæндæгтæ»-йы, кæуылты у йæ нысаниуæг публицистон поэмæ «Ныркон сагъæс»-æн.

Егъау у Нафийы хайбавæрд ирон прозæмæ. Йæ диссаджы радзырдтæ, хæрзаив фæлыст уацаутæ, стыр историон дуг æвдисæг

романтæ бæрзонд систой йе сфæлдыстады мæсыг ирон прозæйы гæнахæн. Уыдон ноджыдæр дзурæг сты, цардæй ахсджиаг темæтæ кæй иста, арæхстджын кæй уыд царды арф къуымтæм бавналынмæ. Йæ уацаутæ «Адæймаджы мæлæт», «Урс-урсид мит», «Зарæг дыууæ хъæлæсæй», «Бирæгъы лæппын», «Ægac цу, хур», «Сосо бадзуры» æмæ æндæртæ чиныгкæсæджы зонгæ кæнынц Ирыстоны цардыуаджы стыр фæзындтимæ, адæймаджы удысконд æмæ йæ диссаджы хъуыдытимæ.

Йæ уацау «Адæймаджы мæлæт» 1978 азы мыхуыры рацыд журнал «Дружба народов»-ы, йæ автор Джусойты Нафийæн та лæвæрд æрцыд Паддзахадон преми. Уацауы сæйраг хъайтар Уырызмæджы фæлгонцæй автор зæгъы: кæд адæймаг рæстаг æмæ фæрнджын вæййы йæ райгуырдæй, уæд уый у иннæйы фарнамонд дæр. Кæд адæймаг ницæйаг, æгуыдзæг вæййы царды, уæд уый йæхи фаг дæр нæ вæййы царды, æмæ дзы сыджытыл дæр ницы æмбæлы.

Уацау «Урс-урсид мит»-ы уынæм хæххон зымæгон æрдзы нывтæ, адæмы уæздан ахаст кæрæдзимæ, кæд стыр зындзинæдтæ æвзарынц, уæддæр. Хъæуы цæрджытæ сты æнгом, кад æмæ æгъдауыл хæст.

Йæ уацау «Цардивæны» Нафи æвдисы фыццаг революцийы агъоммæ Ирыстоны кæмтты кълассон дих.

Нафийы радзырдты тематикæ дæр у алыхуызон. Сæйрагдæр сæ ныхас цæуы, цавæр уыд нæ адæмы цард фæсхæсты азты, куыд фидар кодтой адæм хæлд хæдзарад, куыд слæууыд цард йæ къахыл, цалынмæ нæ райдыдтой æнæхайыры рацарæзт æмæ демократи.

Кæуылты у сæ нысаниуæг Нафийы романтæн. Уыдон та сты «Фыдæлты туг» (1965); «Дыууадæс цæфы, иу цæфы хуызæн» (1974; йæ дыккаг хай – 2009 аз), «Залты мит».

Романтæн сæ сæргæндтæ куыд алыхуызон сты, афтæ алыхуызон у сæ тематикæ дæр. Ирыстоны вазыгджын цардæй Нафи бирæ ахсджиаг фарстатыл æрдзырдта.

Роман «Фыдæлты туг»-ы сæйраг фарст у Хуссар Ирыстоны адæмы цард хæхты цъассыты нудæсæм æнусы райдианы. Роман фыст æрцыд историон цауты бындурыл, кæд дзы æрымысгæ цаутæ ис, уæддæр. Уынæм дзы адæмы хъизæмайраг цард, сæ тох царды бартыл, лæджы кад æмæ намысыл. Уыцы тохты сæ раздзæуæг уыдис чеселтаг легендарон Бега, йæ мыггаг Коцтæй.

Роман «Сырдоны цæссыгтæ»-йыл йæ рæстæджы бирæ ныхас цыдис. Чиныгкæсджытæм афтæ фæкаст, цыма Нафи Нарты кад æмæ номыл æрхæцыд дæлæмæ, Сырдоны та сæвæрдта Нарты сæргъы, Нартæн зондамонæгæй. Нафи уыцы хъуыдыйыл никуы сразы, йæ ныхас кæддæриддæр уыд: «Мæ роман дзурæг у нæ дуджы ахсджиаг цаутыл». Романы сюжет ахсджиаг кæй у, ууыл дзурæг у йæ дыккаг хай, кæцы мыхуыры рацыд Дзæуджыхъæуы 2008 азы.

Нафи у курдиатджын драматург дæр. Йæ пьесæтæ «Азау æмæ Таймураз», «Кæнæ сæрибар, кæнæ мæлæт», «Лирикон драмæ», «Бонвæрнон – сæууон стъалы» егъау бавæрд сты ирон драматургийы хæзнадонмæ. Кæд æппæт нæ, уæддæр сæ фылдæр хай, уæлдайдæр та «Азау æмæ Таймураз», æнтыстджынæй æвдыст цыдысты куыд Хуссар, афтæ Цæгат Ирыстоны драмон театрты сценæтыл, æмæ сын театрдзаутæ скодтой аккаг аргъ.

Джусойы-фырты сфæлдыстад денджыз у алы къабазы дæр. Уыдонæй иу – куырыхон зонадон куыст. Литературон къæбицæн иртасæг куынæ уа, уæд уыцы къæбиц уыдзæн æнæфсин къæбицы хуызæн.

Ирон литературæ райдыдта 1865 азæй, Мамсыраты Темырболаты æмдзæвгæ «Сагъæстæ»-йæ. Ирон литературæйы истори раиртасынил чи кусы, уыдонæн Нафи у сæ раздзæуæг, фæндаггæрдæг, фæндагамонæг. Рæстæггай быцæуаг фарстатæ дæр бирæ уыд нæ литературæйы историйы. Уыдон дæр рæстырдæм скъуыддзаг æрцыдысты Нафийы руаджы.

Æмæ кæй тыххæй æмæ цæй тыххæй нæ загъта Нафи йæ хъуыдытæ?! Цæстуарзон куыстытæ ныффыста Æгъуызаты Иуанейыл, Мамсыраты Темырболатыл, Хъаныхъуаты Иналыл, Хетæгкаты Къостайыл, Гæдиаты Секъа æмæ Цомахъыл, Коцойты Арсен æмæ Брытъиаты Елбыздыхъойыл, Нигер æмæ Токаты Алиханыл, Илас Æрнигоныл. Кæй ранымадтон, уыдоны фарсмæ ис ноджыдæр иу гуырахстджын чиныг «Ирон аив дзырды сæрвæлтау».

Хицæн монографиты æмрæнхъ Нафи бавнæлдта стырдæр æмæ гуырахстджындæр куыстмæ. Иунæгæй йын бантыст ныффыссын æмæ адæмы рæгъмæ рахæссын ирон литературæйы истори дыууæ томæй. Æвæдза, цас у иу лæгæн йæ бон, куы йæм уа хъару, зонд æмæ фæндон. Ирон литературæйы истори ныффыссынæн хъæуы æнæхъæн

зонадон-иртасæн институты архайд, Нафи та йæ бакуыста иунæгæй. Рæдыд нæ уыдзæн, куы зæгъæм: не ‘взаг æмæ нæ литературæйæн ис дыууæ фæтæджы: сæ иу – Абайты Васо, иунæгæй Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат цалдæр томæй чи сарæзта, иннæ та – Нафи, ирон литературæйы истори томгай чи рауагъта.

Нафи у хъомылгæнæг, зондамонæг кæстæртæн. Бирæ азты дæргъы каст лекцитæ литературæйы теори æмæ ирон литературæйы историйæ куыд Хуссар Ирыстоны, афтæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университетты. Нафи сарæзта ахуыргæнæн чингуытæ хистæр кары сывæллæттæн. Йæ руаджы ирон литературæйы рæзты фæндæгтимæ зонгæ уыдысты æмæ сты Мæскуыйы, Ленинграды, Киевы, Минскы, Астæуккаг Азийы, Цæгат Кавказы æмæ æндæр рæтты. Джусойы-фырты куыстытæй бирæтæ мыхуыры рацыдысты центрон газеттæ æмæ журналты, уæлдайдæр та журналтæ «Вопросы литературы», «Дружба народов», газеттæ «Литературная газета», «Литературная Россия» æмæ æнд.

Нафи рæстæджы æмæ дуджы цыд раст æмбæрста йæ удæгасæй. Уый у ирон адæмы стыр патриот, хæлардзинады фæндæгтæ аразæг, йæ адæм æмæ Ирыстоныл сагъæсгæнæг. Тынг цымыдисаг сты, фæстаг азты цы уацтæ ныффыста, уыдон: «Я пою безумству храбрых», «Национальная идея и антисоциализм», «Нужна ясность позиции», «Племенное существование и национальное развитие», «Кто вы, демократы Осетии?» Ацы уацты бæлвырдæй зыны, Нафи дуджы æрцæугæ цаутæ раст кæй æмбæрста, йæ риу чи хойы, уыдонæй бирæтæ гамхуды бын кæй сты, сæ бон зыгъуыммæ хъуыддæгтæй дарддæр рæстмæ саразын кæй ницы у.

Ирон литературæйы хæзнадон канд йæхи уацмыстæй не схъæздыг кодта Нафи. Хъæздыг æй кодта, æндæр æмæ æндæр нациты литературæйæ кæй тæлмац кодта, уыцы шедеврон уацмыстæй дæр. Пушкин, Лермонтов, Горький, Есенин, гуырдзиаг, сомихаг, Цæгат Кавказы цæрæг адæмты поэтты æмдзæвгæтæй цы ратæлмац кодта, уыдон нæ литературæйы удæвæрдау зынынц.

Джусойты Нафи бирæ æгъуыссæг æхсæвтæ арвыста йæ фыссæн сисимæ. Архайдта ууыл, цæмæй национ тых сырæза, райтынг уа, дæлдæр макæцы адæмæй лæууой нæ аивад, нæ литературæ, нæ культурæ.

Никуы уыдысты Нафийæ рох Ирыстоны кæстæр фæлтæр – сабитæ. Бирæ сæ уарзта, сæ рæвдауæг уыд, Ирыстоны скъолатæй бирæты уыдис, алы ран дæр сын фæцамыдта сæ хæстæ, æмбарын сын кодта, ирон цæмæй ирон у, лæджы бæрзонд кæй исы ахуырдзинад, зынаргъ ын сты ирондзинад, æгъдæуттæ æмæ æвзаг зонын. Нафи йæ уд хъардта: ирон лæг хъуамæ йе 'взаг зона.

Кæд сæрмагонд чингуытæ нæ раугъта Нафи сабитæн, уæддæр рæстæггай йе 'мдзæвгæты ссардта сабиты – рæзгæ фæлтæры ном.

Поэт буц æмæ сæрыстыр уыд скъоладзаутæй, Иры фидæнæй. Йæ алы фембæлды дæр уыдонæн зæрдæрухсæй арфæтæ кодта, цæмæй ирондзинад æмæ лæгдзинадæй æххæст уой, макуы суæлæхох уой сæ адæмыл, се 'взагыл, не 'гъдæуттыл.

Æмдзæвгæ «Скъоладзауты хæрзбоны зарæг»-ы автор зондамонджыты, хъомылгæнджыты кой нæ кæны. Поэт сывæллæттæн, рауагъдонтæн сæхи бафтыдта ныхасыл, æмæ дзурынц, цы ахуыры бонтæ арвыстой, уыдоныл: «Не скъола, ды азæй-азмæ / Махæн артдзæстау уыдтæ. / Ды æрвылрайсом нæ размæ / Мадау райдзастæй цыдтæ».

Фыццаг уал зæрдæбын арфæтæ кæнынц сæ ахуыргæнджытæ-хъомылгæнджытæн: «Хорзæй баззайут, уæ хæрзтыл / Макуы ма 'ркæнут фæсмон, / Махæн чи радта йæ зонд».

Рæзгæ фæлтæр, сабитæ дзы рох никуы уыдысты, цъус сыл кæй фыссы, сæ кой фагæй загъд кæй нæ 'рцыд, уый йæхæдæг дæр æмбæрста, æцæг ын йæхирдыгонау ссардта йæ аххосаг: «Нæ зонын сабитæн фыссын, / Фæлæ мæ зæры бон хъæзныг дæн! / Мæнæй ма, скодтой мæ фысым / Сæ цин, сæ хур боны цæссыгтæн!..»

Нæрæмон Нафи федта немыцаг фашизм. Ныр æм бахъардта Иры сабиты уавæр, ныр ракаст бæстон сабиты цардыуагмæ. Сабитæн фыст æмдзæвгæты циклæн радта ном «Уарзоны ныхæстæ». Йæ ныхас цы сабитыл у, уый дæр загъы: «Нæ кæрты сабитæн».

Поэт ам дæр арæхстджын у. Йе 'мдзæвгæты архайд нывæнды дедутæ, бабутæ æмæ сабитимæ. Ацы къордмæ поэт бахаста æмдзæвгæтæ: «Сандройы стихтæ», «Сабиты аргъау дедуйыл», «Чысыл лæппу Уырызмæгæн», «Фыстæг Буцимæ», «Дыууæ цæсты», «Хъарæг Уæрхæгыл».

Нафийы сфæлдыстадыл æмткæй куы рахæссай дæ цæст, уæд дзы хуры тынтау æрттивынц сабитæ, сæ хъомылады фæндæгтæ, сæ царды

дыркъуымтæ, се стыр рæсугъд бæллицтæ. Нафи æмæ сывæллæтты литературæ вазыгджын фарст у.

Фæсивæдæй национ аивадыл чи кусы, уыдон дæр дзы рох не сты. Цæгат Ирыстоны Къостайы номыл университетæн диссертацитæ бахъахъхъæнын фадат куы фæзынд, уæд Нафи бирæ балæггад кодта нæ аспиранттæн, арæх сын уыд официалон оппонент дæр. Къоста æмæ Елбыздыхъо поэзийы æмæ театры дуæрттæ байгом кодтой ирон адæмæн. Джусойы-фырт та нын зонадиртасæн къæбиц гом дæр бакодта æмæ дзы хæзнадон дæр сарæзта.

Ирыстонæн кад æмæ æгъдауы лæг, куырыхон зонды хицау, ирон поэзийы булæмæргъ, Ирыстоны разагъды лæг, нæ сæрхъуызой, нæ хъахъхъæнæг, нæ риссагдæр фарстатыл дзурæг – ахæм лæг уыд Нафи.

Фыссæг нæ мæлы, цæрдзæн нын Нафи уæдмæ, цалынмæ уа ирон чиныгкæсæг, цалынмæ йæ уарзон Ир дзурой æмæ хъахъхъæной нæ фыдæлты æвзаг æмæ æгъдæуттæ.

Нафийы аз æрмæст ирæтты аз нæу. Кавказæй райдайгæйæ, бирæ адæмтæ бæрæг кæндзысты Нафийы 100 азы бæрæгбон. Нафийы руаджы нæ цы адæмтæ базыдтой, уыдон сæхирдыгонау зæгъдзысты Нафийы лæджыхъæд æмæ диссаджы фæллæйтты тыххæй.

Рухс дзæнæты бад, Нафи. Æцæг ирон лæджы кадимæ фæцардтæ, æмæ нын сыгъзæрин талатæ суадзæд дæ ингæн. Йæ рæстæджы цы фидар ныхас загътай: «Кæд нал у стæхынæн мæ базыр, / Уæддæр мæ зæрдæ домы зарын», уый рох никуы уыдзæн дæ раттæг адæмæй.

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# ХЪУСУТ, ФÆСТАГÆТТÆ?! ХЪУСУТ НАФИМÆ!

Хæхты æгомыг æмæ мадзура ныры дугæй бирæ рагондæр у, уымæн æмæ хæхтæ, адæмимæ абаргæйæ, æнусондæр сты…

Фæлæ се 'нусон гакк æмæ ныхыфыстмæ сæ дæлвæччи цæрæг ирон адæм сæ хъус, Нафийы зындгонд роман «Фыдæлты туг» рухсмæ куы фæзынд, уæд тынгдæр æрдардтой…

Стыр фыссæг арты норст цæхæр схъауæгау басхъаудта уыцы æнусон тары æгомыг зæгъинæгты. Уæды онг сын цыма ничидæр сæ риссаг сагъæсмæ ныхъхъуыста, ничидæр сын се 'гомыг рыст банкъардта. Цыма сæ Нафи зæххон адæймаджы æвзагæй сдзурын кодта, æмæ ныр суагътой сæ уды тыппыртæ, байгом сæ бирæ дзуринæгты дзæкъулы æнусон æлхынцъбаст. Нафийы фæрцы бахъардта ныры дуджы фæлтæрмæ, æнусон хæхтæ се 'гомыг æмæ мадзура чырыны авд дуары кæуыл ныхгæдтой, уыцы историон зæгъинæгтыл сагъæс.

Ирон дзырдаивад æцæгæлон кæмæн нæу, уыцы чиныгкæсæджы хъусты æнусы æмбисæй фылдæр зæлынц Нафийы дзырдтæ: «Æгомыг сты хæхтæ. Зарын нæ зонынц, дзурын нæ зонынц. Æрмæст æнусты дæргъы хъусынц. Æрмæст æнусты дæргъы кæсынц дзагъырдзастæй… Нæ дзурынц – сæ хъуыр адæмы цæссыгæй æхгæд у. Цæссыг хæхты фæрстæй цыхцырджытæ ныллæууыд æмæ кæм суадон, кæм суары цъырттæй уайы дæлæмæ, кæмттæм. Хид, цæхджын хид ацыд денджызмæ æмæ фæйлауы æнæист æфхæрдау зæрдæйы, фæлæ туг, туг цы фæци? Хурмæ ахсгæ чи нæ кæны, ихы бын сæлгæ, мæры æмбигæ, уыцы туг, фыдæлты туг?..»

Афтæ райдайы, ирон литературæйы хæзнадоны зынаргъдæр хæзнатæн сæ иу – Нафийы «Фыдæлты туг». Рæсугъдæй, цинагæй ницы ис ацы дзырдты, фыссæджы зæрдæйы сагъæс сæ тæлфы æрмæстдæр. Незамантæй фæстæмæ нæ фыдæлты туджы æбæрæг сæфт фæндæгтыл сагъæс кæнгæйæ зæххон лæгæн йæ зæрдæйы рæбынæй чи стыдта, ахæм хъарæджы хуызæн сты. Фæлæ уæнгты иннæрдæм хизынц риссаг рыстæй, æнцой нын нæ дæттынц, æфтауынц нæ нæ ивгъуыд, нæ абон æмæ нæ сомбоны удмарæг сагъæсыл.

Ныфс æмæ нын зæрдæйы æхцондзинад цæмæй дæттынц, уый – æнæхъуаджы нæ фесæфт нæ фыдæлты туг. Нафийы хуызæн гуырдтæ кæй фæстагæттæн фæзынд, уыцы фыдæлтæ хъуамæ æнцад-æнцойæ улæфой се 'нусон дурæмыр дунейы, уымæн æмæ æнæхъуаджы нæ ныккалд сæ туг.

Уый – мах цæстæнгасæй, фæлæ Нафийы, авторы цæстæнгасмæ гæсгæ афтæ нæу. Махыл стырдæр хæс ис нæ фыдæлты раз, æндæрхуызон аргъ кæнын хъæуы фыдæлты тугæн, æндæрхуызон цæргæйæ нын у. Уый Нафийы, стыр лæг æмæ стыр фыссæджы æндонвидар позици у.

Æмæ иугæр Нафи махыл стыр хæс æвæры нæ фыдæлты раз, уæд хъуамæ нæхи хæсджыныл нымайæм уыдоны раз дæр æмæ Нафийæн йæхи раз дæр. Уымæн æмæ Нафи махæн нæ зонды рухс у, рухс фидæнмæ нын иууыл хуыздæр фæндагамонæг у. Йæхи загъдау, йæ сау сæрæй йæ урс сæрмæ цы фæндагыл фæцыд, уыцы фæндагыл æнусон фæд ныууагъта, æнусон ном.

Мах та æрмæст сæрыстыр хъуамæ ма уæм уыцы номæй, табу йын хъуамæ кæнæм. Нæ бон ын цы у хорзæй? Æрмæстдæр йæ амынд фæндагыл цæуын. Йæхицæн нæ кады, цыты митæ никуы бадомдта, уый бар ын никуы радта йæ хæдæфсарм, йæ уды уæздандзинад. Цы нæ домы, уый æрмæстдæр фыдæлты фарнæн аргъ кæнын, нæ фыдæлтæн аккаг фæстагæттæ уæвын.

Нафийæ арфдæр æмæ бæстондæр цæстæй нæ фысджытæй ничима ныккаст фыдæлты царды æрфытæм, фæлæ уымæн дæр кæронмæ сгæрст нæма сты, æнустæм дæр кæуыл нæ аххæсдзыстæм, фыдæлты уыцы сусæг æвæрæнтæ. Уартæ æнусы æмбисæй фылдæры размæ кæй загъта, уыдон дæр нын нырма актуалон сты, цыма сæ ныртæккæ зæгъы: «Зилын сæумæрайсом æнæкарст уыгæрдæнты. Мæнæ кæрдæджы хъусы уазал æрттывд кæны æртæхы гага. Уый кæд нæ фыдæлты цæссыгтæ сты?.. Зилын æрæгвæззæг хуссары хъæдты, æгæндæг пыхсбынты. Ацæргæ фæлладхуыз кæрдæгæй ферттивынц сыхсыйы цупæлттæ, дымгæдзагъд цъуйы гагатæ, æрсмыды фæрдгуытæ. Уый кæд нæ фыдæлты туджы æртæхтæ сты?.. Схъардтой зæххæй æмæ кæнынц æгомыг зарæг, фыргуыст æмæ фыдтохы зарæг, фыдæлты зарæг?»

Чи зоны, уыдон, æцæгæйдæр, нæ фыдæлты цæссыгтæ сты, æмæ

мах сæ уæлæ лæгæрдæм, нæ сæ уынæм, куырмы ‘фсон скодтам?.. Чи зоны, цыдæриддæр уынæртæ хъусæм, уыдон иууылдæр нæ фыдæлты зарæджы зæлтæ сты, æмæ нæ сæхицæн бахъырнын фæдомынц, фæлæ сæ мах нæ хъусæм, къуырмайы ‘фсон скодтам?..

Чи зоны, цас сты нæ «чи зоны»-тæ æмæ ноджы цас уаиккой, цас, Нафи нын нæ зондмæ рухс цырæгътæ куынæ дарид, куынæ нæ разæнгард кæнид алцæмæ дæр, уæд?..

Нафи йæ романы райдайæны фыдæлты дурæмыр хъæлæсæй арæх фæлхат кæны: «Хъусут, фæстагæттæ?!»

Æмæ хъуамæ хъусæм. Нæ фыдæлтæм дæр æмæ Нафимæ дæр. Нафи цыма махмæ незамантæй иууыл куырыхондæр минæвар у… Нафи нын куыд амыдта, афтæ куы цæрæм, фыдæлтæй нын абонмæ цы фæндæгтæ сныв кодта, уыдоныл куы цæуæм, уæд нын фæрæдийын, фæцудынæй тас нæу.

Æмæ хъусут Нафимæ, фæстагæттæ!..



Гæбæраты Юри, Нафи æмæ  Цæллагты Артур

*Жаннæ КУЛИЕВА,*
*филологон наукæты кандидат (Кæсæг-Балхъары Республикæ)*

# ТЫ МНЕ – БРАТ, ТЫ – ЛЮБИМЕЕ БРАТА…

Нафи Джусойты – это имя неразрывно связано с именем Кайсына Кулиева. В своей статье «Широкие горизонты» К. Кулиев привел такое четверостишье из стихотворения Нафи Джусойты «Мой горный край»: «За крепостными стенами, как предки, / Отсиживаться я не собираюсь, / Пусть осаждает жизнь меня упрямо, / Я не укроюсь за хребтами гор».

Эти строки, как говорил сам К. Кулиев, взволновали его, вошли в его душу. Он считал своего друга человеком большого мужества, стойкости, исключительной честности.

Первая же встреча Нафи Джусойты и Кайсына Кулиева переросла в большую многолетнюю дружбу. Нафи писал о Кайсыне Кулиеве, что «каждый, кто хоть раз встречался с ним на своем жизненном пути, неожиданно и радостно находил друга и брата, человека, чьи поступки и слова всегда подлинные, как ячменный хлеб на горском столе, непретенциозны и бесхитростны, как цветы на Зикарском перевале».

Нафи Джусойты оставался верным дружбе с Кайсыном Кулиевым до его последнего часа, помнит он своего друга и сейчас, хотя прошло 30 лет со дня его смерти. Только Нафи каждый год приезжает в этот день поклониться могиле друга. И мне радостно видеть его в Чегеме. Сразу воскресают в памяти те счастливые времена, когда папа был жив, когда мы могли общаться, смеяться – весело и беззаботно, не ведая о грядущих бедах и страданиях.

Когда я вижу Нафи, мне легче переносить неизбежность того, что отец никогда больше не выйдет мне навстречу из глубины своего сада, как это часто бывало, не скажет мне: «Здравствуй, Жаннычка, здравствуй, дочка», – так обычно по-своему произнося мое имя.

Само присутствие Нафи, его внимание, доброжелательность, его слова об ушедшем друге, полные любви и восхищения, притупляют боль потери и горечь воспоминаний.

Нет ничего удивительного в том, что Кайсын Кулиев относился

к Нафи с такой любовью и теплотой. Его нельзя не любить. В нем подкупает все: мудрость, глубина ума, цельность натуры, безграничное обаяние, высокое достоинство и неординарность личности.

С Нафи всегда интересно. Общение с ним приносит не только радость и обретение уверенности в том, что не все потеряно, когда в мире есть такие люди, как Нафи Джусойты. Понимаешь, что есть светлые умы, мудрецы, которые не только помогают по-новому взглянуть на многие жизненные явления, но и могут повлиять на разрешение трудных проблем, возникающих в людском сообщест-



Жаннæ Кулиева æмæ Нафи

ве, оказать содействие в обретении самого главного – мира и согласия.

Нафи Джусойты любим и уважаем не только друзьями, но и своим народом. Он является олицетворением его лучших качеств. Люди верят его словам, прислушиваются к его мнению. Многие идут к нему со своими бедами и заботами, и он никому не отказывает в помощи.

Яркий, незаурядный талант, широта эрудиции, большая внутренняя культура – все это позволяет говорить о Нафи Джусойты как о художнике редкого и подлинного дарования. Все его многогранное творчество пронизано большой правдой, новизной и искренностью чувств. Оно обогащает как мировую культуру, так и духовный мир каждого отдельного человека.

Свидетельством неподдельности таланта Нафи Джусойты является и то, что, как истинный художник, в жизни он прост и доступен, всегда остается самим собой, естественным и доброжелательным. Нафи Джусойты славен и почитаем и как человек, и как творец. И сегодня, когда ему 90, он все еще по-юношески изящен и строен. Его лицо, освещенное каким-то неведомым внутренним светом, – прекрасно. Пусть так будет всегда!

Милый Нафи! Спасибо тебе за любовь к Кайсыну Кулиеву, за преданность его памяти. Я благодарна тебе за те минуты, часы, годы радости, которые ты дарил моему отцу, общаясь с ним.

Ты достоин оказываемого тебе уважения, всеобщего признания и поклонения. Это благодарность тебе за щедрость, неуспокоенность твоего сердца. Ты из тех, к кому обращены такие слова Кайсына Кулиева: «Ты мне – брат, ты – любимее брата, / Если грудь твою давит и жжет / Боль за всех, кто ушел без возврата, / И тревога за всех, кто живет!»

Здоровья и плодотворного труда тебе на долгие годы, дорогой Нафи!

*Æрмæг фыст уыдис Нафийы 90 азы бонмæ*

*Геннадий АЛАМИА,*
*поэт, æхсæнадон æмæ политикон архайæг (Абхазы Республикæ)*

# ПРИШЕЛ, ЧТОБЫ ОСТАТЬСЯ

Он нашел время войти в мою жизнь и остаться там навсегда, а вот зайти в мой дом у него не хватало времени. Так было в последний приезд моего дорогого Нафи в Абхазию. Прощаясь у дома, он тогда сказал: «Встретимся ли мы с тобой, не знаю, но, впрочем, мы никогда и не расставались…» И это была правда. Встретились мы более полувека назад в Москве, в общежитии Литературного института, где одной дружной семьей жили тогда осетинская и абхазская группы студентов. Однокурсник мой, младший брат Нафи Таймураз, отличающийся от всех нас не только нартской внешностью, но и характером, не терпящим малейших отступлений от горского этикета, был поэтом изначально, и талант в его пылком сердце обещал больших поэтических высот в будущем.

А будущего этого не пришлось долго ждать. Уже с первых



Нафи æмæ Геннадий Аламиа

поэтических семинаров по Литинституту разнеслась весть о Таймуразе Хаджеты, как об истинном поэте. И, как ни странно, весть была благой в среде, где каждый мнил себя непревзойденным творцом. Нафи нашел нас здесь заклятыми друзьями и был, наверное, очень рад, что брат его обрел брата из Абхазии, которая была ему так дорога. Только по пути к себе можно обрести друга, который не даст разорваться кругу родства. Меня всегда восхищало то, что абхазы называют осетин «ауацс», созвучно своему самоназванию «аԥсуа». И то и другое – «люди души»! Сам Всевышний велел нашим народам жить душа в душу! Таймураз писал: «Куда глаза глядят, иду отныне, / иду туда, где братья заждались. / Давно я не бывал в родном краю – / иду к себе – в Абхазию мою». Я уже не помню, это было написано после того, как Таймураз побывал в Абхазии, или это было предчувствием поэта, которое никогда не обманет и сориентирует его во времени и пространстве. Другое дело, что не бывает пророков не только в отечестве, но и во времени своем. В стихотворении «Таймуразу Хаджеты» из цикла «Осетинская песня» я писал: «Поэт – дитя, / Ему горька обида, / Его обидит запросто любой: / «Смотри, смотри, / Он необычен с виду, / Смотри, / Он разговаривает сам с собой!» / Он бродит по горам / И где попало, / Он поутру гуляет вдоль реки, / Не одна живая тварь не пала, / Не пострадала от его руки. / В одном прохожем Пробуждает жалость, / Другой – спешит / В безделье обвинить, / Но кто из встречных знал, / Как сердце рвалось, / Как быстро истончалась / Нерва нить?..»

Мы с гордостью говорим о том, что Нафи Джусойты творчество многих абхазских поэтов сделал частью поэтического мира осетинского народа. Это не был перевод в привычном смысле. Великий Нафи с Богом данной гениальностью переложил бессмертные произведения Дмитрия Гулиа, Баграта Шинкуба и других абхазских поэтов на бесконечно близкую нам музыку осетинского языка. Это как древний способ общения наших предков языком костров на горных вершинах! Я долго не мог поверить, что с таких высот Нафи мог заметить мои стихи и посчитать их достойными переложения. Но это случилось, и цикл мой «Осетинская песня» появился сначала в журнале, а затем он вошел в сборник стихов того же названия, над которым потрудились наряду с Нафи другие мои друзья, осетинские поэты.

В 1992 году в Южной Осетии шли бои. Оставив гуманитарный груз

из Абхазии во Владикавказе, мы с председателем Народного Форума Абхазии Сергеем Шамба выехали на «разведку» для уточнения путей доставки продовольственной помощи воюющей Южной Осетии. Нас дальше Джавы не пустили, убедив, что грузинские села нам не проехать, а «дорога жизни» в обход еще не была готова.

Ночевали мы дома у нашего друга, большого осетинского патриота, известного общественного деятеля, историка Казбека Челехсаты. На следующий день случилось то, что не подлежало никакому объяснению без знакомства с сущностью Нафи Джусойты. До сих пор неизвестно, по какой дороге, но пришел он из Цхинвала в Джаву с рюкзаком за плечами, в котором принес значительную часть тиража в военных условиях изданного сборника моих стихов. Это был бесценный дар, это был беспримерный поступок уже немолодого человека! Мне оставалось только спросить себя: «А смог бы я?» Не знаю… не знаю… И на вопрос «чем я это заслужил?» не находил ответа. В одном я был уверен: то, что мне посчастливилось перевести «Ирон фандыр» Великого Коста Хетагурова, я должен благодарить Господа Бога, а не принимать признательность братьев как должное. А должен я прежде всего Нафи, ибо без помощи его мне не проникнуть было в неповторимый мир поэтического языка Коста. Когда после выступления на торжествах по случаю юбилея Коста Хетагурова в селе Нар в газетах написали, что я выучил осетинский язык, чтобы перевести «Ирон фандыр», я был смущен такой неправдой. А успокоил себя тем, что в этой неправде сущей правдой было то, что переводил я с классических подстрочников, выполненных Нафи Джусойты, которые давали мне полное ощущение знания осетинского языка.

В то же время очень обидно, что не все творчество Нафи Джусойты мне доступно именно из-за незнания языка – сокровищницы его мыслей и чувств. Такую обиду может испытывать только незадачливый альпинист, стоя у подножья непокорившейся вершины. Я восхищался природой ограненным драгоценным талантом поэта, писателя, публициста литературоведа, историка, политика и думал, не принижает ли он свою значимость дружбой со мной, относительно молодым поэтом. Мне казалось, что его удел – говорить со звездами его же величины из плеяды Народных Поэтов,

таких как Баграт Шинкуба, Кайсын Кулиев, Расул Гамзатов, Давид Кугультинов, Алим Кешоков, Исхак Машбаш. А он поступал, как и думал – по своему: с тех самых звездных высот освещал путь вслед идущим, снаряжая их знаниями о жизни и творчестве достойных сынов родного народа.

Десятки книг и монографий, вышедших из-под пера Нафи Джусойты – эта подробнейшая карта с обозначением имен поэтов и писателей Осетии, начиная с Великого Коста Хетагурова. Нафи жил и творил здесь и сейчас, понимая, что «завтра» могло и не наступить для человека смертного. Ушел на фронт в 1941 добровольцем в самом начале войны, не ожидая «завтрашнего» призыва. Вернулся в 1945, когда было необходимо тут же восстанавливать все, что было разрушено вчера, ибо исцеление истерзанных войной душ – это не то, что можно откладывать на завтра.

Говорят, что творческий человек должен держаться подальше от политики. Согласен. Если идет речь о политической борьбе за власть над людьми. Но где же должны быть талантливые писатели, художники, композиторы и прочий творческий люд в трагическое время, когда родной народ оказывается на краю пропасти? За письменным столом, у мольберта, за роялем? Именно талантливые люди, такие как Нафи Джусойты, оказывались и оказываются в первых рядах борцов за справедливость, в гуще политических событий, чтобы предотвратить исход народа в небытие…

Я слышал от Владислава Ардзинба слова глубокой признательности Нафи Джусойты за сотрудничество в годы их пребывания в Верховном Совете СССР, где они вместе участвовали в разработке новой концепции государственного строительства и межнациональных отношений, которая предусматривала равноправие всех народов СССР, независимо от их численности, что было необходимо для сохранения великой страны. Нафи, как солдат, с оружием в руках защитивший эту самую страну, и Владислав, как сын ветерана Великой Отечественной войны, рассматривая Победу как результат единства и сплоченности всего советского народа, понимали, что и в дальнейшем без равных прав народов не добиться чувства равной обязанности их перед общей Родиной. Политика разделять, чтобы властвовать, должна была уступить место политике объединять, чтобы здравствовать. Как мутная

вода, пройдя через семь камней, становится чистой и прозрачной, так и политика, которую принято называть грязной, благодаря уму и сердцу таких людей, как Нафи и Владислав, могла обнаружить совсем иные качества.

Вопреки стараниям здравомыслящих людей, страна была ввергнута в хаос. Одними из первых жертв разбушевавшейся на постсоветском пространстве стихии насилия стали Осетия и Абхазия. Пришло время оправдать слова о братстве наших народов на полях сражений. И это испытание было с честью выдержано. Еще раз было доказано, что наши народы не делятся на творцов истории и безучастных сказителей. Нас спасало то, что в час беды место воина пусто не оставалось. Так, ученому без воинского звания Владиславу Ардзинба пришлось организовать вооруженные силы и стать их Главнокомандующим. Я знал, что и места друзей и братьев не окажутся пустым! Еще больше в этом я убедился, заметив в глазах Нафи абхазскую грусть, когда в самом начале нашей войны он приехал в Абхазию и внес свои личные сбережения в помощь воюющему народу. Эту же грусть я видел в его глазах тогда в Джаве. Эта была осетинская грусть! Позже я понял, что эта была одна и та же грусть, вызванная общей болью за судьбы наших братских народов.

Предчувствуя беду, у меня выступили слезы, задрожали голос и руки, когда я в Цхинвале, на торжествах по случаю 90-летия, вручал моему дорогому другу Нафи Джусойты орден «Честь и Слава» от имени благодарного абхазского народа и руководства его родной Абхазии. Я вспомнил слова его у дома моего о встрече, которая не предполагает расставания. Этой памятью я и живу после того, как его не стало. И потому я желаю каждому осетину, абхазу сегодня и во веки веков встречать на своем жизненном пути таких друзей и братьев, как бессмертный Нафи…

*Раиса ДИДИГОВА,*
*Народный писатель Республики Ингушетия*

# ИСТИННОЕ ВЕЛИЧИЕ ЧЕЛОВЕКА

С Нафи Григорьевичем Джусойты я впервые встретилась на юбилейном вечере, посвященном памяти Кайсына Кулиева в связи с 95-летием со дня его рождения, состоявшемся в городе Нальчике в декабре 2012 года. Его выступление на этом вечере меня потрясло. Он излагал свои мысли удивительно просто и сдержанно, но в каждом его слове ощущалась какая-то неизъяснимая сила человеческого обаяния. Казалось, эти слова одно за другим открывали таинства непостижимой глубины его души, которая вмещала так много переживаний. Этот живой эмоциональный накал, который так тонко струился уже не только в словах, но и в глазах, полных слез, и во взгляде, устремившемся в такую близкую для Нафи даль безмолвия, и во всем его облике, невыразимо органично вписывался в мудрость его высказываний, проявляя всю красоту и гармонию его внутренней сущности.

Говоря о Кайсыне Кулиеве, Нафи вспоминал Чингиза Айтматова, Расула Гамзатова, Джемалдина Яндиева, Давида Кугультинова и других писателей – своих друзей, которые вместе с ним составляли ту прославленную могучую плеяду. Он говорил о них, как о родных братьях, с утратой которых невозможно смириться, и он продолжает общаться с ними, всегда присутствующими не только в его памяти, но и в его сердце.

Нельзя было без содрогания слушать, когда Нафи говорил об ощущении своей вины за то, что их уже нет, а он один, оставшийся из них, продолжает жить, успокаивая себя уверенностью в том, что Всевышний продлил его жизнь для того, чтобы он как можно больше успел рассказать живущим о величии его почивших друзей.

Слушая Нафи, я размышляла о его собственном величии. И как-то по-особому воспринималась истина о том, что все гениальное просто. Наверное… потому, что подлинно.

В антракте, когда мне довелось вместе с Вахой Хамхоевым, который был тогда председателем Правления Союза писателей Ингушетии, ли-

чно пообщаться с Нафи, он с упоением рассказывал нам различные истории братской дружбы с ингушскими коллегами по перу Джемалдином Яндиевым и Идрисом Базоркиным.

И лишь позже, общаясь с сестрой Нафи Клавдией Григорьевной, мы узнали, что он приехал на тот памятный юбилейный вечер, несмотря на тяжелое душевное и физическое состояние, вызванное кончиной накануне его супруги.

Он превозмог острую и неизбывную боль утраты, будучи не в силах предать память друга.

Не в этом ли состоит истинное величие Человека?!



Хасан Тхазеплов, Нафи, Раисæ Дидигова æмæ Ходы Камал

*НАФИ*

# УЫРЗÆЙЗЫЛД РÆНХЪЫТÆ

## ÆНÆНОМ ХЪЫНЦЪЫМ

Рæхджы ныңдзыг уыдзæн мæ зæрдæ,
Æмæ нымбæрздзæн мит мæ фæд.
Æмырæй хойдзысты сæ сæртæ
Мæрддзыгойау мæ дзырдтæ уæд.

Нæ лæгтæй чи уыдзæн хъынцъымыл,
Чи мардæн дæр кæндзæни хин:
Сæргуыбыр мадзура сым-сымыл
Нæ кæрты хъардзæни йæхи...

Мæ сау хотæ, æцæг, кæндзысты
Æнæнымд хъарджытæ сæрæй.
Цымæ сын чи кæндзæн сæ рыстыл
Зæрдиаг гъе-гъетæ хъæрæй?..

Уыдзысты иу афæдзмæ сарыл,
Ыстæй – мæлæтæй хистæр – Цард!
Æмæ та райгæ сисдзæн зарын
Нæ къонайы зымæгон арт.

Цæудзысты азтæ æмæ дугтæ,
Фæлæ, нæ дзыллæ кæд цæрой,
Хæсдзынæн уæд сæ артмæ сугтæ, –
Кæд сæ нæ рох кæнид мæ кой...

## ÆРХÆНДÆГ НЫХАС ДУНЕМÆ

Цы кæнон?.. Маст мæ риуы смал и,
Æмæ ныззарин, фæлæ рагъæй
Мæ зардæн чи бахъырна, ахæм
Мæнæн нæ уæзæгыл куы нал и...

Кæуин æмæ мæ хъыгтæ скалин,
Фæлæ мæ рыст зæрдæ цы къахон?..
Кæуин, фæлæ нæ зæххыл ахæм,
Мæ хъæрмæ чи нынниуа, нал и...

Цы кæнон, хорз адæм, мæ сæрæн, –
Нæ уарзын джидзæггаг цæрдтытæ.
Лæгау та иунæгæй фæцæрæн
Куы нæй уæлæуыл дæр, мæрдты дæр...

## САГЪÆС ÆМГАРЫЛ

*Мысын Булкъаты Михалы*

Лæг уыди Генджура, – нæрæмон:
Уæларв – цæргæс, дæлдендзыз – гай!
Фæлыгъд æфхæрд, хъыгтæй гæрæмæй
Мæрдтæм йæ фæлмæн уд тæргай...

Æмæ ма ныр цы ис нæ сарæй, –
Ныр ма йæ уарз, ныр ма йæм дзур,
Уæддæр йæ цæстыты цъæх тарæй
Мыггагмæ нал ыскæсдзæн хур...

## ИРОН ФÆСИВÆДЫ ЗАРÆГ

Мах – бæгъатыр аллонты фæдонтæ,
Мах – Ирыстоны суинаг фæлтæр.
Иры фидæны охыл нывондæн
Мах хæсдзыстæм нæ хъару, нæ сæр.

Мах нæ дзыллæйы дардзыстæм кадыл:
Куысты – зиууон, салдат та – хæстæн.
Мах нæ Ирыстон уарзæм нæ мадау,
Мах нæ Ирæй сæрыстыр ыстæм.

Хур нæм райсом æрвиты йæ арфæ,
Зæрдæ фесты нæ сонт риуты маргъ!

Мах ыстъалы ӕрхӕсдзыстӕм арвӕй –
Ирӕн фестдзӕн ӕнусон цырагъ!

## МӔ ИУНӔГ ЗАРӔГ

Мӕ сонт удыл нӕ хӕхты арв куы рацъӕх,
Мӕ удрӕбын куы смал йӕ рухс, йӕ ирд,
Уӕдӕй нырмӕ мӕ иунӕг зарӕг – а Зӕхх:
Ирон ныхас, Ирыстон ӕмӕ Ир!

## НЕ ‘ВЗАГ

Куыдфӕнды дзурӕм: уӕхӕн, ахӕм,
Уӕддӕр нӕ удлӕууӕн дӕ махӕн!
Дӕ алы дзырд – пылыстӕг рагъӕн
Нӕ уды ‘рхъис, нӕ туджы ‘ртахӕн!
Нӕ хъуыдыйы бӕрзонддӕр рагъыл
Ды – хуры цӕст! Кӕныс цырагъау
Нӕ дуне рухс! Фыдӕлты аргъау
Дӕ фарн нӕ сабитӕм хӕссы!
Дӕ фӕндаг хуры тынау даргъ у!
Куы цины цӕлхъ дӕ, куы – цӕссыг!..

## КӔНӔ – СӔРИБАР, КӔНӔ – МӔЛӔТ!

Сӕрибарӕй мӕлӕты ‘хсӕн цы ис,
Ӕмырӕй ууыл сау бон лӕг ысразы...
Ӕваст йӕ уд, йӕ зонды фарн ныцъцъист,
Йӕ къӕхтыл ма тыххӕй лӕууын фӕразы...

Ӕрбайрох дзы, лӕджы бӕрзонд ном циу;
Циу хуры фырт – нӕртон лӕджы нӕргӕ ном…
Уый нал зоны лӕгау хъыг ӕмӕ цин, –
Ӕвиппайд фестад комхӕлиу цӕрӕгой...

Сӕрибар амард!.. Ахсӕны цагъар
Уырдыг лӕууы гуыбыны хардзыл хъалтӕн...
Хуыцаумӕ ма дӕ тугтӕригъӕд хъар,
Уӕддӕр йӕ фырт, йӕ рафӕлдисон нал дӕ!..

Сæрибар нал ис... Сахъ фæдон – ыстæм...
Хæрамы цотæн туджы хъалон фидæм...
Цæрæм ма, фæлæ нæй бæрæг – цы стæм
Æмæ цы уыдзæн н‘ адæмæн йæ фидæн...

Мæнгарды армæй у сæрибар мард,
Æууæнкæй йæ ныууæй кодта гуыбындзæл,
Уæддæр нырма нæ ахуыссыд нæ арт,
Æмæ нæхи уæлахизмæ æууындзæм!

Сæрибары æнувыд фæдон – мах
Нæ састы сау бон батыдтам фыдохы:
Цæттæ – хæстхъом сæрибары гæнах,
Мæлгæ, уæд Нартау царды сæрыл тохы!

## СУСÆГ КУЫВД

Куывтой хæлæфæй хъæлдзæг фынгыл адæм
Сæ фыдæлтæн, сæ хæлæрттæн, сæхицæн,
Сæ устытæн, сæ сабитæн, сæ бадтæн...
Æз та куывтон æрхæндæгæй мæхицæн:

«Хуыцау, кæд дæм зæрдиаг ныхас хъуысы,
Кæд амонд дих у адæмыл, нымад,
Уæд гъеныр æз фыццаг уарзоны мысын,
Æмæ, Хуыцау, мæ хай дæр уымæн ратт!

Мæ зæрдæйыл йæ рæвдыдæй æрбабон,
Мæн тыххæй уый хъæстæ сындзытыл хатт,
Фæлæ йын æз нæ радтон иу мур амонд,
Æмæ, Хуыцау, мæ хай дæр уымæн ратт!

Мæн уый фæнды: кæм лæууа ‘мæ кæм цæуа,
Кæм уа йæ куыст, йæ цард æмæ йæ бадт,
Уым амондджын, зæрдæрæвдыд цы фæуа,
Æмæ, Хуыцау, мæ хай дæр уымæн ратт!

Тæрсын, мыййаг, йæ хорз зæрдæ куы рафта,
Куынæ йæ фæуа амондæй йæ рад,
Лæгъстæ дæр дын æз уымæн кæнын афтæ:
– О, Стыр Хуыцау, мæ хай дæр уымæн ратт!»

Кæм ис Хуыцау!.. Кæй уарзай, уымæн амонд
Куынæ раттай, уæд разындтæ фæлывд!..
Æз уымæн куы дæн афтæ ‘рхæндæг абон,
Зынгхуыст кæй у, æнæахъаз мæ куывд...

## НÆ ДÆН ЗÆРОНД!

Чызджытæ мыл акъуырынц сæ былтæ:
– Базæронд дæ æмæ ракур ус!
Диссаг нæу, – мæ бецыккæн йæ фылдæр
Хæсты бон æнафоны ысурс.

Гъе фæлæ нæ базæронд дæн удæй.
Не ‘ууæндут? Уæд иу фæлварæн ис:
Чи хоны йæхи мæнæй лæппудæр,
Уый мын байсæд фæтæны мæ уис!

* * *

Цы диссаг у, – куы дæ федтон фыццаг хатт,
Фæндыд ма мæ, куы алæууис мæ цуры...
Цыма цыдæр, ыстыр цыдæр нæ загътам
Кæрæдзийæн, æмæ хъæуы фæдзурын.

Цы диссаг у, – куы дæ федтон дыккаг хатт,
Уæд мæ быньтондæр нал фæндыд фæхицæн...
Мæ зæрдæ уыд тыгъд базырау парахат,
Æмæ уæд загътон «гъеныр, гъе!..» мæхицæн.

* * *

Цы баззайдзæн мæ номыл, цы?.. Нæ зонын.
Хæрзтæ – чысыл, дзæгъæлы дамтæ – бирæ...

Мæнг дзырд бæхджын у. Басхой йæ æфсонæн
Æмæ хъæуи-хъæу Иры зæххыл сира!..

Сæ амонд хорз, цы сæ фæнды, уый дзурæнт
Мæ зонгæтæ, мæ хæлæрттæ мæ фæстæ.
Æрмæст дæуæй дæн, ме ‘нæзонгæ, курæг,
Ды ма байхъус былыалгъæй ныхæстæм.

Æппæлдзысты мæ: уый нæ уыд æнувыд
Йæ хорз усыл!.. Уый бауарзта æррайау
Æндæр кæйдæр!.. Йæ зарджыты йæм кувы,
Мæрдтæй дæр ма йæ зæххон уарзт нæ сайы!..

Кæйдæр чызг ын йæ хин цæстыты рухсæн
Хæрдгæбыдау йæ сау зæрдæ ныббаста!..
Йæ мæстытæй дæр не схъыг и!.. Æдзух сæ
Йæ зæрдæйыл цыты ныуæстау хаста!..

Æнæзонгæ! Мыййаг дын ацы фаутæ
Куы хæсса исчи ме ‘взæр удæй хъастæн,
Уæд-иу ыл бауæнд, – уый æцæг уыд афтæ.
Уæд-иу ыл бауæнд, – афтæ уыди растдæр!

* * *

Мæ уд мын бон-зыдыка айсы,
Æхсæв æй тадзгæ-баргæ фиды…
Æмæ йæ зонын: хъару байсыст.
Цы бон мыл ис, уæддæр Нафи дæн
Æмæ мæ уис хæссын сындæггай.

* * *

Æз хорз зонын, цæуыл фæвæййы цард, —
Мæ зæронд уд нæ ирхæфсын ныфсытæй,
Фæлæ кæнын мæ салд къонайы арт
Хæрзиуæгæнхъæл фидæны æрцыдæй.

Æз хорз зонын, мæрдырох у мæ хай,
Фæлæ нæй къæм мæ намысыл мæ митæй,
Æмæ нæу аив амайын тыхæй
Адзалы раз нывыл мæсгуытæ митæй.

Цы дам?.. Нырма мæ арты уæлхъус дæн,
Цыдæртæ ма мæ ныгуылды бон кусын
Æмæ æмырæй зымæджы хъызтæн
Йæ ниуынмæ нæртон зæрондау хъусын…

## САГЪÆС

Лæг байрæзт, уæд йæ райгуырæн къæс-бæстæ
Тæрсау – фæззæг – йæ гагатæ æрцагъта…
Æмæ фæци ныгуылд хурау йæ рæстæг,
Йæ дзырд, йæ тох, йæ фыдæбон дæр – уæгъды.

Уый æрдзы фæтк у… Гъемæ йæ ныууадзæм,
Фæлæ куыд рæздзæн цард дунейыл дарддæр?..
Ысси лæгæн лæджы стигъын йæ хæцæн,
Хæрзгæнæг нæм – фыдгæнæгæй æгаддæр.

## МÆ ИР

Мæ Ир! Дæуыл дæ фырттæ зарынц рагæй,
Мæ зардыл дæр, мæ хорз мад, ма ‘вæр фау.
Куыд нæ цæуон дæ хъæууынгты дæр заргæ,
Мæ уд дæр дын куыд бакæнон æвгъау!

Мæ чысыл Ир! Мæ зæрдæ дын фæндагæн
Дæ фидæнмæ хæларæй дарын гом.
Цæрæнбонтæм мæ хæлар иубæстагæн
Фæдзæхсдзынæн мæ зарджыты дæ ном!

* * *

Æтт, салдат! Дæ сагъæссаг хъуыдытæ
Зарджыты нæ фæуыдзысты хыгъд,

Цалынмæ сывæллоны мылытæ
Авдæнмæ уой хæсты зынгæй сыгъд,

Цалынмæ фыдыбæстæйы амонд
Хъахъхъæнын салдат лæджы хъæуа,
Цалынмæ лæгæн йæ алы ‘рбабон
А дунейыл амондджын нæ уа,

Цалынмæ нæ хъæбулты, нæ фыртты
С‘ артдзæстæй хæстмæ цæуын хъæуа;
Цалынмæ фæстаг салдаты цыртыл
Хæстыты фæстаг бон фыст нæ уа!


[illegible]
[illegible] мæй, дам, сырдтон цыдау,
[illegible] борк'а гоп-гоп кæны...
Мæ зæрдæ мæ, сырдтон цыдау,
Сæргъыбырай гоп-гоп кæны...
Цы уыд кæмæ?.. Цы мæ бон уа?..
[illegible] къух [illegible] [illegible].
[illegible] рухс дæр, [illegible] [illegible],
Мæ [illegible] сырхæг цæуы...
[illegible]

Нафийы æмдзæвгæйы автограф

# НАФИЙЫ НОМЫЛ ПРЕМИ

Ирыстоны адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат, филологон наукæты доктор, профессор Джусойты Нафийы ном сæнусон кæнынил 2015 азы зæрдиагæй бацархайдтой не 'мзæххонтæ – Самарæйы кадджын гражданин, Самарæйы облæсты Адæмты цæдисы сæрдар Хуыгаты Ростик æмæ хæрзаудæн фонд «Амонд»-ы директор, зындгонд æхсæнадон æмæ политикон архайæг, публицист, поэт æмæ историк Челæхсаты Хъазбег. Уыдон Нафийы номыл национ литературон преми саразыны тыххæй фехъусын кодтой поэты 90 азы бæрæгбоны Хуссар Ирыстоны.

Премийы сæйраг нысан у, цæмæй ирон литературæйы фæзына ног нæмттæ, ног курдиæттæ, разæнгард кæна, Хуыцау курдиатæй кæй фæхайджын кодта, уыцы фæлтæрты сфæлдыстадон куыстмæ мадæлон æвзагыл. Фыццаг бынаты уæлахиздзау хорзæхджынгонд цæуы 200 мин сомæй, дыккаг бынаты уæлахиздзау – 150 мин сомæй, æртыккаг бынаты уæлахиздзау – 100 мин сомæй, уыимæ сæрмагонд дипломтæ æмæ Нафийы хуызистимæ майдантæй.

Абоны онг нæ республикæйы у фыццаг ахæм литературон преми, кæцы, кæй номыл у, уый йæхи цæстæй федта æмæ ма дзы æмархайæг дæр уыд. Афтæмæй Нафи йæхæдæг сарæзта уагæвæрд премийæн. Къамисы уæнгтæ сты Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссар хæйттæй. Нафийы номыл преми алы азты райстой:

2016 аз

1. Джыккайты Шамил; 2. Наниты Асиат; 3. Багаты Аврам.

2017 аз

1. Абайты Эдуард; 2. Кокойты Эльзæ; 3. Джыккайты Бэлæ.

2018 аз

1. Геннадий Аламиа (Абхазаг поэт, «Ирон Фæндыр» абхазаг æвзагмæ кæй ратæлмац кодта, уый тыххæй), 1. Джиоты-Чехойты Оля; 2. Хетæгкаты Оксанæ; 3. Хохойты Энвер.

2019 аз

1. Дыгъуызты Тенгиз; 2. Годжыцаты Нелли; 3. Баситы Залинæ.

2022 аз

1. Остъаты Алан; 2. Дыккаг бынат адих кодтой Бекъойты Майя æмæ Тъехты Валентин; 3. Æртыккаг бынат адих кодтой Бестауты Аланæ æмæ Габолаты Зауырбег.




конкурс





*НАФИ*

# ФÆНДЫРЫ ЦАГЪД

*Радзырд*

Дыууæ сылгоймаджы – чындз æмæ ходыгъд – бадынц хæдзары раз кæрты фæхсбандоныл æмæ сæ размæ æдзынæг кæсынц, ницы дзурынц. Фæллад сты, сæумæцъæхæй фæстæмæ ссивгæ кодтой фæтæны. Ныр изæрдалынгты æрцыдысты, хæдзары фале ададжы ныхсадтой сæ къухтæ, сæ цæсгæмттæ, сæ къæхтæ æмæ сбадтысты бандоны хъæбæрыл фæрсæй-фæрстæм, сæ фæллад уæнгтæ улæфынц изæры сатæгмæ. Кæцæйдæр фæлмæн уымæл уддзæф тæхæгау æркæны, буары тæвд айсы, рæуджыты азилы æмæ стæй суадоны сабыр уылæнау ацæуы дарддæр – раивы йæ æндæр уылæн...

Бадынц дыууæ фæллад сылгоймаджы. Зонынц æй, хæдзары куыстытæ уыдонмæ кæсынц, фæлæ фыр фæлладæй сыстынмæ дæр зивæг кæнынц. Æмæ чи зоны, цæуыл сагъæс кæнынц ацы æнтъыснæгæй?.. Чи зоны, æппындæр ницæуыл: сæ фаллад сын сæ хъуыды байста, æмæ уæззау уæнгтæ бæллынц æрмæст улæфынмæ. Цы бæрæг ис?.. Ницы дзурынц сæ дыууæ дæр, бадынц æнæсым, æнæзмæлгæ æмæ талынгмæ кæсынц тар æмæ дзагъырдзæстæй...

Фос раджы ʻрцыдысты сæрвæтæй æмæ кæрты хуыссынц, фыр æфсæстæй тыхулæфт кæнынц, сæ сынæр зивæгæй æууилынц. Дыууæ къæбылайы рабырыдысты сæ боны ʻмбæхсæнæй æмæ фæскæрт кæрдæгыл ратул-батул кæнынц изæры сатæджы. Чи сæ фæбынæй вæййы, уый зæрдæхцон хъыс-хъыс райдайы. Рæйгæ нæ кæнынц, сфæлмæцыдысты боны ʻнтæфæй уыдон дæр...

Чындз æрæджиау сыстад æмæ хæдзармæ бацыд. «Хъуццытæ дуцынмæ фæцæуы, æмæ йæм куы фæкæсин, – катай кæны ходыгъд, – фæлæ мæ ме уæнгтæ нæ хæссынц. Йæхæдæг дæр мын ницы загъта, æввæццæгæн мын тæригъæд кæны, ома æз ахуыргæнæг дæн, интеллигент, æмæ хъæууон куыстæн уыйбæрц на фæразын... Кæнæ та хъуыды кæны: мæ дзурын æм цæмæн хъæуы, йæхæдæг æй нæ зоны?.. Чи зоны, уый дæр хаты æмæ нымайы: хæдзар уый у, йæ сывæллæтты, мæнæн дзы ницы ис, балгъодзийы фыдæбонæй дарддæр... Уый – æфсин, æз – чызг, абон уа, сом, уæддæр хъуамæ искуыдæм атæхай, ам дын ницы ис... Ницы...»

Фестъæлфыд фæллад чызг: хъæуы бынмæ фæндаджы фæзилæнæй æрбазынд автобус, фарæтæй барухс кодта æгас хъæу, стæй фæзылд фæсвæндагмæ æмæ йæ рухсы тынтæ сарæзта фæндаджы асфальтмæ. Адæм рахызтысты æмæ машинæйы раз рухсы тын нывæндæгау кæнынц, цыма æхсæвы гæлæбутæ сты. Уалынмæ райхъуыст фæндыры цагъд. Хуымæтæджы ирон цагъд. Тымбыл кафты цагъд ивта хонгæ кафты мелоди – æндæр ницы. Фæлæ изæры æгуыппæджы афтæ аив фидыдта уыцы хуымæтæджы фæндыры хъæлæс, раст ын цыма йæ мыртæ ног фæсалы ныффæрсыгътой. Зæрдæйыл тыхстысты сабийæ фæстæмæ зонгæ цагъды хъæлæстæ æмæ йæ уынгæг кодтой.

Зыдта æнтъыснæг чызг, фæндагæй æрмæст иунæг фæндыры цагъд кæй хъуыст, фæлæ йæм уæддæр афтæ касти, цыма мин-мин фæндыры уасынц, цæгъдынц, зарынц, æрмæст уымæ нæ зынынц фæндырдзæгъдджытæ.

Сыстад чызг, цалдæр санчъехы ракодта кæрты дуары ‘рдæм бæгъæмвад, бæгъæмсарæй, стæй æрлæууыд æмæ та зарæджы уылæны аныгъуылд...

Мæнæ фæндыры цагъд хъуысы кæцæйдæр дæлдзæхæй, æмæ чызгæн йæ гом зæнгтæ дыз-дыз кæнынц, цыма йæ къахы бын хус мæры хъæбæр нæй, фæлæ заргæ сыджыт... Хъуысы фæндыры цагъд кæцæйдæр уæлæрвтæй, æмæ чызгæн йæ цæсгомы алы нуар дæр хъыдзы кæны, цыдæр æхцон хъæрмуст ын йæ хурхы сæртæ ацахсы æмæ йæ улæфын нал фæуадзы... Хъуысы фæндыры цагъд алырдыгæй, æмæ ризынц чызгæн йæ даргъ æнгуылдзтæ, мæнæ бæрзы лыстæг къалиуыл дзылы куы абада æмæ йæ базыртæ хи бауромынæн уигъæгау куы кæна, уыйау. Ризынц фæллад къухы æнгуылдзтæ, æмæ зæрдæ та уæлдай риуыгъд кæны хуымæтæджы фæндыры иударон цагъдмæ...

Ноджы ма цалдæр санчъехы ракодта чызг æмæ кæрты дуармæ бахæццæ. Хъуамæ йæ бакодтаид, фæлæ йæм цыма цыдæр фæсмон æрцыд, уыйау йæ иу къух дуарæхгæнæн цæгыл баззад, иннæ та – дуары ныхвæйнæгыл.

Цæгъды фæндыр. Хъуысынц «æрс-тох!», «æйтт-æйтт!», кæйдæр зарын.

«Цы Хуыцау сæ æрхаста ардæм?.. Сабатбон у, æмæ горæтæй æрбацыдаиккой улæфынмæ хæхтæм. Тæхудиаг не сты!.. Цæй гæппытæ

кæнынц!.. Æввæццæгæн, нуазгæ дæр акодтой... Чи зæгъид, æмæ уыцы кафаг лæг искуы чиновникæй кусы водхозы, лесхозы кæнæ æндæр исты къанторы?..»

Цæстытыл уайынц æндæр нывтæ, æндæр кафт... Хæсты размæ аз, скъолайы клуб. Сабатизæр. Кафынц хистæр кълæсты ахуыргæнинæгтæ æмæ ахуыргæнджытæ, стæй скъоламæ æввахс хъæуты ас фæсивæд. Кафы уый дæр Гацыримæ. Ныр фондз азы иумæ ахуыр кæнынц. Сæ сыхаг хъæуы лæпputæй у, рагæй йæ зоны, фæлæ йæм абон цыдæр æндæр цæстæй кæсы...

Бирæ фæкафыдысты æмæ, стæй изæрдалынгты сæхимæ куы цыдысты, уæд ын Гацыр иунæгæй цыдæр зæрдиаг ныхæстæ кодта... «Мæ боныл, цы адджын ныхæстæ уыдысты!.. Цыдæр къæмдзæстыгæй дзырдта, фæлæ йæ ныхæстæ зæрдæ рæвдыдтой... Мæ боныл, Гацыр, фæлтау куынæ ракафыдаис мемæ, фæлтау мын куы ницы загътаис!.. Чи зоны, дæуæн дæр æмæ мæнæн дæр хуыздæр уыдаид...»

Чызг æрчъицæгау кодта æмæ рахызт кæртæй. Йæ зæрдæйы бын тæлфыди иу хуымæтæджы фæндиаг – тæхуды, ныр уым фæндаджы хъæбæрыл акаф мæнæ афтæ – бæгъæмвадæй!.. Нæ бауæндыд: «Худинаг у. Хæрзаг ма зæгъой, ацы æнæзонгæ сылгоймаг ныл йæхи цы ныхасы... Нæй, уый гæнæн нæй...»

Кафынц фæндаджы хъæбæрыл, асфальты дæрзæгыл фарæты рухсмæ горæтаг адæм. Баулæфыдысты, бахъæлдзæг сты, тагъд никуыдæм кæнынц – сом дæр сын улæфты бон у – æмæ кафынц, æмæ зарынц...

*Уæд фос куыд уарзта,*
*Фæсал сын ласта*
*Йæ салд æрчъийæ, ей!..*

Нывæды зарæг кæйдæр цъæхснаг хъæлæс æмæ йын хъырнынц бæзджын хъæлæстæ фыццаг хæццæ-мæццæ, стæй – æмвæткæй...

«Мæ бон бакæла, куыд хорз зарыди Гацыр!.. Йæ сыгъдæг хъæлæсиу хъырнæг хъæлæсты сæрмæ цъиусурау стахт, сфардæг-иу арвы арфæнты, уыдон та-иу æнæхъæн къордæй йæ бынмæ зилахар кодтой – хæрдмæ, йæ цурмæ нæ уæндыдысты... Чи зоны-иу мæ цæстмæ афтæ хорз зарыд, фæлæ айдагъ йæ зардæн дæр даринаг уыди!..»

Чызг нал фехъуыста зарæджы дыккаг фæлтæры ныхæстæ, фæлæ

зæрдаивæй хаты, зарæджы кæрон кæй æрхæццæ æмæ ныр æнахуыр бæлццæттæ кæй зæгъдзысты «бæрзбызычъийæ, ей!»

Ноджы ма цалдæр къахдзæфы ракодта чызг æмæ стæй фæскæрт ададжы уæлбыл нæудзармыл йæхи æруагъта. Хъарм кæрдæг ныр чысыл фæуазал, фæуымæлдзæф, æмæ æхцон уыдис фæллад уæнгтæн уыцы уымæл æндæвд. Чызг йæ рахиз цонг сбыцæу кодта зæхмæ æмæ йыл йæ уæз ауагъта. Кæсы æмæ хъусы æнахуыр адæмы кафт æмæ зардмæ.

Кафынц, зарынц. Зарæг куы фæмынæг вæййы, уæд æрбайхъуысы «æрс-тох!» æмæ «æйтт-æйтт!» Дард сты, æмæ йæм афтæ зыны, цыма адæм нæ кафынц – цардæгас æндæргтæ, æмæ уыйадыл йæ цæсты раз сыстадысты æндæр дуг æмæ æндæр адæмы сурæттæ...

«Æй, тæхуды, уæд та сын фæндырæй ацæгъд!.. Уыцы рæстæгы хъал уыдтæн æз дæр!.. Æмæ бæллыдтæн, мæнæй хуыздæр куы ничи цæгъдид фæндырæй Иры зæххыл. Дунейы чызджытæй мæнæй рæсугъддæр æмæ хæрзарæхстдæр куы ничи уаид!.. Уый-иу, мæгуыр, афтæ фæкодта: «Се ‘ппæты дæр иунæг дæуыл нæ баивин, дæу аргъ не сты!»

Мæ сæр амæла, хæстмæ куы цыдысты, уæддæр ма сын тæккæ далæ уыцы ран хъазт сарæзтон... Æцæг дзы уæд асфальтвæндаг нæма уыд... Раст сæ цыма чындзхæссæг æрвыстон... Æмæ дзы иу дæр нал æрцыд... Хъырымы хæцæны, дам, байсæфтысты... Уастæн басудза мах тæригъæдæй...

Уыцы бон аскъуыддзаг мæ амонд... Фесты мæ кафæн бонтæ, бамыр мæ фæндыры хъæлæс... Æниу сæ цы кæнын, мæнæ зæронд ус куы дæн... Чи зоны, куы ‘рцыдаид, уæд мах дæр мæнæ ацы адæмимæ кафиккам, искуы горæты цæрæг бауыдаиккам. Нæ сабитæ стыртæ уаиккой ныр, æмæ мах æрыгонæй зæронды ‘хсæн цæуыл хъуамæ тыхсиккам?..

Дæ-дæ-дæй, æмæ мæнæ, ме ‘фсымæр æмæ мæ чындзау, мыййаг, къаты бонтыл куы фæцайдагъ уыдаиккам, бæрæгбон куы нал зыдтаиккам, уæд та?.. Дæ лæджы фарсмæ хуысс, сабитæ ар æмæ сæ хæсс... Иу куыст, иу ми, иу мætæй иннæмæ хъеллау кæн къæбæлыл бастау, къаты бонтæ æрвит, афтæмæй дыл цæуæд дæ цард... Нæ, кæд уымæй хуыздæр ницы ис бинонты царды, уæд уæгъды хъынцъым кæнын ме ‘намондыл...

Дæ рухс цæсгомы стæн, Гацыр, ахæм цардæй æз демæ дæр нæ бафæрæзтаин, сыстадаин æмæ искуыдæм æмæхсæвæджы мæ сæр фесæфтаин... Мæ иухатты амонд дæр мæ фарсæй фæуыдаид, сæнад мын уыдаид æмæ ма мæ ныгуылды бон цы мысыдаин хорзæн?..

Æцæг мæ нæ уырны, æз æмæ Гацыр афтæ раивтаиккам, уый... Æниу, цы нæ вæййы, азгъæлынц рагуалдзæджы дидинджытæ, æмæ бæгънæг къалиуыл æрзæбул вæййынц маст гагатæ... Нæ, уæд фæлтау мæнæ афтæ æнамондæй цæрын хуыздæр у... Искæй сабиты цæрайæ мæ зæрдæ рухс кæны, æмæ уый дæр амонд у, уæдæ циу...

Нæ, æз æмæ Гацыр нæ уыдаиккам ахæм, нæ уыдаиккам!.. Мах не 'рвылбоны фыдæбон æмæ хæдзары лыстæг митæ армæй нæ, зæрдæйæ ныббырстаиккам... Уый нæй, уæд дзы, иу кæм бакæнай, уым дыууæ фæзыны, чи сыл фæтых уыдзæн... Æмæ уæдмæ та цард фæвæййы...

Нæ, æз æмæ Гацыр æппæтыл дæр фæтых уыдаиккам!..

Æмæ хъуысы кæцæйдæр Гацыры зарæг фæсивæды хъазты... Йæ сыгъдæг бæрзонд хъæлæс æвæллайгæ ленк кæны къухæмдзæгъд æмæ хъырнæг хъæлæсты сæрмæ:

*Ракаф, лæппу, рæуæг-рæуæг,*
*Ой æмæ уæрæйдæ!..*
*Мæнæ сиахс рæуæд-рæуæд,*
*Ой æмæ уæрæйдæ!*

Мæнæ фехста йæ къухтæ хæрдмæ, цæргæс йæхи айнæджы былæй хъилбазырæй куы расхойы, уыйау æмæ ныззылди кафæн зиллаччы кæрæтты. Фæтынгдæр къухæмдзæгъд, хъуысынц ардауæн хъæртæ: «æрс-тох!», «æйтт-æйтт!».

Чызджы цæсты раз кæрæдзи тагъд-тагъд ивынц къухæмдзæгъд, фæндыры тæнты райвæз-байвæз, хъæлæсты рассæнд-бассæнд, кафæг фæсивæды цæсгæмтты фæзынд-фæтары, цæстыты тарæрттывд, дæндæгты урс-урсид уаццæгтæ... Нал зыны автобусы рухс, нал хъуысы фæндаджы хъæбæрæй адæмы æмдзæгъд, сæ зарын, сæ хъæр... Дард кæдæмдæр афардæг ацы талынг изæры ныв æмæ йæ бынаты балæууыд ивгъуыд бонты нымæг æндæрг.

Чызджы къух, зæхмæ быцæу къух бандзыг, æмæ йæ, раивон, куыд загъта, афтæ фæхатыд: фæндагыл, æцæгдæр, ничиуал ис, банцад фæн-

дыры цагъд, ахуыссыд фарæты рухс, автобус кæм уыд, уым ма баззад æрмæст бæзджын тар æмæ æдзæм æгуыппæгдзинад.

«Диссаг, куыд сабыр æхсæв у?.. Куыдзы рæйд дæр куы никуыцæй хъуысы... Уæлæ арвыл мæйы нарæг æхсырф, цыма йæ мæкъуылы фарсы басагъдæуыд, – фæлурсæй æмуырдыг лæууы. Стъалытæ зивæгæй тыбар-тыбур кæнынц, фæлæ сæ рухс нæ хæццæ кæны зæхмæ. Комы хъæлæсы ныццахсти бæзджын тар. Иу сыбыртт нæ хъуысы йæ хуылфæй... Талынг, сабыр æмæ æнтъыснæг нылвæстой зæрдæ æмæ йæ тæлфын нал уадзынц, удисæн тæпп-тæпп ма кæны цъиуы лæппынау тæвд боны...

– О-о-о, Сæлимæт! – хъуысы сабийы цъæхснаг хъæлæс лæппын уасæджы хъæлæсау.

«Уый Гагийы хъæлæс куы у, æрцыдысты фæтæнæй, æз та нырма нæууыл бадын, худинагæй бæстæ байдзаг... Чындз ныр, æвæццæгæн, йæ зылдтытæ фæци, æмæ йæм нæ фæкастæн... Зæрдæхудт дзы фæдæн...»

– О-о-о, Сæлимæт! Рацу хæдзармæ, талынг у!..

«Талынг у, дæ фæхъхъау фæуон, талынг... Саудалынг... Фæлæ цы кæнон? Кæмæн скæуон?..»

Сыстад Сæлимæт æмæ ададжы ‘рдæм араст. Цæугæ-цæуын йæ рахиз къухы уæлармæй йæ иу цæсты бын асæрфта, стæй амонæн æнгуылдзы къæдзæй асхъаудта иннæ цæсты бын æмæ афæнд кодта: мæ цæсгом ма иу æхсад скæнон, ныр ададжы дон уазалдæр уыдзæн...

Талынг. Æдзæм сабыр. Æнтъыснæгдзинад.

# СЫЗГЪÆРИН НÆМГУЫТÆ

*НАФИ*

✓ Мæн та фæнды, мæ сонт зæрдæ мыггагмæ
Ирыстоны куы баззаид мæ фæстæ.

✓ Фыццаг хæдон мын бахуыдта мæ мад,
Мæрддзаг хæдон мын бахуыйдзæн Ирыстон!

✓ Иры алы дур, алы къутæр
У æрдхордау мæнæн фысым.

✓ Ирон лæджы æууæрста дуг æфсирау,
Йæ хъæдгом-иу ын байсæрста цъæххосæй.

✓ Баззай Сæрибарыл тохы састы, –
Уымæй зындæр цы ис!

✓ Æтт, лæппутæ, цымæ, цы ис,
Сæрибары цардæй хуыздæр!

✓ Уæ ном, уæ зæхх-иу хъахъхъæнын фæразут,
Æрмæст, мæ хуртæ, хъахъхъæнут уæхи дæр!

✓ Мæнг дзырд бæхджын у. Басхой йæ æфсонæн,
Æмæ хъæуи-хъæу Иры зæххыл сира!

✓ Цыбыр бæндæн дзырдæй нæ кæны даргъ.

✓ Зын зарын нæу! Æцæг зын у, æфсымæр,
Æд дзуринæгтæ цавд дурау лæууын!

✓ А зæххыл Рæстдзинадæй
Ис æрмæст фæцæрæн!

✓ Цард фурдау у! Цæуы, тындзы æнустæм,
Йæ астæуыл тæбынæй рæттæ – мах.

✓ Тæхуды, ныр цæрæнбонтæм ныхасæй
Куы фæцæуин нæ адæмæн фыййауæй.

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*Æз кувын æрмæст Хуыцауы 'мсæр рæстдзинад, уарзондзинад, зонд, лæгдзинад, хæрзиуæг æмæ рæсугъддзинадæн*



Нафийы ныййарджытæ Григори æмæ София



Нафи 16-аздзыдæй барвæндонæй
ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ



Æвзонджы бонтæ







Йе ‘мгæрттимæ



Зæронд хидыл Цхинвалы



Къостайы цырты раз йе ‘мкусджытимæ



Бадынц (галиуæрдыгæй рахизæрдæм): Цоциты Резо, Гæззаты Лади, Джиоты Дауыт, Гафез, Санахъоты Уасо, Бекъойты Елиоз; лæууынц (галиуæрдыгæй рахизæрдæм): Дзугаты Георги, Асаты Реуаз, Галашвили М., Гаглойты Никъала, Плиты Илья, Дзадтиаты Георги, Нафи, Цхуырбаты Уасте, Гуыцмæзты Михал, Бестауты Гиуæрги



Æвзагиртасджыты къордимæ



Плиты Грисимæ



Лев Озеров æмæ Миколас Слуцкисимæ




Бицъоты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Хъодзаты Æхсар, Ходы Камал æмæ Лолаты Тотрадзимæ



Йæ хæстон æмбæлттимæ


http://cominf.org




















Налцыччы йæ хæлæрттимæ



Балхъайраг поэт Созаев Ахматимæ. Налцыкк



Отараты Хъазыбег, Хозиты Барис, Нафи, Уататы Зелим
æмæ Челæхсаты Хъазбег



Фембæлд кæстæртимæ



Хуыгаты Сергеимæ



Хъодзаты Æхсар æмæ Тъехты Тамерланимæ



Йæ 90 азы юбилейы



Нафи йæ номыл премийы лауреаттæ æмæ бындурæвæрджытимæ. 2016 аз


Донецкаг журналистимæ фембæлд



Йæ 90 азы юбилейы Хуссар Ирыстоны








А-зæххыл Рæстдзинадæй
Ис æрмæст фæцæрæн!-
Кæд лæг дæ,-лæгдзинадæй
Кад ыскæн дæ сæрæн!
* * *
На этом свете надобно
уметь
Достойно жить и
славно умереть.
Нафи.

# ХЪУАМÆ БАХЪАХЪХЪÆНÆМ НÆ ФЫДÆЛТЫ ХÆЗНА

*2015 азы Джусойты Нафи сбæрæг кодта йæ 90-æм азы юбилей. Уыцы бонты газет «Рахизфарсы цард»-ы редакторы хæдивæг Къудухты Бэлæ фембæлд фыссæгимæ, æмæ, се 'хсæн цы мидисджын ныхас рауад, уый ныммыхуыр кодта журнал «Чырыстон Ир». Абон æй хæссæм уæ размæ.*

**– Нафи, ды дæ, адæмæн уарзон чи у, уыцы фыссæг æмæ ахуыргонд. Цы бирæвæрсыг сфæлдыстад æмæ дын архайд ис, уым сæрмагондæй цы рахицæн кæнис?**

– Зæры бон æхцонæн мысын нæ хæлардзинад  æмæ нæ зæрдиаг ахаст ахæм курдиатджын фысджытæм: Гафез, Плиты Грис, Дзугаты Георги, Дзесты Куыдзæг, Ардасенты Хадзыбатыр, Букуылты Алыкси, Нартыхты Михал, Бестауты Геуæрги, Джыккайты Шамил, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Малиты Васо, Хъодзаты Æхсар.

Æз сæ афтæ бæрзонд æвæрын канд сæ аивадон хъомысы тыххæй нæ, фæлæ ма сæ адæймагон миниуджыты, сæ диссаджы удхъомысы тыххæй дæр. Мæ зæрдыл сæ дардзынæн мæ царды фæстаг сахаты онг. Не сфæлдыстадон æмгуыстад, не 'фсымæрон ахастдзинад мын абон дæр фылдæр кæнынц мæ тыхтæ ме 'рвылбоны царды. Мæнмæ гæсгæ, амондджын у æрмæстдæр уыцы адæймаг, æрдхæрдтæ чи агуры æмæ йæхæдæг дæр æмгарæн чи бæззы, чи сын зоны аргъ кæнын.

**– Ивгъуыд æнусы 90-æм азтæ Хуссар Ирыстоны кæд зын уыдысты, ног цардарæзтыл тох  цыдис,  уæддæр бахъахъхъæдтам нæ наукон-ахуырадон бындуртæ. Уыцы зын азты дæр наукон институты кусджытæн уыд æнтыстытæ. Мыхуыр кодтой бирæ ахадгæ уацтæ. Цы хуызы æфтыд уый уæ къухы ахæм уавæрты, зæгъæн ис, хæст кæм не 'нцад , стæй ма бирæ, зындгонд чи у, ахæм уæззау уавæрты?**

– XX æнусы фæстаг дæс азы æмæ XXl æнусы райдиан хуссарирыстойнæгтæн уыдысты стыр уæззау фæлварæн. Нæ Наукон-иртасæн институты кусджыты сæйраг сконды чи уыд уыцы рæстæг, уыдон равдыстой стыр фæразондзинад.  Наукон-иртасæн институтмæ мызд исынмæ нæ цыдысты, фæлæ, историон нысаниуæг кæмæн ис, уыцы

наукон бынтæ хъахъхъæнынмæ. Уыцы тыхст бонты дæр сæ зæрдæ нæ ивтой сæ куыстыл.

**– Куыд дæм кæсы нæ литературæйы дарддæры хъысмæт? Хъыгагæн, абон дæр уæз æнцайы хистæр кары фысджытыл. Нæ фæсивæдæй фыссынил чи архайы, уыдон хуыздæрæн равзарынц уырыссаг æвзаг. Цы бакæнын хъæуы, цæмæй фæива ацы зæрдæсæттæн фарста?**

– Ирон аивадон литературæйы дарддæры хъысмæт абон у зын рахатæн. Ирон интеллигенци æмæ æцæг хицæуттæ мадæлон æвзагæн йæ националон бартæ скъолатæм куынæ раздахой, æхсæнадон царды алы къабазмæ дæр, уæд цæй дарддæры хъысмæты кой кæнæм?!

**– Æрыгон фысджытæй кæй рахицæн кæнис?**

– Æз кæсын, иронау фыссынил чи архайы, уырыссаг æвзагыл чи фыссы, уыдоны уацмыстæ дæр, фæлæ дзы мæ бон сæрмагондæй никæй тыххæй у зæгъын.

**– Ирон национ скъола кæй байсæфтой, уый нæ мадæлон æвзагæн ссис стыр фæлварæн. Дæумæ гæсгæ, цы уавæры ис абон не 'взаг Хуссары æмæ Цæгаты дæр? Стæй цавæр мадзæлттæ райсын хъæуы йæ фæхуыздæр кæнынæн? Хуссар Ирыстонæн, куыд хæдбар паддзахадæн, йæ фадæттæ амонынц, цæмæй сæрмагондæй рауадза ахæм программæ, кæцы Ирыстоны фæбæрзонддæр кæна йæ национ-культурон идейætæ?**

– Ирон скъолайæн йæ бынæй рухс уадзын раджы райдыдтой, æмæ уый уыд уæды рæстæджы нæхи бынæттон хицæутты аххос дæр. Æмæ уыцы халæн куыст бынтон йæ тыхы бацыд Сталины дуджы фæстæ бæстæйы хицауады бардзырдæй, уæлдайдæр та ивгъуыд æнусы 60-æм азты райдианы. О, уый уыд сæрмагонд акци, цæмæй ассимиляци цыдаид æмæ уыимæ – æппæтцæдисон. Акци кодтой тыххæй чысыл адæмты астæу. Советон Цæдисы ахæм национ политикæ уæд фысджытæ нæ рахатыдтой, нæ зыдтой, нæ адæмы хæдбындурдзинадæн цас зиан æрхæсдзæн, цас фæкъахыр кæндзæн нæ удварн.

– Зындгонд фыссæг Расул Гамзатов ныффыста ахæм поэтикон рæнхъытæ: «Æмæ кæд ме 'взаг фесæфдзæнис райсом, Уæд абон æз мæлæтмæ дæн цæттæ!» Амæлын, уый æнæрхъуыдыдзинад у, фæлæ дарддæр архайын хъæуы ирон æвзаджы кад æмæ ахадындзинад ноджы фæбæрзонддæр кæнынил æхсæнады. Мах хъуамæ бахъахъхъæнæм нæ

фыдæлты хæзна – мадæлон æвзаг, уæм сæрыстыр нæ Ирыстонæй, не ’гъдæуттæй, нæ адæмæй, нæ культурæйæ, нæ литературæйæ.

**– Нафи, æвæццæгæн æй зоныс, ныртæккæ активон куыст кæй цæуы, цæмæй сæндидза фæстæмæ алайнаг-чырыстон Хуыцаумæкуывд нæ мадæлон æвзагыл. Куыд литературæиртасæг, фыссæг, тæлмацгæнæг, цы хъуыды кæныс ацы ногдзинады тыххæй? Куыд фæзындзæн ирон æвзагыл, нæ культурæйыл?**

– Аргъуанты Хуыцаумæкуывд цæмæй ирон æвзагыл уа, æз уый нымайын раст, ахсджиаг хъуыдыйыл. Ирыстоны рагæй фæстæмæ традицион сты пысылмон æмæ чырыстон динтæ. Ирон æвзагыл Хуыцаумæкуывд ма стыр ахъаз фæуыдзæн нæ мадæлон æвзаджы рæзтæн, стæй нæ нацийы фидæнæн дæр.

**– Нафи, дæ бон у ахæм программæ адæмы размæ рахæссын, кæцы стыр ахъаз фæуыдзæн ирон културæ бахъахъхъæнынæн не ‘хсæнады?**

– Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ бон у «Ирон культурæ бахъахъхъæнын», зæгъгæ, ахæм программæ бацæттæ кæнын, фæлæ хуыздæр уаид, ирон интеллигенци кæй равзæрста, уыцы специалисттæ йыл куы бакусиккой æмæ йæ адæмы уынаффæмæ куы рахæссиккой.

*НАФИ*

# ХОСДЗАУЫ САГЪÆСТÆ

*Уац*

Тылигом. Цæргæсы ахстонау хæхты ‘хсæн къуырф. Секъайы загъдау, ам кæддæр цард цæджджинагау æхсыст. Ныр хъæутæ æдзæрæгæй баззадысты, æрмæст ма цалдæр хæдзарæй фæздæг цæуы сæумæраджы. Фæлæ ма дзы иу лæг куы цæра, уæддæр хъуамæ йæ царды кой кæна – хуым кæна, хос кæрда, фос дара. Хохаг лæгæн æппæт дæр йæхимæ кæсы: дæ дзыхыл дын доны къус дæр ничи сдардзæн, дæхæдæг та карчы цъиуæй сæныччы хъусмæ хъуамæ алкæмæн дæр балæггад кæнай, алкæуыл дæр баузæлай. Ды – циардфæлдисæг, хъуамæ алцæуыл дæр æххæссай армæй дæр, удæй дæр. Уый – дæ царды нысан, дæ тызмæг хъысмæт, дæ ныви конд, дæ амонд æмæ де ‘намонд. Фæлдис цард, кус, араз, хъæц дæ зыныл дæр, дæ мастыл дæр. Цин дæм æрхауд, уæд та йæ аккаг у æмæ йæ хæсс фарны лæгау.

Зын у хæхты цæрын, фæлæ, хæхбæстæ йæ райгуырæн къуым кæмæн у, уый йæ никуы баивдзæн цыфæнды дзаджджын æмæ уæрæх быдырыл дæр. Уымæн йæ уд хæхты айнæг цыргъытыл æмæ цъæхсæр къуылдымтыл, тæрсхъæды пыхсбынтыл æмæ зæрныджы цæстау рæсуг суадæттыл ныхæст у мæлæты бонмæ, æмæ сæ никуы схицæн уыдзæн барвæндæй. Æнæбары сæ куы фæхицæн уа, уæд та сæ мысдзæн йæ фыццаг уарзонау, цалынмæ йæ зонды цырагъ нæ ахуысса, уæдмæ.

Тызмæг сты хæхтæ. Алкæй нæ уарзынц. Алчи сæ нæ уарзы. Фæлæ, кæй бауарзынц æмæ сæ чи бауарзы, уый та сæ йæхи никуыуал ратоны. Уый къæбæлыл баст бæхау зилы сæ къуылдымтыл, сæ кæмтты, удæй зилахар кæны сæ сæрмæ. Уый сын æнусон хæзнайау райсы сæ фарн æмæ йæ хæссы, æвæры æмæ аивдæр кæны йæ уды тыхæй, йæ зæрдæйы уарзондзинадæй.

Уæззау æмæ зынхæссæн у хæхты фарн. Фæлæ йæ фæразы æцæг лæг. Æвæры йæ æмæ йыл цин кæны цыкурайы фæрдыгау. Стæй йæ уды хъару куы байсысы, уæд уыцы фарн адæтты йæ кæстæртæм, нууыл стырдæр, æвæджиаудæр æмæ æвидигæдæр хæзнайау. Бирæ нал сты, хæхты фарн чи хæссы, уыдон. Хæрз чысыл ма дзы баззад сабитæ. Фæлæ ма дзы иу лæппу куы уа, уæддæр нæ фесæфдзæн хæхты фарн. Мæнæ Бадзыгаты уæзæгыл рæзы æнахъом лæппу Дзыбыртт. Нырма

йыл дæс азы цæуы, фæлæ, раст, Къоста «дæсаздзыд лæг у!» кæмæй загъта, уый хуызæн. Уæнгтæй – мытылхъарæзт, хохаг куыстмæ ныр дæр – арæхстджын. Кæсын йæ цæвæджы риуыгъд, йе уæнгты айстмæ, æмæ цинæй ризы мæ зæрдæ: ис нырма хохы чысыл лæппутæ, хæхты фарн фидæнмæ йæ фидар уæхсчытыл æмæ йæ фæлмæн зæрдæйы рæбын чи хæсдзæн, ахæмтæ!.. Уырны мæ, ахæм лæг кæй рацæудзæн Дзыбыртт, æмæ йæ зонын: нæ мæ сайы мæ зæрдæйы ныфс. Уый цины сæрæн фагæй уæлдайдæр у. Хæссын мæ уис, мæ цæст йæхи рæвдауы кæрдæджы цъæхæй, хæхты аивæй, кæрдæджы сыфтыл хуры тыбар-тыбурæй, мæ зæрдæйы рæбын та тæлфы зæронд лæджы цин – абоны хохаг сабитæ сæ лæджы кары куы бацæуой, уæд æцæг лæгтæ кæй уыдзысты, Иры хæхты фарнæй фæрныг кæй уыдзысты, уый ныфсæй ратæдзгæ цин. Мæхи цæстæй сын нал фендзынæн сæ лæджыхъæд, сæ фарны хъуыддæгтæ, фæлæ уый цы давы мæ ныфсы цур?.. Уырны мæ, уыдзæн æцæг ирон лæгтæ Иры хæхты, æмæ уый фаг у абоны цин æмæ зæрдæрухсæн.

* * *

Мæхи расайдтон хосгæрстмæ, кæд, зæгъын, мæ сагъæсты мигътæй фæиппæрд уаин иуцалдæр бонмæ уæддæр. Фыдæнхъæл фæдæн: нæй лæгæн йæхицæй, йæ зæрдæйы сагъæстæй искуыдæм алидзæн, хур боны ауунау йæ фæдыл зилынц, кæм цæуа, кæм бада, кæм куса, уым. Ныр мæнæ мæ уис хæссын сындæггай, зæронд лæгæй ма цæй хосдзау ис, фæлæ мæ сагъæстæ дæр мæ разæй сты, æмæ мæм алы кæрдæджы цъуппæй се ’рхуым цæстытæ æдзынæг кæсынц. Цы сын кæнон, зилæнт мæ фæдыл, мæ хъæрæй никуыдæм алидздзысты, дзуапп ссарын та сын мæ бон нæу, æмæ сæ нæй схицæн...

Ныр цыппæрæм аз Хуссар Иры аивады кусджытæ радгай згъæлынц. Хæсты азарæй зæрдæдзæф сты иууылдæр, æмæ дзы комкоммæ нæмыджы схъисæй чи нæ фæмард цæрынхъуаг Алешау, уыдон дæр æвиппайды æрхауынц, сдзырды бон сæ нал фæвæййы... Адæймаджы уæрццаджы зæрдæ алцæуыл дæр фæцахуыр вæййы. Æхсон дурау æм маст дæр нал фæхъары, фæлæ æмгæртты мæлæтыл сахуыр уæвæн нæй. Алы ног зиан дæр фыццаг хатт вæййы мæстæлгъæд зæрдæйæн... Мæнæ ацыд йæ мæрдон фæндагыл Таугазты Гаврил (Габо) дæр. Нæ театры фидыц, æцæг фарны лæг, хæхты фарн сабийæ фæстæмæ йæ туджы кæмæн уыд, йæ мады ’хсырау йе уæнгты кæмæн хъазыд, ахæм.

Иу бон раздæр уæнгрог æмæ куыстхъом лæг мемæ дзырдта, мысыд йæ райгуырæн ком Зыруг. Фæндыд æй уырдæм иу хатт ма уæддæр фæцæуын æмæ йæ рагбонты къахвæдтæ бабæрæг кæнын, Зыруггомы фæзилын. Нал ын бантыст... Иу бон æмæ иу æхсæвы фæстæ ацыд æнусон æмыры къахвæдыл...

Чи йæ раивдзæн – театры нæ, царды дæр? Раст зæгъынц: иу лæгæн дæр æндæрæй баивæн нæй, æцæг адæймаг куы уа, уæд. Габо та æцæг ирон лæг уыди – йæ удыхъæдæй, йе 'гъдауæй, йæ ныхасы уагæй æмæ йæ курдиатæй. Уый театры сценæмæ куы никуы рацыдаид, уæд-дæр аивады адæймаг уыдаид – йæ дзырдты аивдзинадæй, йæ зарæн хъæлæсæй, йæ уæздан æмæ арæхстджын кафтæй, йæ къах, йæ къухы айстæй. Куыд зарыди ирон хъайтарон зарджытæ! Хазбийы зарæг-иу куы systa, уæд, цыма Хазбийы цæфтæй, йæ бир-бирæ хъæдгæмт-тæй йæ зæрдæ хъарм кодта, йæ цæстытæ – тарытæ, уыйау уыди йæ хъæлæсы уаг. Йæ зæрдæйы рæбын хæрæмигъау бадтысты Ирыстоны æвидигæ цæссыгтæ, афтæмæй хаста йæ зарæджы фæлтæр...

Габо йæ дунеæнкъарынадæй романтик уыди, æмæ адæмон зарæджы романтикæ йæ удрæбын цард. Елбыздыхъойы драмæйы Хазбийы роль куы хъазыди, уæд æй Хазбийы хуызы бацæуын нæ хъуыди – Хазбийы уды фарн чысылæй фæстæмæ йæ зæрдæ æмæ йæ зонды уыди. Лæмбынæг æм чи касти, уый æнæмæнг фæхатыдаид – Габо хъазгæ нæ кодта, Хазби уымæн удыхъæдæй йæ халдих уыди, æмæ Хазбийы трагедион хъысмæт йæхи царды нывау уыди, Хазбийы уынгæг хæст йæхи хæст уыди. Габо-иу ацы ролы сценæмæ нæ рацыд, фæлæ йæ уды фыдæвзарæн батонынмæ, йæ фæстаг хæсты бон-иу арвыста уыцы изæр... Хазбийы фарн æй хъазын нæ уагъта, уынгæджы бон æй цæрын æмæ хæцын кодта...

Габо ацыд æмæ йемæ ахаста йæ диссаджы рæсугъд курдиат, фæлæ не 'хсæн хъуамæ баззайа йæ фарн. Фарн адæмæн иумæйаг у. Цыфæнды йæм бæлл, цыфæнды йæ фæдыл зил, уæддæр æй не ссардзынæ, дæ уды нывæй фарны аккаг куынæ уай, йæ хæсссын дæ бон куынæ уа, уæд. Нæ дæм æрцæудзæн æмæ дæ удрæбын ахстон не скæндзæн. Фарн сахы рæсугъдау æвзараг æмæ фауæвæраг у. Йæ зæрдæ кæуыл нæ дара, уымæ æвваахс нæ цæуы... Габо фæци уыцы амондджын лæгтæй, фарн йæхæдæг кæй равзæрста, йæхи къахæй кæмæ 'рцыд. Уырны мæ, Габо-йы фарн мæрдтæм йемæ нæ ацыд, ссардзæн æндæр ирон сабийы æмæ

уый уæнгты бацæудзæн, уый зæрдæйы скæндзæн йæ ног цæрæнуат! Уый – мæ ныфсы сæр, фæлæ уымæй зæрдæйы рис нæ тайы: мæнæн уыд уарзон æмæ хæлар адæймаг, стæй канд мæнæн нæ, чи йæ зыдта, уыдонæн сæ фылдæрæн, æмæ нал ис...

Адæймагæн йæ уарзон адæм, йе 'мгæрттæ йæ зæрдæйы тæгтæ сты. Уыдонып лæууы йæ уд йæ сау сæрæй йæ урс сæрмæ. Алы æмгары ацыдæй дæр лæгæн йæ зæрдæйы тæгтæй иу аскъуыйы, бастъæлы, æмæ лæджы уд иунæг, сидзæр æмæ мæгуырæй аззайы. Фæлæ йын хос нæй – хъуамæ дæ уис хæссай, цалынмæ дæ зæрдæйы фæстаг таг нæ атона, дæ уды цырагъ нæ ахуысса, уæдмæ... Хъæц, фæраз: уый – дæ иунæг хос æмæ дæ иунæг удлæууæн!

* * *

Æмгары ацыд зын уромæн у, фæлæ уымæй зындæр та, дæ адæмы кæстæртæ, дæ адæмы фидæн, йæ цардбæллон æмæ цардхъуаг суинæгтæ кæрæдзимæ сæ къух куы сисой, уæд уый у. Æмæ ныл æрцыд фыдæлты фыдæлгъыст, Хуыцау уæ кæрæдзийы туджы фæмæцын кæнæд, зæгъгæ! Цы ныл æрцыд, цæмæн, цæй æмæ кæй аххосæй æрхаудтам ахæм уавæрмæ, цæмæн систой нæ кæстæртæ кæрæдзимæ сæ къух? Нæ адæмыл бирæ фыдбылызтæ æрцыд, фæлæ дзы уымæй стырдæр трагеди иу дæр нæу. Знаджы ныхмæ тохы хæсты быдыры цы фæсивæд ацух ис цардæй, уыдонæй ныр æмбойны фылдæр куы фæхъуыд кæрæдзи ныхмæ хæсты, уæд ныл цæмæн æрцыд ахæм æмбисонд? Уый æрмæст фæсивæдæн сæхи аххос у? Нæ уаид ахæм хъуыды раст. Хуымæтæджы хылæй дарддæр нæ ацыдаид ахæм быцæу, уымæн æмæ стыр быцæуы аккаг хъуыддаг нæй се 'хсæн. Цæуыл у ахæм быцæу? Бынæттыл, хицауы æнæхайыры бынатыл кæнæ та материалон хæрзиуджытыл, мулчы фæдыл?.. Дыуузæ дæр хæцæнгарзæй, туджы аргъæй агургæ не сты, не сты уый аккаг!.. Фæсивæд хорз зонынц, се 'ппæт хицæуттæ кæй нæ уыдзысты, уый дæр, стæй се 'ппæт мулкджынтæ æмæ исджынтæ кæй нæ уыдзысты, уый дæр. Уæдæ ма цæуыл равзæрд се 'хсæн хæрамы нысан? Куыдфæнды йæ нымай, уæддæр иу æнкъард хъуыдымæ нæй æнæ 'рцæугæ: чидæр хицауы бынат агуры искæй туджы аргъæй, кæмæндæр пайдайы хос у искæй тугмондаг хæрам, æмæ ардауы фæсивæды кæрæдзийыл... Уый та адæмæн стыр æнамонды хъуыддаг у.

Уый амоны хуымæтæджы трагедион хабар: ферох нæ фæсивæдæй æмæ сæ разамонджытæй нæ тохы стыр нысан – адæм æмæ сæ рай-

гуырæн къуымы сæрибар. Ферох æмæ фæивддзаг хицаудзинад æмæ мулк ссарыны нысæнттæй. Ахæм уавæры та райдайы, Цомахъы загъдау, рох бæсты хъарæг, рох адæм æмæ рох сæрибары æнусон сар æмæ додой. Цы ма баззад уæд адæмæн, цы ныфсæй ма хъуамæ цæуой сæ къæхтыл? Иугæр кæйдæр зонд æмæ зæрдæйы хæдбардзинады æрвон нысæнттæ фæивддзаг сты царды æрвылбоны фынгæй стырдæр хай ратоныны нысæнттæй, уæд адæймаджы бæрзондмæ тырнæг зондæн бынат нал ис. Уæд чидæртæ фынгмæ, цард æмæ адæмы фынгмæ исты æрхæссынмæ дæр нал лæууынц, цы чысыл цыдæртæ ма нæм аззад, уыдон къæбицæй скъæфынмæ фесты. Цæй тох æмæ ма цæй цыдæр! Уæд адæймаджы зонды цардæн йæ иунæг нысан сси æхца, мулк, хицауы къæлæтджын æмæ æппæт дæр нымад цæуы æхцайæ, материалон хæрзиуджытæй. Уæд адæймаг æмæ адæмы бæрзонд ном, уды сæрибар, зонд æмæ зæрдæйы хорз ницыуал давынц, сæ барæн сси æхца, æмæ адæймаг нал ис, амард, бастъæлд! Уæд адæм æмæ адæймагыл кæуын хъæуы, æндæр ницыуал ис а дунейы, зæрдæ цæуыл фæлæууа, ахæмæй!..

Ныртæккæ уыцы зонд кæй биноныг кæны нæ чысыл æхсæнады, уый бæрæг у. Исты саразын, сфæлдисын зонд æмæ цонджы тыхæй, – уый никæйуал æндавы иу стæмтæй дарддæр. Иууыл – базар æмæ базар, асламæй балхæн, зынаргъыл ауæй кæн! Иууыл – æрмæст æхцайы кой, хæдтулгæйы кой, милуанты кой... Стыр базайрæгтæ ссарын æмæ, ауæй кæнын кæй бон нæу, уый та лыстæг базарыл ныххæцыд: алы уынджы дæр чысыл киосктæ, æмæ сæ хуыккæмттæй ракæс-ракæс кæнынц кæстæр фæсивæд, фылдæр та – æвзонг чызджытæ.

Цы хуызæн адæймаг уыдзæн, ахæм хуыккомы йæ царды æрыгон бонтæ чи батона, уый? Йæ царды хуыздæр афон уæй æмæ сайыны хъуыддагыл чи бахардз кæна, йæ цæсты æхца иууыл стырдæр хæзна кæмæн уа, уый цы хуызæн лæг уыдзæн? Мыййаг, йæхæдæг дæр уæййаг куы суа, уымæй тас нæу? Науæд цы зондыл хъуамæ бафтауа уый йæ фидæны сабиты та?

Æниу, цæй зонды кой кæнын? Фæсивæды исты рæсугъд, лæджы аккаг зондыл куы 'фтыдтаиккам ныры онг дæр, уæд ахæм фыдбылызтæ нæдæр æрцыдаиккой. Фæлæ нæ хъусæггаг зондæй цæрæг демократтæм æрмæст иунæг зонд ис – фæллой, мулк æмæ материалон хæрзиуджыты культ. Мулк кæмæ фылдæр ис, уый – лæгдæр! Сæ иууыл стырдæр зонды дзырд та уый фæвæййы: афон у, сахуыр ут хъæздыг лæгæн аргъ

кæнын æмæ цыт кæнын! Цымæ, уæд цæй тыххæй? Кæм басгуыхт? Æхсæны фæллой фæдавын æмæ уымæй дæхицæн æхцайы гуппар скæнын сгуыхтдзинад у? Æви куыд нымайгæ у адæймаджы сгуыхтдзинад, аргъ æмæ цыт кæй тыххæй фæкæнынц адæймагæн, уый?

Мулчы культæй дарддæр ма нæ фæлвых демократтæм ис ноджы иу кадавар зонд – чырыстон дины культ. Фæлæ дин дæр хъусæггагæй зонынц. Уый нæй, уæд зоникхой, Чырысти йæ сæр æфсымæрдзинад æмæ æхсæндзарды рæстдзинады тыххæй кæй радта мæлæтмæ. Базаргæнджыты та аргъуанæй кæй фæсырдта, уыдонæн дин дæр сайыны, уæй æмæ æлхæныны фæрæз кæй сси, уый тыххæй. Фæлæ диныл дæр сæхи уымæн ныццавтой, цæмæй æхцайы культæн исты идейон уæлæфтау ссардтаиккой.

Уый нæй, уæд æхцайы культ абон æмæ зноны фæзынд нæу; адæм æй хорз зонынц, рагæй фæстæмæ ахæм культ адæмы кæрæдзи мидæг кæй кæны, социалон дихдзинады сæр кæй у, æмæ йæ къæдзилыл тыхми æмæ тугкалд баст кæй ис. Хъæздыг лæг æмæ мæгуыр лæгæн сæ фæндаг иу кæй нæу, уый зарæджы сæйраг уыди ирон адæмæн, æмæ сæ уыцы зондæй ничи фæиппæрд кæндзæн, хъæздыг лæгæн цыт кæнын сын ничи бацамондзæн, чырыстон дины амынд куы хоной ахæм зонд, уæддæр.

Раст у, адæм сæ фыр тыхстæй динмæ, стæй мæнгуырнынадмæ дæр сæхи æппарынц исты ныфсы зонд ссарыны охыл. Фæлæ уый дæр, адæмы демократ сæрхъуызойтæм иу рæстмæйаг идеал дæр кæй нæй, уый аххос у. Уырыс цæйау акæнынц, доны кæсаг куынæ вæййы, уæд уытъыры дæр кæсаджы бæсты цæуы! Гъе æмæ ардауынц дины зондыл, уыцы зонд цавæр у, уый рæстмæ зонгæ дæр нæ кæнынц, афтæмæй. Хуымæтæг, рæуæууæнк адæм та дзы хæссынц уыцы мæнг пропагандæйæ иунæг кадавар зонд: æхсæндзарды пассивондзинады зонд – кув Хуыцаумæ, хъар æм дæ тæригъæдтæ, æмæ дын Уый сæххæст кæндзæн дæ зæрдæйы хæрзвæндиæгтæ! Дæхи аразын ницы хъæуы, æрмæст кув æмæ æууæнд! Чырыстон динæл ныр дыууæ мин азы кæй цæуы, чырыстон адæм ссæдз æнусы дæргъы кæй кувынц æмæ æууæндынц, фæлæ уæддæр абоны онг дæр сæ цардæн сæрфат кæй нæма ис, уый зæгъæг сын нæй. Стæй канд ууыл дæр нæ фæуд кæны нæ чырыстон дины пропагандистты зондамынд. Ныр æртæ азы цы дывыдоны арты судзæм, ууыл сæм куы ‘рхауы дзырд, уæд дæр сæ

зонд банцайы хуымæтæджы провокацион нымадыл: гуырдзыйы экстремисттæ нæ сахар сармадзаны нæмыгæй куы сыгътой æмæ хæлдтой, нæ адæмы нын куы цагътой, уæд сыл мах дæр бæмбæджытæ не 'хстам! Иу дзырдæй, мах дæр аххосджын стæм: лæгмарæг æмæ йæ амæттаг Хуыцауы дины раз иу тæразыл æвæрд сты, æмхуызон тæригъæдджын сты! Цы ма ис ахæм зонд пропагандæ кæнынæй фыддæр? Фæлæ нæ чырыстон демократтæ ууыл дæр разы сты, æндæр зонд, æндæр идеалтæ сын ничи бацамыдта, сæхи сæрæй та хъуыдыхъом не сты æмæ цы кæной?.. Фыдзонд æмæ фыдæгъдау сæм зонд æмæ æгъдауы хорзыл нымад цæуынц; иугæр сын сæ ных бакъуырæг нæй, уæд адæмы æфтауынц æдылыбегау æхсæндзарды пассивондзинад æмæ цагъардзинады зондыл. Сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, хъæздыг æмæ мæгуыр, тыхгæнæг æмæ тых кæмæ хастæуы, уыдон æфсымæртæ кæй никуы уыдзысты, уыцы хуымæтæджы зонд. Афтæмæй сæхи адæмы фæтæг æмæ сæрбос æнхъæл сты...

Иу дзырдæй, æдзæрæг хъæуы рувас æлдар, зæгъгæ, уыцы æмбисонд ныл цæуын райдыдта, æмæ йын исты хос скæнын хъæуы. Афон у, чи зоны, байрæджы, фæлæ уæддæр... Науæд никуы сцух уыдзыстæм нæ фыдбылызтæй, знаг нын цы нæ ракодта æргом тых хæссынæй, уый нæхæдæг нæхицæн ракæндзыстæм æмæ не знæгты фæндиаг кæнæм.

* * *

Нæ сыгъд-уырыд зæххыл, нæ тыхст æмæ дывыдон æхсæндзарды сагъæссаг хъуыддæгтæ бирæ ис, фæлæ цæуылфæнды ма уа дæ сагъæс, уæддæр иу фарстмæ æрцæуы лæг, баст бæх фæстагмæ къæбæлмæ куыд æрцæуы, уыйау. Ома нæ уавæр не 'ппæт дæр зонæм, фæлæ дзы куыд фервæзæм, куыд дзы сцух уæм, уымæн ницы амал ис? Афтæ мæм кæсы, æмæ æвдадзы хосау иу уысммæ, иу бонмæ нæ фыдуавæры азар чи айсид, ахæм амал нæй. Фæлæ уавæрыл рæстырдæм чи сауддзæн, ахæм амал мæм кæсы, фыццаджыдæр, иудзинад: иудзинад адæмы æхсæн, иудзинад фæсивæды æхсæн, иудзинад, хицауы бæрн кæуыл бафтыдтам, уыцы адæмы æхсæн. Уыцы иудзинад куынæ сифтонг кæнæм, уæд ныл, Къоста цæмæй тарст ирон адæмæн, уый æрцæудзæн рæхджы:

*«Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ, –*
*Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд...»*

Афтæ мæм кæсы, æрмæст уыцы иудзинад дæр фаг нæу уавæр дзæвгар фæхуыздæр кæнынæн. Æнæмæнг ма хъæуы фæлдисæн куыст сног кæнын, сæндидзын кæнын. Ныр æртæ азы адæм куыстыл нал сты. Фехæлдысты куыстуæттæ. Кæй аххосæй, уый æвзарын дæр нæу ныртæккæ иууыл ахсджиагдæр. Уымæн дæр йæ рæстæг æрцæудзæн, æмæ йæ равзардзыстæм. Фæлæ уал кусын райдайæм. Курæггагæй ис цалдæр боны кæнæ цалдæр азы фæцæрæн, фæлæ цæрæнбонты мæгуыргур цæуой адæм, уый гæнæн нæй. Уæд сæфтмæ цæуынц адæм дæр æмæ сæ цард дæр.

Нæ дарæг нæ кусæг къухтæ уыдысты æнусты дæргъы, æмæ уымæн фæивæн нæй. Нæ хицæуттæй адæм æнхъæл сты иу хæрзиуæг. Нæ фабриктæ, заводтæ æмæ нæ зæххы куыст сорганизаци æмæ сифтонг кæнын, кæд цыфæнды зын у, уæддæр. Науæд нæ хæдзæртты ницыуал ис, фæлæ рæхджы базары дæр ницыуал уыдзæн уæййаг æмæ æлхæнинаг. Æхца фæллой нæ кæны, æхца фæллой æмæ материалон хæрзиуæджы символикон барæн у, исты саразын, сфæлдисыны тых æм нæй. Нæ сæудæджертæ дæр уый хъуамæ нымайой. Искуыцæй исты æрдавын æмæ уымæй абазар кæнынæй сæудæджер дæр бынтæ не скæндзæн, дунейы элитæйы сæрты нæ акæсдзæн. Нæхи зæххыл куы ницы уа, уæд ницыйæ исты нæ цæуы. Хъуыды кæнын æрхуым зæрдæйæ нæ уавæрыл æмæ, нæ абоны иууыл ахсджиагдæр хъуыддагæн цы бакæнын хъæуы, ууыл, æмæ мæ удрæбын змæлынц хуымæтæджы стихамад ныхæстæ. Чи зоны, стыр ныфсы ныхæстæ не сты, фæлæ сæ уæддæр цы ‘мбæхсон? Мадзурайæ лæууын дæр зонды гакк никуы уыди æмæ ныр дæр нæу.

*Цы хъæуы абон Иры?.. Кусын!*
*Фæразын тыхст æмæ зыны,*
*Кæрæдзийы рыст удмæ хъусын,*
*Нæ сусæг цæссыгтæ уынын.*
*Цы хъæуы Иры абон? Кусын!*
*Нæ зын æрми-æрми хæссын.*
*Нæ мæгуыр къæбицы, нæ мусы*
*Рæстаг, хæдзардзин лæг – фысым.*
*Цы хъæуы абон Иры? Кусын!*
*Ныууадзын митингты гуыв-гуыв,*

*Цæмæй, нæ Цæгат уа, нæ Хуссар,*
*Ысуой æмдзырд æмæ æмгуывд.*
*Цы ма хъæуы æндæр та?.. Кусын!*
*Ысуадзын Фидæны мæсыг,*
*Нæ сидзæр сабитæн сæ русæй*
*Æрсæрфын тугамæст цæссыг...*
*Цы хъæуы нoджы Иры? Кусын!*
*Фыргуыстæй бадомын нæ рис...*
*Æллæх! Фæйнæрдыгæй цы хъусын –*
*Фыдвæтк, фырдзырд æмæ хъыллист!..*
*Нæ адæмыл нæтæг, хъæрзæгæй*
*Æвдисы хины сырд йæхи, –*
*Цыма нын рантысти хæрзæгæй,*
*Цыма йын не 'мбарæм йæ хин!..*
*Æлвæстæфсæр!.. Ыскъæры дзугтæй*
*Фæлывд дзырд – мулкагур, мæнгард!..*
*Æмæ нæ туджы 'рхъистæй сугтау*
*Кæны йæхи гуылы бын арт!..*
*Уæ, Ир! Ды бадт зондæй фæрнджын дæ,*
*Дæ хъус фæлывд дзурджытæм дар,*
*Æмæ куы фæхауой фæрчытæ,*
*Уæддæр сæм макуы ратт дæ бар!*
*Нывæнд дæ царды рад хæдбарæй,*
*Дæ цæфтыл хъæц, ysом дæ рис;*
*Æрцог уа, мидбæстаг, – æлдарæй*
*Дæ барвæнд тигъджын дурæй хиз!*
*Æнкъуысы зæхх, уæд, зулкъ уа, хилæг,*
*Æддæмæ рабырынц æргом.*
*Фæлæ сæ къæдз æвзаг, сæ хинæн*
*Дæ цардывæсты ма ратт ком!*
*Уæдæ цы хъæуы Иры? Кусын!*
*Æмудæй Фидæнмæ тырнын,*
*Кæрæдзийы рыст удмæ хъусын,*
*Кæрæдзийы цæссыг уынын!..*

*1993*

*НАФИ*

# ЦÆСТÆН – РУХС, УДÆН – ЦИН, ХЪУЫДЫЙÆН – ЦЫРВ

*(Поэт Джыккайты Шамилыл сæххæст 70 азы)*



Уый цины бон у нæ дзырдаивад æмæ нæ адæмæн. Ахæм бон лæджы зæрдæмæ цыдæр æрвон рухс бакæсы, æмæ адæймаджы бафæнды искæмæн исты хорзы бацæуын, науæд поэты сгуыхты тыххæй исты зæрдиаг ныхас зæгъын... Гъе æмæ мæн дæр фæнды нæ поэтæн арфæйы дзырд зæгъын. Æцæг, уымæн йæ дардыл аивады бæрзонд миниуджытæ нымайыныл нæ дæн. Зивæг нæ кæнын, фæлæ Шамилы сфæлдыстады тыххæй (поэзи, прозæ, драматурги, критикæ, публицистикæ, зонадон иртасæнтæ) ис нæ мыхуыры бирæ уацтæ æмæ дыууæ егъау монографийы. Йæ уацмысты хыгъд йæхæдæг æнæхъæн чиныг у. Ам ног исты зæгъынæн бирæ бакусын æмæ дардыл сагъæс хъæуы. Ахæм хъуыддаг бакæнынæн та бирæ рæстæг æмæ хъару хъæуы. Мæн та, Шамилы æнувыд чиныгкæсæджы, æрмæст арфæ зæгъын фæнды, йæ поэтикон аивад мын цы хæрзиуæг хæссы, уый фæдыл.

Шамилы курдиат æрдзæй рахæсгæ у. Уыцы æрдз Шамилы, æвæццæгæн, хъулон уарзт кодта æмæ йын йæ удыхъæд сбуц кодта зæрдиаг лæварæй, ома Чырыстийы цъуппау бæрзонд, ирд арвы цъæхау сыгъдæг, арвы ронау дунейы аивтæ кæм сиу сты, ахæм дзырдамондæй, тыхджын æмæ фæлдисынмондаг курдиатæй. Поэты аивады ахсджиагдæр миниуджытæ баст сты, поэты цæст дуне куыд уыны, йæ зæрдæ дуне куыд æнкъары, йæ зонд дуне куыд æмбары, ууыл.

Шамил æцæг поэт у, ома, ранымад миниуджытæй зæрдæзæгъгæ ифтонг чи у, ахæм. Йе сфæлдыстадон фантази дзырдæй цы нывтæ скæ-

ны, уыдон ахæм аив æмæ цардæгас вæййынц, æмæ сæм цæст кæсынæй нæ фефсæды. Цæстæн раттынц цыдæр æвæджиауы рухс, æмæ ды дæр дуне райдайыс уынын Шамилау, раст дыл цыма йæ фантазийы хæтæнтæ æмæ цæстызултæ ныббæтты, уыйау.

Ацы миниуæг æцæг поэттæн иумæйаг у незаманæй абонмæ, стæй, цыфæнды æвзагыл ма фыссой, уæддæр. Шамил уый йæхæдæг хорз зоны æмæ иттæг раст нымайы иу рагон поэты тыххæй:

*... Кæсын мæйдар æхсæв дæ чиныг,*
*Æмæ кæсы мæ сабыр уаты хур.*

Афтæмæй, Шамилы поэзи мæнæн, чиныгкæсæгæн, дæтты æнахуыр цæсты рухс. Йæ нывгæнæн фантазийы фæдыл цæуын (тæхын) æмæ уынын дунейы хуызтæ иууыл аивдæрæй. Æмæ мæ удрæбыны рагæй нырмæ йæ базыртæ тилы иу фæндиаг – Шамилы аивад, цæсты рухс нын чи дæтты, уый куы уаид а дунейы тъымы-тъымамæ!

Поэты зæрдæ дунейы хъыгтæ æмæ цинтæм æмхиц у. Фæлæ, искæй маст, хъыг æмæ цин поэт куыд æнкъары, уый баст у йæ зæрдæйы адæймагуарзоныл, гуманизмыл. Эгоизмæй хъæстæ адæймаг, чи зоны, тыхст лæгæн чысыл фæтæригъæд кæна, фæлæ, йæ зæрдæ тынг фæрисса, уый нæй ахæм лæджы æрдзыхъæды.

Шамилы зæрдæйæн искæй маст зын уромæн кæй у, уый иттæг аив æвдыст цæуы йæ бирæ уацмысты куы æргом, куы та æмбæхст хуызы. Шамилы лирикæйы гуманизмыл куы фæхъуыды кæнын, уæд мæ зæрдыл арæх æрæфты иу чысыл æмдзæвгæ «Хъысмæт хæрзуды лымæн нæу...»

«Æнафоны идæдзæн» йæ цæссыг «ног цыртыл» кæлы. Поэт ын ныфсытæ æвæрыныл нæу, уымæн дæр йæ зæрдæ ныррхæндæг æмæ уымæй мæн, чиныгкæсæджы дæр, хъынцъымыл æфтауы æмдзæвгæйы кæрон:

*Æз кувын хинымæр дæуæн, –*
*Фæзынæд амонды хур тары...*
*Фæлæ кæуыс – æмæ фæлмæн*
*Мæ удыл уазал къæвда уары.*

Шамилæн искæй хъыгæй йæ удыл уарыны уазал æртæхтæ кæй хауынц уæларвæй, уый мæнæн, чиныгкæсæгæн, хæссы цин æмæ рай. Ахæм зæрдæ кæй ис поэты уацмысты, уый мæнæн мæ уды зынтæ дæр айсы кæнæ фæрогдæр кæны, æмæ мæ удрæбын æрдзон хуызы сæвзæры иу фæндиаг –

Шамилы цин æмæ рай хæссæг поэзи куы цæрид а дунейыл æнустæм, æмæ рæхджы алы лæджы риуы дæр куы байрæзид ахæм адæймагуарзон зæрдæ!

Шамилы поэзийæн фæстаг ссæдз азы йæ цырв не 'хсæндзардыл, адæмы абон æмæ фидæныл сагъæстæ сты. Йæ сæйраг дзуринæгтæ: æхсæндзарды рæстдзинад кæй нæй, хицæутты удыхъæд мулк арын æмæ æмбырд кæнынмæ арæзт кæй у, стæй ахæм зонд адæймаджы фарн дæлдзиныг кæнынмæ, адæймаджы хуыцауысконд миниуджытæ халынмæ кæй тырны...

Ацы дзуринæгтæ стыр фарстайæ, дунейæн иумæйаг проблемæйæ гуырынц, æмæ сыл Шамил арæх, стæй тыхст æмæ хъыгзæрдæйæ катай кæны. Хатт поэты тыхст æмæ хъыг схизынц æцæг трагизмы бæрзæндмæ. Ахæм уацмыстæ Шамилы сфæлдыстады бирæ ис, фæлæ, мæ нымадæй, поэты хъуыды иууыл ирдæй æвдыст цæуы мæнæ ахæм æмдзæвгæты: «Фæдзæхст», «Амран», «Зындоны цард», «Базар», «Нæ царды хицæуттæм», «Нæ дуг», «Нæ тыхсты хъæр», «Хуызыцæуæг», «Дыдзы хур», «Хæрзбон» æмæ бирæ æндæрты.

Æппæт ацы уацмыстæ сæ хъуыдыйы æргом æмæ зæрдиаг хъуыргъуындæгæй, се 'нкъарæнты трагизмæй хойынц мæнæн, чиныгкæсæгæн дæр, мæ зæрдæйы дуар, æмæ æз дæр бафтын зæрдиаг æмæ уынгæг сагъæстыл. Бæгæныйы гарз цырвæй куыд æнхъиза, уыйау сагъæсæн налдæр æрулæфт вæййы, налдæр исты бæрæг тæрхоныл æрлæуд.

Поэты зæрдæ тыххæй-фыдæй уромы не 'хсæндзарды трагизм. «Амран»-ы хъайтар номдзыд титан историон фидæныл дзуры хъарæджы хуызы:

*Зæххыл æрратæн нал ис ныр фæдонтæ,*
*Тæссæй æдзух фæстæмæ у сæ каст.*
*Кæут! Амран нæ атондзæн йæ баст, –*
*Мæ ныфс мын хинæй амардтой зæххонтæ.*
*Кæут! Мæ армы нал бафтдзæн мæ кард.*
*Хуыцау лæгæн æвзыгъд фæндтæ нæ бары, –*
*Мæ лæгæтыл æрфæлдæхта йæ уарт.*
*Кæут! Уæ дуг сæрибары миф мары*
*Сымах титантæ не скодта мæ арт, –*
*Æмæ быхсут цагъары хъысмæт тары...*

Ноджы æрхæндæгдæр у æмдзæвгæ «Зындоны цад»-ы кæрон. Уацмыс у, Елбыздыхъойы радзырд «Цад»-ы цы ситуаци ис, ууыл амад. Уым

цады хæфсытæн «кæсаглас сæ мыггаг сихсийын кодта, тасы сæ бафтыдта». Растадысты йæ ныхмæ, фæлæ сыл фæстагмæ се знæгтæ фæтыхсты. Цады хицау Кæсаглас та сæ хæрын райдыдта: «Сласы цъыфæйдзаг хæфсы цадæй æмæ йæ аныхъуыры». Йæ уæлвæд – авторы иронийыл амад æнкъард хъуыды: «Æддæдæр, змæнтæг! Ам æнусмæ бафынæй цад...».

Елбыздыхъойы æрхæндæг хатдзæг фыст уыд 1907 азы. Рацыд дæс азы, æмæ цад райхъал йе ‘нусон фынæйæ, хæфсытæ та тохыл ныллæууыдысты æмæ фæуæлахиз сты Кæсагласыл. Елбыздыхъойы ирони «æнусон фынæйы» тыххæй разынд раст. Уый махæн, Елбыздыхъойы фæдонтæн, нымаинаг у – æхсæндзарды æнусон фынæй рæстдзинады ныхмæлæуджытæ æрымысыдысты. Ууыл нæй разы гæнæн. Шамилы æрхæндæг хатдзæг дæр –

*Нæ туг нын цъирынц сау кæлмытæ малы,*
*Гæрзытæ уадзы не рагъæй Руймон...*
*Ныууадз дæ ныфс, – нæ фæзындзæни стъалы, –*
*Мæрдон æмæ æнусон у зындон...*
*Цы мæ домыс? – æддæдæр лæу, ызмæнтæг,*
*Ныссабыр ам хъаймæты бонмæ цад... –*

æвирхъау мастæй ратæдзæгау у, æмæ мæм растдæр кæсы, «Фæдзæхст»-ы цы рæстаг æртхъирæн ис, ныры дуджы æлдæрттæм, уый:

*Уæ азарæй ныппаплой ис нæ фæллой,*
*Нæ урс ыстджытыл аразут уæ цард...*
*Тæрсут!.. Уæ удтæ стæхынмæ куыд бæллой,*
*Нæ уд уын афтæ фестдзæни цъæх арт.*
*Куы стонæм мах хæрамы тых бындзарæй,*
*Куы уой нæ бар нæ цард æмæ нæ зæхх,*
*Цæрдзыстæм уæд хъæрмуд æмæ æмбарæй,*
*Уæд нал уыдзæнис тох æмæ фыдæх.*

Чиныгкæсæджы хъуыдыйæн поэты ныхас бæгæныйы цырвау куы уа, рæстдзинад агурæг сагъæсыл æй куы ‘фтауа, уæд уый у аивады бæрзонд мидис æмæ нысаниуæгыл дзурæг. Ахæм мидис та амоны поэты сгуыхтмæ. Æмæ мæн, Шамилы рагон æмæ æнувыд чиныгкæсæджы, фæнды, мыггагмæ куы уаид а дунейыл Шамилы поэтикон сгуыхтдзинад, сæрибар æмæ лæгдзинадмæ сидæг аивад!

Ам фæци цыбыртæй мæ ныхас, Шамилы аивад мæнæн, чи-ныгкæсæгæн, цы цæсты рухс, уды цин æмæ хъуыдыйы тых дæтты, уый фæдыл. Фæлæ ма иу лирикон гæппæл.

Чысылæй фæстæмæ мын цыдæр æхцон хаста хæхтыл зилын, æфцгуытыл хизын, бæрзонд цъуппытæй кæмттыл фæлгæсын... Цып-пæрдæс азы мыл куы цыд, уæд фыццаг хатт Пуриаты комыл ссыд-тæн Магъы 'фцæгмæ æмæ æрхызтæн Дзомагъы къуырфмæ, Шамилы райгуырæн хъæу кæм ис, уырдæм. Æцæг, уæд Шамил гуырд нæма уыд. Рæсугъд бынат у Дзомагъгом. Магъы 'фцæгæй ирд бон армыл æвæрдау зынынц Урс Туалты хъæутæ, Шамил хæрæфырт кæмæн бах-хæссы, уыдон. Магъы 'фцæджы рæбын – арф къуырф, раст уæйыджы къæлæтджыны хуызæн, фæлæ йыл бадгæ Шамилы 'рвадæлтæ кодтой.

Къуырфы – хуымтæ, сæрвæттæ, уыгæрдæнтæ. Кæрдæджы пæлæзæй сæхи стыхтой къуылдымтæ æмæ рæгътæ.

Рæсугъд у Дзомагъгом, æмæ лæджы зæрдæ æрцагуры уæлвонг ныхас æмæ зарын. Ам, æцæгдæр, бирæ уарзтой æмæ хорз зыдтой зарын. Рацыд дзы хорз зарæггæнджытæ Дзугаты Хасæхъо æмæ Джык-кайты Аким, хорз поэттæ Джыккайты Шамил æмæ йе 'рвад, мæскуы-йаг лæппу (зындгонд нæу, фæлæ йæм курдиат уыд), Дзугаты Джиуæр æмæ Хаджумар, стæй Плиты Арон æмæ Агуыбе...

Дзомагъгомы уыдтæн æртæ хатты, фæлæ, амы рæгътæй иу Фæлмæн рагъ кæй хуыйны, уый Шамилæй фехъуыстон. «Ам» уымæн зæгъын, æмæ, нæ хъæуы сæрмæ цы рæгътæ ис, уыдонæй дæр иу хуыйны Фæл-мæн рагъ. Мæ фыййауы бонтæн сæ фылдæр уым арвыстон æмæ йæ бирæ уарзын. Ныр мæ зæры бон дзурын уыцы рагъмæ хæрзбоны охыл, æмæ, мæ зæрдыл Шамилы стих кæм лæууы:

*Мæ кувæндонау Фæлмæн рагъмæ ссыдтæн,*
*Ныр бадын буцæй Фæлгæсæны æз.*
*Сæ кой дæр нал и тыхст æмæ мæстытæн,*
*Зæххон сагъæстæн нал хатын сæ уæз,*

уым ын мæ хæрзбоны сагъæс хъуамæ ранымайон...

*Цы ма дын зæгъон, Фæлмæн рагъ?*
*Мæ ныхас мæ хъуыры бады, нал арæхсын дзурын,*
*Фæлæ йæ зон: Къостайы сонт къæрныхау*
*Бæллын, чысыл ма ку' абадин дæ цуры.*

*Фæлæ – кæцæй?.. Мæнмæ дын нæй æргуыбыр,*
*Мæнæн та нæй дæ бæрзондмæ ысхизæн.*
*Мæнæн мæ хох ныр – родхизæн цъæх къуыбыр,*
*Дæуæй зæры бон хъоды лæгау – хицæн...*

*Уæддæр йæ фынты, йе 'гъуыссæг æхсæвты*
*Дæу фæмысы кæддæры саби мадау.*
*Дæ сонт лæппуйы ма банымай сæфтыл,*
*Йæ урс сæр-иу ын сау бецыккау адау.*

*Фыййауы бон кæм ивгъуыйы æвыдæй, –*
*Мæ цæссыг-иу мæ рустыл цыд фыр мæстæй,*
*Уæддæр та-иу дæ армы буц рæвдыдæй*
*Сæудзыд кæрдæгау хуры рухсмæ рæзтæн.*

*Бæргæ ма лæг куы сирвæзид дæ цурмæ,*
*Мæ цæст куы хæссин де уæхскæй Къуыдарыл,*
*Уæд бакувин муртакк ыскъифтау хурмæ,*
*Хæссин дæ рæвдыд зарæгау мæ тары!*

Æмæ ма иу зæрдиаг фæндиаг: Шамил йæ Фæлмæн рагъмæ кувынмæ Иры рæсугъд фидæны тыххæй фæцæуæд бирæ-бирæ азты! Зæрондæй дæр хæхты бæрзонддæр æмæ рæсугъддæр уый куыд уа Æфсатиау!

# СЫЗГЪÆРИН НÆМГУЫТÆ

*НАФИ*

✓ Лæг дæ, уæд ма кæ дзыллæтæн æххуысы
Дæ уды тых, дæ удаив æвгъау!

✓ Уый диссаг у: лæгдзинад домы дуг!

✓ Ном лæггæнæг нæу…

✓ Диссаг, лæг кæм нæу зыгъуыммæ:
Цины – сабыр, хъал – зыны.

✓ Хур æмæ мад зæронд нæ кæнынц.

✓ Зонд фысым у, ахуыр та уазæг.

✓ Нæ зæххыл у мæ зæрдæ баст,
Йæ амонд у мæ амонд.

✓ Поэты зæрдæ - адæмæн нывонд.

✓ Мæ мады рæвдыд – мæ райстбавæрд хæзна.

✓ Зын у? Ай-гъай, зын у, мæ хæлар,
Кæд уыд лæгæй цæрын æнцон?!

✓ Фыдвæтк, мæнг ардæн къуыр сæ ных,
Хъар Дунейæн дæ уд, дæ тых!

✓ Бæллын, – Рæстдзинадæн уæфсытæн
Кæд балцы сфаг уаид мæ уд!

✓ Мæ фæндиаг – лæгдзинады хор тауын,
Цæмæй нæ фæуа Зæхх æдзæрæг, хаст!

✓ Лæг дæ? Дæ зынты ахиз кардау,
Уром æхсон дурау дæ хъыг.

✓ Цы уыдзæн, уымæ адæргæй кæсын.
Цы уыдис, уый сыгау мæ цæсты бады.

- ✓ Ныр мæм, мæнæ мæ зæры бонты, афтæ кæсы, цыма Ирыстоны зæхх, мæ райгуырæн бæстæ, мæ фыдæлты зæхх æнæхъæнæй – йæ хурскæсæн æмæ хурныгуылæн, йæ цæгат æмæ хуссар æмтгæй фестад мæ сабион бонты фæлмæн рагъ.

- ✓ Æз зилдзынæн мæ уарзон æмгæрттыл, цалынмæ цардæнхъæл уон, уæдмæ – къахæй, стæй та, цалынмæ мысынхъом уон, уæдмæ – хъуыдыйы хæтæнты.

- ✓ Цыфæнды хъæздыг уай, уæддæр мæгуыр æмæ æдыхмæ былысчъилæй ма кæс, цард цыбыр у, æмæ хæрзиуæг кæныныл архай.

- ✓ Уыд мæ цардæн йæ иунæг нысан – хорзы бацæуын нæ адæм, нæ бæстæн!

- ✓ Адæмы фарн бирæ у, бирæ у адæмы тых, æрмæст се 'хсæн иудзинад куы уа, уæд. Зæрдиагæй цæуыл ныллæууой, уый баххæст кæндзысты, æрмæст кæрæдзийы ныхас куы 'мбарой, уæд.

- ✓ Амондхæссæг у! Цыкурайы фæрдыг фест! Амон хорздзинæдтæ! Цу æмæ хъахъхъæн! Цу æмæ дзур! Цу æмæ амон! – ахæм фæндагыл хъуамæ цалх кæна хистæр кæстæры!

- ✓ Нæй абон цæрæн кæддæры кад æмæ сгуыхтытæй. Лæг йæ кад æмæ йæ намыс хъуамæ фылдæр кæна æрвылбоны хъуыддæгтæй, суанг мæлæты бонмæ.

- ✓ Райгуырæн бæстæ адджын у. Æнахуыр бæсты æлдарæй дæр зын цæрæн у.

- ✓ Царды иу фæндагыл дыууæ хатты нæ цæуынц. Цард иу у, фæндаг дæр иу. Æрмæст ыл размæ цæуæн ис. Искуы куы фæуа сыгъд царды æхсидав, куы ахуысса царды цырагъ тæхгæтæхын, – ссудздзæн æндæр, æмæ та уый дæр цæудзæн йæхи фæндагыл, æрмæстдæр размæ.

*НАФИ*

# СЫГЪЗÆРИН БÆХ

*Радзырд*

Робертино ирон лæппу кæй у, афтæмæй йын ромаг ном кæй ис, уым мур дæр ницы азимаг у. Цы кæна – чысыл лæппу у!.. Нырма йæ сæры тенка йæ даргъзæнг мады мини дымджытæм тыххæй æххæссы, æмæ цы кæна?

Æниу, чысыл у, фæлæ лæг у, æцæг лæг. Уæддæр кæуы –йæхимидæг, æнæ сымæй. Уæдæ цы кæна – аххосджын нæу, афтæмæй азымджыны бынаты ныххауди…

…Фæлтау мын куынæ балхæдтаид баба уыцы æнæхайыры бæх… Сыгъзæрин, дам, у!.. Цæй сыгъзæрин – хъæбæр гæххæттæй… Иухатт мын йæхæдæг загъта: къæвдайы, дам æй дуармæ ма ныууадз, æндæра, дам дын алæбырдзæн – гæххæттæй конд у. Ныр куы базæронд, уæд ын сыгъзæрин фестад!..

Афтæ ʽнхъæлы, æз ницы æмбарын, ницыдæр мæм худинаг кæсы. Стæй чысыл дæн, уæд лæг дæр нал дæн…

Ницы ʽмбарын…

Хорз, мацы ʽмбарон, фæлæ ныр кæртмæ куыд ацæуон, худинаг нæу? Знон сихорафон мæ бæх Толикæн балæвар кодтон, æмæ йын æй дысон баба æрдæгæхсæв фæстæмæ байста… Стæй куыд мæсты уыд!..

Уæддæр хорз уыд, æмæ хуысгæ кодтон, æндæра мæ, æвæццæгæн, цы уырды надæй фæдзуры, уый фæуыдаид. Æз дæр, фынæй кæй нæ дæн, уый нал схъæр кодтон…

Куыд хыл кодта-а!.. «Нал уæ фæразын! Мæ уд мæ хъуырмæ сси! Уæ, ме стыр зиан! Мæ тилывизыр! Мæ магнитты фон!..» Цынæ кой скодта, мæн ма куыдзы хъæвдын дæр схуыдта. Афæдзы дæргъы, дам, цы фæллой фембырд кодтон, уый, дам мын кæйдæр лукъайæн ныллæвар кодта… Сыгъзæрин бæх, дам, уыд. Ныр, дам, кæд йæ мидæг ницыуал ис, уæд, дам дзы æнæрай фæут, – цæмæн ма, дам, бæззы!.. Цыма бæхæн йæ мидæг цы вæййы?.. Цыма æз æцæг ницы ʽмбарын!

Æрбахæссын æй кодта гыццийæн уайтæккæ… Æмæ æз ныххудинаг дæн! Æмæ ма ныр куыд ацæуон кæртмæ?..

Ницы, дам, æмбарыс… Цыма æмбаргæ лæг афтæ фæкæны… Мæ лæвар мын фæстæмæ байста, стыр кардæй йæ афаста йæ астæуыл

æмæ йæ алыварс кафыд: «Мæ сыгъзæрин бæх! Мæ тилывизыр! Мæ магнитты фон!..»

Худинаг! Худинаг! Ныр ма адæмы ‘хсæнмæ куыд ацæуон?.. Æниу мын æхсызгон уыд, уыцы бæхы кæй аргæвста, æз дзы уæддæр никуыуал ахъазыдаин… Йæ омдзæг куыдз хæры фæстæмæ, æндæр ничи. Йæхæдæг мын загъта, мæ лæвар къафетт дзы иухатт фæстæмæ куы куырдтон, уæд… Æмæ æз исты куыдз дæн?..

Тæккæ райсом, дам, тилывизыр æмæ магнитты фонмæ цæуын, науæд та, дам, мæ фæллойыл исты фыдбылыз æрцæудзæн!.. Цин кодта баба, мæнæн та æфсæрмæй мæ цæсгом сыгъд, мæ цæссыгтæ сæхæдæг калдысты, æмæ мæхи хъæццулы бын нынннуæрстон, бабайы цин куыд нæ хъуыстаин.

Ныр баба ам нæй, æвæццæгæн, йæ визыры фонмæ ацыд, фæлæ мæ гыцци кæртмæ ‘рвиты, Толикимæ, дам, ахъаз, Тинæ, æмæ цы бакæнон?..

Уыцы усы номæй та мæ бынтон амардта, цыма исты ус дæн… Лæг дæн, æмæ мæм лæджы номæй дзур – Робертино, науæд Роберт, уæлæ ма садичы иу лæппу Берд дæр хуындис, фæлæ дзы Тинæ æрмæст дыууæ чызджы уыдис, æмæ æз исты уыдонæй дæн?..

Ныр куыд уынгæджы фæдæн, куыд ахъазон Толикимæ, цы цæсгомæй?.. Куыдз дæн, мыййаг, æви мæ бæх куыд байстон? Æмæ мын баба кæд куыдзы аргъ кæны, уæд æз æппындæр нал цæрын… Искуыдæм адымдзынæн, куыд ничиуал мæ ссара, æмæ сæхæдæг цæрæнт ам иунæгæй!..

Æз куыдз нæ дæн æмæ кæртмæ дæр нæ ацæудзынæн, сæхæдæг хъазæнт Толикимæ!..

Кæуы ирон лæппу Робертино. Нырма чысыл у, фæлæ кæуы. Йæ мады гом уæрджыты йæ цæсгом нытътъыста æмæ сын уыраугæ цæссыгæй сæ хурсыгъд царм хъыдзы кæны. Мад æй фæрсы: «Цæуыл кæуыс?», фæлæ лæппу ницы дзуры, æрмæст кæуы. Цы кæна уæдæ? Нырма йæ сæры тенка йæ мады мини дымджытæм тыххæй æххæссы, æндæра, чи зоны, уыдонæй асæрфид йæ цæссыгтæ.

Кæуы Робертино. Ницы йын у, уадз æмæ акæуа. Æцæг лæгæн худинаг нæу кæуын дæр, æрмæст – худинаджы стыр рисæй.

# ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ: 85 АЗЫ



**(1940 – 2011)**

*Лæг нысанмæ куы тырна, уæд æй ницы уромы: нæдæр хох, нæдæр фурд, нæдæр арвы цæф.*

*ЦЫБЫРТЫ Людвиг*

# НÆ АДÆМЫ СОМЫГÆНÆН ХЪÆБУЛ

Фæстаг азты нæ адæмыл цы стыр бæллæхтæ æрцыд, уыдонæн сæ карздæртæй иу баст у нæ хуыздæрты-хуыздæр, нæ адæмы иузæрдиондæр æмæ уарзондæр хъæбул Джыккайты Шамилы трагикон мæлæтимæ. Бесланы трагедийы фæстæ нæ адæм уыйбæрц цæссыг никæуыл фæкалдтой. Ацы дыууæ трагедийы кæрæдзийыл дæр баст сты. Бесланы стыр бæллæх куынæ ʻрцыдаид, уæд, чи зоны, абон дæр нæ фарсмæ лæууид нæ адæмы сомыгæнæн хъæбул. Шамилы, ирон адæмы уарзон поэты, не знæгтæ амардтой, фæлæ йын уымæй йæ кад, йæ ном ноджы сæнусон кодтой ирон адæмы историйы. Йæ ныхмæ тæссаг æртхъиразнтæ куы фæзындысты, уæд ын Æдасдзинады комитеты ныфсытæ бæргæ бавæрдтой, фæлæ…

Шамилы ацыдæй Ирыстон зынгæ фæмæгуырдæр ис. Дыккаг Шамил нæм нал ис æмæ ма рæхджы фæзындзæн, уый дæр зын зæгъæн у. Хъæугæ та, бæргæ, кæны – абон нæ уавæр бæллиццаг ницæмæй у, бирæ ахсджиаг хъуыддæгтæ нæ хъæуы скъуыддзаг кæнын…

Мæнæн та нал ис иузæрдион æнувыд æмгар. Дæ фарсмæ ахæм æфсымæр лæг куы уа, уæд дæм цæрын дæр цæуы, кусын дæр дæ фæнды, æмæ уый уæнгты уæлдай тых æвзæрын кæны.

Шамилæн йæ уд, йæ дзæцц уыди Хуссармæ ацæуын. Уый хорз зыдта нæ иумæйаг хæлар Къæбулты Юри, æмæ бирæ хæттыты йæ машинæйæ уыдыстæм Хуссары. Иу ацыды Дзомагъмæ фæзилæны ныййæфтам фæндаг амонæн фæйнæгыл фыст: «Шамилы ком». Йе ʻрхъуыдыгæнæгæн йæ цæрæнбон бирæ. Шамил бирæ уарзта йæ райгуырæн Дзомагъгом, йæ сабийы бонтæ кæм арвыста. Æмбойны-иу æй куы хъуыди цæуын Хуссармæ, уæд-иу Дзомагъмæ фæзилæны алы хатт дæр бауромын кодта хæдтулгæ æмæ-иу сыкъа йæ къухмæ райсгæйæ, Дзомагъгоммæ здæхтæй, зæрдиаг куывдтытæ æмæ арфæтæ фæкодта йæ комбæстæн.

Хуссар Ирыстоны фыдæвзарæнтæ йæ зæрдæмæ тынг æвваxс бахаста Шамил. 2008 азы фондзбонон хæсты хæдфæстæ Хуытъиты Таймураз, Дзасохты Музафер, Дзидзойты Валери æмæ Къæбулты Юриимæ иумæ сфæнд кодтам Хуссармæ ацæуын. Нæхи цæстæй федтам, цы стыр знаггæдтæ бакодтой Цхинвалы Саакашвилийы лæгмартæ. Фæстæмæ куы ʻрыздæхтыстæм, уæд Шамил ныффыста, зæрдæ чи базмæлын

кæна, ахæм егъау уац «Слезы радости и печали» газет «Северная Осетия»-йы. Уац рауад цымыдисджын, разынд дзы авторы сурæт, куыд æцæг патриот, ирон адæмы сæрыл æнувыд тохгæнæг.

Зонгæ йемæ раджы баистæм, фæлæ не сфæлдыстадон иудзинад райдыдта ивгъуыд æнусы кæрон. Мæ докторы диссертацийы бындурыл чиныг «Народный земледельческий календарь осетин» канд ахуыргæндтæ нæ, фæлæ чиныгкæсджыты зæрдæмæ кæй фæцыд, уымæ гæсгæ фæзынд ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кæныны æмæ йæ хицæн чиныгæй рауадзыны фæнд. Тæлмац æй скодта ахуыргонд, филологон наукæты кандидат Тедеты Герас, фæлæ ма къухфыстыл бакусын хъуыд, цæмæй йе 'взаг æнцонæмбарæн уыдаид чиныгкæсæгæн. Ацы хъуыддаг йæхимæ райста Шамил, æмæ дзы баззадтæн тынг райгондæй.

Шамилы 60 азы юбилей æрхауд, Хуссар Ирыстоны Президент куы уыдтæн, уыцы рæстæгмæ. Сбæрæг ын æй кодтам 2000 азы 23 февралы Паддзахадон драмон театры, æмæ йыл адæм цас фæцин кодтой, уый куы зониккат! Мæ Указмæ гæсгæ йын лæвæрд æрцыд Хуссар Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæджы ном.

Бынтон бахæстæг стæм, Дзæуджыхъæумæ цæрынмæ куы рацыдтæн, уæдæй фæстæмæ. Кусын райдыдтон Абайты Васойы номыл Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты æмæ 'рæвнæлдтон Ирон адæмы этнографион энциклопеди аразынмæ. Йæ ном этнографион хуыйны, фæлæ æцæгæй та у фольклорон-этнографион. Фольклорон æрмæджытæ дзы (уæлдайдæр Нарты эпосæй) бирæ бахæссын хъуыд. Æмæ нæм фольклористтæ фаг кæй нæй, уымæ гæсгæ мæ Шамилы æххуыс тынг бахъуыд. Уый, æнæвдæлон уæвгæйæ, мæ фарсмæ балæууыд. Уыимæ æрмæст фольклорон æрмæджыты автор не сси, фæлæ ма куыд сæйраг редакторы хæдивæг тынг ахъаз фæци, энциклопеди гъæдджын кæй рауад, уымæн. Фæкуыстам ыл дæс азы бæрц. Хъуыды кæнын нæ фæстаг иумæйаг фембæлд энциклопедийы фæдыл мæ кусæн бынаты. Дзаттиаты Руслан нæм фæзынд æмæ нын нæ къам фелвæста (Цуциты Аслан дæр немæ). Уыцы къам сисынæй дыууæ къуыри куы рацыд, уæд æрцыдис Шамилы фесæфты æвирхъау хабар.

Нæ бинонтæй рох нæу, цы стыр лæггад нын бакодта Шамил мæ зынгхуыст кæстæр Маринæйæн йæ диссертаци бахъахъхъæныны рæстæг.

Æнусты дæргъы бирæ кадджын æмæ куырыхон лæгау лæгтæ уыд Ирыстоны. Арвыл стъалытау æрттивынц. Сæ ирддæртæй иу у адæмы уарзон хъæбул, не стыр Адæмон поэт æмæ цæхæркалгæ патриот Джыккайты Шамил…

*ХОЗИТЫ Барис*

# ЗÆРДÆЙÆ ХУЫЗДÆР МУЗЕЙ НÆЙ...

Джыккайты Шамилимæ лæгæй-лæгмæ базонгæ дæн 1960-æм азты дыккаг æмбисы райдианы Рассветыхъæуы. Уый уæд аспирант уыд æмæ-иу абæрæг кодта йæ фыдыхо Дарижкайы (цардис нæ сыхы, уыдис Гуыбаты чындз). Йе 'фсин Сато (Саутион) уыдис мæ мадæн йæ хистæр мадыхо, æмæ-иу сæм уымæ гæсгæ арæх суадыстæм нæ мадимæ. Сæ тæккæ ныхмæ цардис Нигеры хо Настя – диссаджы куырыхон сылгоймаг. Шамил-иу мæ рай-гуырæн хъæумæ куы ныххаудта, уæд-иу Дзанианмæ дæр тынг цымыдисæй хъуыста, рафæрс-бафæрс-иу æй кодта Иваны æвзонджы бонты тыххæй.

Гуыбатæн стыр бæрæгбон уыдис Хохы дзуæртты куывд, æмæ-иу æй стыр кадимæ бæрæг кодтой алы аз дæр. Иу ахæм бæрæгбоны фыц-цаг хатт федтон Федыры цыппæрæм фырты. Дарижкайæн йе 'фсы-мæры цот дзæвгар уыдысты – фондз æфсымæры æмæ дыууæ хойы. Фæлæ-иу йæ поэт-æфсымæр Рассветыхъæумæ куы фæзынд, уæд-иу Гуыбаты устытæ хæрзæггурæггаджы хуызæн згъордтой Дарижкамæ, Шамил та дæм фæзынд, зæгъгæ. Æмæ та-иу Джыккианы (нæ сыхбæс-тæм стырæй-чысылæй мыггаджы номæй дзырдтой) цинæн кæрон нал уыд. Йæ цардæмбал Хадæхс хæсты быдыры хъæбатырæй фæмард, æмæ цыппар сывæллоны – дыууæ лæппуйы (Хадзымæт æмæ Зауыр) æмæ дыууæ чызджы (Хæнысиат æмæ Разиат) – иунæгæй схъомыл кодта. Фыл-дæрхатт-иу ын æнкъард цæстæнгас уыд, фæлæ-иу æм йæ хиуæттæй исчи куы фæзынд, уæд-иу йæ цæсгомы хуыз аивта. Цæмæдæр гæсгæ-иу ын Шамилы уынд уæлдай æхсызгон æнкъарæнтæ æрхаста. Уыцы цæстыты æрттывд адæмæй зын бамбæхсæн уыд, æмæ та-иу йæ файнуст Хаситы Се-рафин афтæ бакодта: «Шамилы уынд та йын иу афæдзы фаг уыдзæнис!»

Уæлдæр цы хабæрттæ ракодтон, уыдон æвзонгады æнкъарæнтæ уыдысты, фæлæ йæ фæстæдæр базыдтон бæстондæр. Цæвиттон, æфсады фæстæ 1977 азы ЦИПУ-йы филологон факультеты уырыссаг-ирон хайады студент куы сдæн, уæд мын ахæм фадат фæцис. Уыцы рæстæг мæнæн цыдис 20 азы, ууыл та 36. Æмæ кæд 16 азы афтæ бирæ нæ уыды-сты, уæддæр мæм фылдæр кастысты. Чи зоны, уымæн, æмæ йæ сæрыл иу сау хъуын нал баззад, æгасæй дæр урс-урсид адардта. Никуы мæ ферох уыдзæн, бацæуæн фæлварæнты йæхи куыд дардта, уый. Багаты Никъала æвзаджы фæрстытæм хъуыста, Шамил та – литературæйы...

Бахъуыды ма кодтон Санаты-Хъуылаты Азæйы. Æвæццæгæн, уый та фæлварæнисæн къамисы нымæрдар уыд. Бадтис хицæн стъолы уæлхъус æмæ, нæ гæххæттытæ цы папкæты уыдысты, уыдон рафæлдах-бафæлдах кодта. Хаттæй-хатт-иу цыдæр сыфтыл фылдæр афæстиат, æмæ-иу цыдæр фиппаинæгтæ фехъусын кодта къамисы уæнгтæн.

Фæлварæн дæттынмæ мæ рад куы æрхæццæ, уæд Азæ мæ папкæйæ цыдæр гæххæттытæ систа, йæ бынатæй сыстад, бацыд Никъала æмæ Шамилы размæ æмæ сын дыууæ хатты цæстæй мæнырдæм ацамыдта. Æз фефсæрмы дæн, зæгъын, æвæццæгæн, цыдæр йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ сын уый фехъусын кодта. Иннæрдыгæй та, мæ зæрдæ мæхимæ ницæмæй æхсайдта, уымæн æмæ мæм ницы уыд, кæцæй сфыстаин, ахæм цæттæгонд гæххæттытæй. Азæ йæ ныхас куы фæцис, уæд Никъала, цы гæххæттытæ йæм равдыста, уыдон кæсыныл фæцис, Шамил та æнæхъæнæй йе 'ргом мæнырдæм раздæхта æмæ хъæрæй загъта: «Саниан, мæнæ ныртæккæ дзуапп куы ратта, уæд ын йæ хорзмæ æркæсдзыстæм». Уыимæ, йæ цъæх цæстытæ цыдæр æнахуыр æрттывд фæкодтой. Фæлæ мæ миддунемæ тасы æнкъарæн хизын нæ бауагътон, уæддæр, æфсадæй чи æрыздæхы, уыдон иуцасдæр ныфсджындæр вæййынц, иннæрдыгæй, ГДР-ы Советон æфсæддон хайы сконды цы æфсæддон уацхæсджыты скъола фæдæн, уый дæр мын цыдæр фæлтæрддзинад радта.

Бынтон мæ рад нæма æрхæццæ (мæ разæй ма дыууæ чызджы уыдис), фæлæ Никъала дыккаг хатт афтæ куы бакодта, цæттæ чи у, уый рацæуæд, зæгъгæ, уæд, дæс къласы кæй æвзаджы чингуытæй ахуыр кодтон, уый фыццаг хатт лæгæй-лæгмæ федтон æмæ дзы куыд хъуамæ нæ фефсæрмы уыдаин. Мæ бынатæй куы сыстадтæн, уæд, кæй рад уыд, уыдон арф, разыйы улæфт ныккодтой. Ныххудынмæ мæ бирæ нал хъуыд, фæлæ мæхиуыл ныххæцыдтæн, зæгъын, ахуыргæнджыты зæрдæмæ уый куынæ фæцæуа. Фæлварæнисджыты стъолы фарсмæ æрбадтæн æмæ сæм мæ билеты фæрстытæ балæвæрдтон. Æвзаджы фарст баст уыдис хауæнтимæ. Дзуапп лæвæрд куы фæдæн, уæд мæ Никъала æнæнхъæлæджы афарста: «Куыд дæм кæсы, ирон æвзаджы цал хауæны ис?» Æз уайтагъд æрхъуыды кодтон, мæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Дзапарты Маруся нын сæ куыд амыдта, уый. Æмæ сæ æнæ къуылымпыйæ рафæзмыдтон. Уый фæстæ Багайы-фыртмæ мæ цæстæнгас систон. Абоны хуызæн ма йæ хъуыды кæнын, йæ цæсгомыл цины æнкъарæн куыд ахъазыд, уый. Уыцы уысм Шамилмæ бакаст, æмæ уый дæр йæ мидбылты бахудт.

Цы бамбарын хъуыд, мæ дзуапп йæ зæрдæмæ кæй фæцыд, уый. Ни-

къала иу уысм хъуыдыты анигъуылд, бæрæг уыд, йæ зæрдæ цæмæдæр кæй æхсайы, уый. Æвиппайды йæ цæстæнгас мæнырдæм раздæхта æмæ мæ фæлмæн хъæлæсыуагæй бафарста: «Иварон хауæнмæ та цавæр цæстæнгасæй кæсыс? Ахуыргæнæг уын æй куыд амыдта?.. Хъæуы æви нæ?» Æз æй фæстæдæр студентæй бамбæрстон, хауæнты тыххæй ахуыргæндты ‘хсæн стыр быцæу ныхæстæ кæй цæуы, уый. Уæд та Никъалайæн мæ хъуыды загътон, астæуккаг скъолайы мын æй куыд бамбарын кодтой, афтæ. Багайы-фырт æхсызгон улæфт ныккодта, бæрæг уыд, мæ дзуапп йæ зæрдæмæ кæй фæцыд, уый. Йæхимæ гæххæттыл цыдæр фæнысан кодта æмæ, Шамилмæ разилгæйæ, загъта: «Цамел, гъеныр Хозийы-фырт æгасæй дæр дæ бар у». Дыккаг фарст баст уыдис Коцойты Арсены радзырдтимæ. Мæнæ йæ цыма ме уæны федтон, афтæ йын йæ уацмысты дыууæ томы кæрæй-кæронмæ бакастæн лæмбынæг. Куы йæ бамбæрста, йе сфæлдыстад ын æвзæр нæ зонын, уæд Шамил ахызт иннæ программон уацмыстæм. Мæ аmond уыд, æмæ мæхи æвзæр нæ бацæттæ кодтон, æндæр ахæм лæгты раз фæхудинаг уыдаин. Фæлварæнисджытæ кæрæдзимæ бакастысты, дзургæ ницы скодтой, фæлæ сæ сæртæ разыйы тылд бакодтой. Уыцы уысм Азæ дæр йæ бынатæй фенкъуысыд, сæ цурмæ æнæдзургæйæ бауад, гæххæтмæ æркаст, æмæ йæ рухс цæсгомыл разыйы æнгас ахъазыд. Кæйдæр загъдау, зноны сывæллон нæ уыдтæн æмæ йæ бамбæрстон, хъуыддæгтæ бынтон æвзæр кæй не сты, уый.

Фæлварæнты сыф райстон æхгæдæй æмæ, цалынмæ университеты кæртмæ рахызтæн, уæдмæ йæ нæ байгом кодтон. Иу бæласы ауон æрлæууыдтæн æмæ хъавгæ байгом кодтон гæххæтт. Иттæг хорз бæрæггæнæн дзы куы ауыдтон, уæд мæ буар æгасæй дæр нызмæлыд. Мемæ чи лæвæрдта фæлварæн, иу ахæм рæсугъд чызг мæм фæстæрдыгæй æрбахъуызыд, йæ хъæбысы мæ ныккодта æмæ мæ арфæты бын фæкодта. Уый дæр фондз райста, æмæ йæ цины æнкъарæнтæй мæнмæ дæр æрхаудта. Йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын, йæ ном Заремæ хуындис. Тынг бадис кодтон, фæззæджы йыл нæ аудиторийы мæ цæст куынæ æрхæцыд, уæд. Йæ ныййарджытæ сæ цæрæнбынат Воронежмæ аивтой æмæ чызджы дæр семæ акодтой. Уæдæй фæстæмæ йæ никуыуал федтон. Тагъд азгъордтой, улæфынæн ма цы бонтæ баз-зад, уыдон. Æмæ Ирыстоны алы хъæутæй нæ ахуырадон къордмæ æрбамбырд сты диссаджы чызджытæ æмæ лæппутæ. Мæнæ нæ цыма иу ранмæ барæй æрæмбырд кодтой, уый хуызæн рауад. Цæмæй дæрдтыл ма дзурон, уый тыххæй зæгъдзынæн ахæм æвдисæнтæ: 25 адæймагæй дыууæйæ (Тахъазты Валери æмæ ацы рæнхъыты автор)

систы декантæ, Бутаты Мæдинæ, Уалыты Таня, Хъæцмæзты Изетæ, Тменаты Зæлинæ – филологон æмæ педагогон наукæты кандидаттæ, Гуыриаты Мæдинæ – республикæйы Парламенты депутат, Колыты Витали, Хохойты Энвер, Хадыхъаты Фатимæ æмæ ацы рæнхъыты автор – Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнгтæ, Хъесаты Нэля æмæ Галуанты Зæлинæ – скъолайы директортæ. Кæй мыггæгтæ нæ загътон, уыдон дæр систы ирон æвзаг æмæ литературæйы номдзыд ахуыргæнджытæ, методисттæ æмæ ахуыргæнæн чингуыты автортæ. Джыккайты Людæ Æрыдоны горæтæй уыд, иннæтæ иууылдæр – хъæутæй, æмæ-иу нæ мæстæй мардта: «Ацы хъæуккæгтæй мæ бон нал у!»

Джыккайты Шамил нын лæвæрдта ирон литературæ æмæ адæмон сфæлдыстадимæ баст дæсныйæдтæ. Курдиатджын поэт æмæ арæхстджын ахуыргæнæг кæй уыд, уый нын нæ зæрдæты цымыдис хуыссын нæ уагъта. Суанг уæд дæр бæрæг уыд, нæ разы ирон дзырдаивады классик кæй лæууы, уый. Фæстæдæр куыд сбæрæг, афтæмæй Джыккайы-фырт ирон литературæмæ æрбацыд XIX æнусы классикон рæгъы зондахаст æмæ XX æнусы ахуырады бæрзонд æмвæзадимæ. Йæ кад æмæ йæ намыс сæхицæн бынат ссардтой нæ цытджын фысджыты æмæ разагъды лæгты æмрæнхъ. Бæрзонд, астæуæлвæст, хæрзконд уæнгы фидауцыл ауон не 'ппæрста, лæгуын сæр ын кæй уыдис, уый дæр. Джыккайы-фырт цæхгæр тынг хицæн кодта уæды фысджыты фæлурс рæгъæй. Фыццаджыдæр, цæмæй? Æвæццæгæн, йæ хидарды æрдзон ахастæй, сæрибар удыхъæд æмæ сæрыстырдзинадæй. Йе сфæлдыстадон хахх дыууæ дихы акодта цард æмæ мæлæты ахастдзинæдтæ.

Шамил ирон литературæмæ æрбацыд уæлдæр скъолайы ахуырдзауы партæйæ æмæ йæ царды кæронмæ дæр уым кусгæйæ баззад. Номдзыд поэт йæхицæн цардæмбалæн равзæрста лабæйаг чызг Колыты Ренæйы. Уый йæ дæсныйадмæ гæсгæ дохтыр бæргæ уыдис, фæлæ йын хъысмæт фидар æнæниздзинад нæ радта: æрыгон сылгоймагæй уæззау низы азары бахауд, цардæй æнафоны ацыд. Тынг фæхъыг кодта йæ ацыдыл Шамил – йæ ном ын ссардта цалдæр æмдзæвгæйæ: иутæ дзы рацыдысты Ренæйæн йæ удæгасæй, иннæтæ – йæ ацыды фæстæ. Ацы мысинæгтæ фысгæйæ мæ къухмæ райстон йе 'мдзæвгæты дыккаг æмбырдгонд «Цæф сæгуыты маст» (1969). Уым 43 – 44-æм фæрстыл мыхуыргонд æрцыд, Ренæйæн цы 'мдзæвгæтæ ныффыста, уыдонæн сæ фыццаг – «Регинæмæ». Лæмбынæг бакастæн номарæн, æмæ та ногæй мæ зæрдæ сагъæсты бахауд. Цы диссаджы интимон рæнхъытæ дзы ис, цы рæсугъд

дуне дзы ранывæста, цы романтикон сурæттæ дзы нывгонд æрцыдис, цы бæрзонд уарзты ардхæрæн æвдисæнтæ:

*Æмæ уыдтон мæ фыны, цыма хур*
*Фæстаг зынгау сыгъдæг арвыл æрхуыссы,*
*Уæззау æнцой мæ цæстыты ныддур,*
*Æдзæм тары мæ фæллад хъуыды сысы.*
*Æрхуыссы уый, æрмынæг уыдзæн тагъд,*
*Ыстæй уыдзæн афтиддзинад... Уæд хъуысы*
*Æхсызгон дард уынæр. Цыма æртахт*
*Зæрватыкк рох, æдзæрæг тар хæдзармæ*
*Æмæ дзы ахстон аразы. Йæ тармæ*
*Хæссы йæ сау цæстыты арвæй цъæх,*
*Цæссыджы хуызæн уардитæй – æртæх,*
*Йæ хъæлæс – мæ сæфт хуры сырх тынтæ.*
*Æмæ сæ ахстон аразы... Мæ фынты*
*Æз хъуыстон дардæй суадæтты сæр-сæр,*
*Цыма мæм ирдгæ уалдзæджы уынæр*
*Æрбаулæфыд къуыпæфтауæг тæгæрæй...*

Æнкъарæнтæ базмæлыдысты йæ риуы æмæ цырагъдарау ныррухс кодтой нæ миддунейы тыгъдад:

*Кæлæддзаг къæсы зæрватыкк цæрæн*
*Кæны æмæ йæ базырты пæр-пæрæй*
*Мæрдон фынæйæ райхъал кодта мæн...*
*Ыскастæн æз... Хæрзгæнæгæй мæ разы*
*Лæууыдтæ ды – зæххон, фæлæ цыдæр*
*Æнахуыр рухс дæ зæды цæсгом уадзы,*
*Уый нæу зæххон... Дæ цæстыты цæхæр*
*Уыд уалдзыгон изæрмилтау фæлмæн*
*Æмæ уæздан...*

Поэты интимон рæнхъытæ фыццаг бакастæй дæр зæрдæйы бын сæхицæн æрбынат кæнынц – фæлмæнæй, сыгъдæгæй... Зæрдæскъæфæн зæлтæ суадоны сæр-сæрау сбæрзонд кæнынц удтæхæн къуылдымтæ:

*Дзæбидырты фæндæгтыл*
*Æз хæхтæм уæд мæ бæллицты цыдтæн,*

*Уым кувæндоны аладзыд хæлддзæгтыл*
*Æз федтон ногæй дидинджытæ... Мæн*
*Уæдæй нырмæ фæскъæвда хурау тавынц*
*Æуусæнк, сыгъдæгдзинад æмæ дæ тавиц...*
*Хæрам, гадзрахат, дам-думты æхсæн*
*Ды бауагътай дæ уды рухс мæ зæрды,*
*Æрвылбоны лыстæг сагъæсты сæрты*
*Рæсугъддзинадмæ систай мæн дæ уарзтæй*
*Æмæ мын радтай цард... Ды дæ мæнæн,*
*Фæндаггонæн тымыгъ æхсæвы нуæрстæй*
*Фæстаг ныфсæн цы зынг баззайы, уый.*

Ренæйы æз хорз зыдтон, йæ хойрагæй дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ фæхъæстæ дæн. Æмæ-иу алы хатт дæр йæ цæстуарзон æнгас йæ цæсгомæй нæ хицæн кодта. Ахæм æгъдау Колион лæвæрдта алы уазæгæн дæр: хистæрыл, кæстæрыл, сылгоймагыл, нæлгоймагыл, зонгæ, æнæзонгæйыл сæ нæ дих кодта. Джыккайты хæдзары алкæмæ дæр каст бæрзонд æгъдау, рæдаукъух æфсин, Сатанайы халдих сылгоймаг. Стыр хъыгагæн, йæ бинонтимæ цæрынæй нæ бафсæст, афтæмæй уæззау низæй хуысгæ рынчын фæцис. Ссæдз азæй фылдæр æй Шамил йæ армы фæдардта, йæ фырт Æхсæртæг æмæ йæ чызг Зæринæ дæр – афтæ. Ренæ æнафоны йæ цардæй кæй ахицæн, уый уыдис царды стыр фæлварæн æгас бинонтæн дæр, Федыры бирæкъабазджын хæдзарвæндагæн. Уый уыдис 2000 азы, уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд, фæлæ Шамил хъуыддаг нал бакодта, кæд æй хиуæттæ, лымæнтæ æмæ зонгæтæ уыцы къахдзæфмæ разæнгард кодтой, уæддæр. Æвдай азы кармæ баззадис иунæгæй. Æмæ йæ кæд æддæмæ никуы равдыста, уæддæр йæ цъæх цæстыты арфæй æнæзынгæйæ цыд æнкъард сагъæсты рухс æмæ комулæфт.

Дæс азы бæрц куыстон ЦИПУ-йы аивæдты факультеты разамонæгæй. Йæ кæстæр æфсымæр Мурат махмæ куыста нывгæнджыты хайады. Æмæ-иу арæх нæ фæндаг Шамилыл ракодтам – фæстаг азты ирон филологийы факультеты деканæй куыста. Кæй зæгъын æй хъæуы, ирон культурæ æмæ ахуырады артдзæсты йæ хæстæ зынгæ фæфылдæр сты, фæлæ сын хъæддых лæууыдис. Бирæ хæттыты-иу æм дуне адæм баййæфтам, – цынæхуызон фæрстытимæ-иу æм æрбацыдысты: чи дзы йæ кæстæрæн куыст агуырдта, кæмæн йæ хион уæлдæр скъоламæ цыдис, чи та-иу царды куырмæлхынцъыты фæдзæгъæл æмæ а.д. Уыцы æппæт адæмæн

баххуыс кæнын Хуыцауæн дæр йæ бон нæ уыд. Фæлæ-иу сын уыйхыгъд Шамил йæхимæ сæ хъыг, сæ рис, сæ сагъæс, сæ цины хай райста, цыма-иу афтæ зæгъынмæ хъавыд: «Уадз æмæ уæ бæсты мæ зæрдæ рисса!» Цас фæрæзта, цас, йæ фæллад, йæ парахат, йæ риссаг удысконд?!.

Йæ кусæн уаты къæсæрæй-иу куы бахызтæн, уæд-иу æй арæх æнкъардæй бадгæ баййæфтон. Мемæ дзургæйæ-иу арæх йæ цæстæнгас сарæзта, фæрссаджы бынмæ цы заз бæлас сагъд уыдис, уымæн йæ къабузтæм. Æцæг-иу дзы йе 'мныхасгæнæг дæр рох нæ уыд. Цæмæй-иу æй уыцы уавæрæй ракæнон, уый тыххæй-иу æй баййардтон, цæй-ма, дæ ногфыст æмдзæвгæтæй иу-дыууæ бакæс, зæгъгæ. Ахæм рæстæг-иу йæ цæсгомыл æнæзынгæ мидбылхудт ахъазыд. Æмæ ма-иу уымæ сагъæсхуызæй бафтыдта: «Æмдзæвгæтæ фыссынмæ ма мæ æвдæлы? – мæнæ гæххæттытæ æмæ дуджы сагъæсты бын фæдæн». Фæлæ-иу мын арæх нæ сæххæст кодта мæ курдиат, ныхас-иу хъавгæ æндæр истæмæ аивта. Бирæ азты дæргъы йемæ лымæндзинадæй куыд бамбæрстон, уымæ гæсгæ нæ уарзта мыхуыры размæ йæ уацмыстæ искæмæн кæсын кæнæ къухфыстытæ искæмæ æвдисын. Æцæг-иу, мыхуыры рухс куы федтой, уæд та-иу дын йæ чиныджы фæстаг экземпляр дæр нæ бавгъау кодтаид. Мæ цардæмбал йæ кафедрæйы (ирон литературон сфæлдыстады кафедрæйы) куыста, фæлæ-иу уæддæр нæ алкæмæн дæр хицæн чиныг балæвар кодта, куынæуал-иу фаг кодтой, уæд та-иу нæ дыууæйæн иу чиныгыл ныффыста диссаджы арфæйы ныхæстæ.

Йæ царды фæстаг азты йæ æнæ сагъæс, æнæ æнкъардхуызæй тынг стæмхатт уыдис фенæн. Зын ын куыд нæ уыдис цытджын бæстæйы фехæлд. Адæмон ахуырад æрцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл кæй сæвæрдтой, Хуссар Ирыстоны адæмы æнæкæрон æфхæрд ын (табу Хуыцауæн, æмæ ма йын йæ хæдбардзинады райдиан йæхи цæстæй федта) йæ уд æрдуйæ нарæгдæр скодтой, донмæ йæ тардтой æмæ йæ æнæ донæй здæхтой. Цыбыр ныхасæй, фæстаг азты йæ уд дывыдон арты сыгъдис йæ адæмы фидæны сагъæсæй. Хуыцау хорз, æмæ йын хъысмæт хорз кæстæртæ радта, æмæ йын хъæбулы хъæбултæ фенын кодта (Аслан, Зауыр). Тынг зын уыдис Ирыстоны фидæны артдзæст, стыр поэты бæрн, бинонты цæджындз, мыггаджы фарнхæссæг, сыхбæсты хистæр, дзыллæйы кад æмæ рад, адæмы æфсарм æмæ намысхæссæг уæвын. Дæс хаттæй фылдæр куырдта ЦИПУ-йы разамонджытæ Мæхæмæтты Ахуырбег æмæ Хацъæты Олегæй, цæмæй йæ деканы куыстæй суæгъд кæной. Фæлæ йын йæ курдиаты гæххæттыл сæ къух бафыссынмæ сæ зæрдæ нæ тасыд. Æцæг-иу сæ сæ хъуырмæ куы скодта, уæд та-иу æй афарстой, ды куы

ацæуай, уæд дæ бæсты кæй сæвæрæм, зæгъгæ. Уæд сын цалдæр хатты мæ кой бакодта. Уый нæ, фæлæ ма-иу сæ разæнгард дæр кодта, схуыдта-иу мæ курдиатджын ахуыргонд, хъæппæрисджын æмæ арæхстджын разамонæг. Шамилы æвзагæй уыцы æртæ бæрæггæнæны (курдиатджын, хъæппæрисджын, арæхстджын) мæн стыр бæрны бакодтой йæ номы раз, æмæ мæ рох нæ уыдзысты, цалынмæ цæрон, уæдмæ.

2009 азы аивæдты факультеты мæ дыккаг контракты рæстæг куы фæцис, уæд нæ ректор Хацъæты Олегæн загътон мæ дарддæры фæнд докторантурæйы тыххæй, фæлæ мæ уый дзурын дæр не суагъта: «Ды мæн ирон факультеты хъæудзынæ. Шамил мын ныр цалдæр хатты лæгъстæ кæнгæйæ дзырдта, цæмæй йæ йæхи барвæндонæй суæгъд кæнон. Æмæ йæ афтæ фæнды, цæмæй йæ бæсты кусынмæ дæу сразæнгард кæнон».

Умæй иуцасдæры фæстæ, 2011 азы майы мæйы кæрон Шамил знаджы къухæй æвирхъау хуызы мард æрцыд. Тынг ыл фæхъыг кодтой йæ иубæстон адæм. Уалдзыгон уынджы йе 'вæрæн бон адæмæй азмæлæн нал уыдис. Мидхъуыддæгты министрады бæрнон кусджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй Адæмон поэтæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ æрбацыдис 17 мин адæймаджы бæрц. Кæд ма Плиты Иссæйы ныгæнæн бон æрæмбырд уыйбæрц адæм, æндæр Ирыстоны зæхх уыйас æрцæуæг адæм нæ федта фæстаг æнусы 'мбис. Уый та ууыл дзурæг у, Шамил æцæг адæмы хъæбул, æцæг адæмон поэт æмæ æцæг адæмы сидтон кæй уыдис. Æмæ уый зын бамбарæн нæу: Шамил, разагъды лæг уæвгæйæ, стыр фæд ныууагъта йæ адæмы зæрдæйы. Адæмы бузныгад та æвидигæ у. Йæ сурæт, йæ æнæмæлгæ фæлгонцмæ йын кæцæйфæнды дæр куы бакæсæм, уæддæр у разагъдон! Нæ классикон авторты æмрæнхъ кæй слæууыдис, уый суанг йæ удæгасæй дæр бæрæг уыд. Разагъды фыссæг у абон дæр, æмæ нæ ныфс ис, ахæмæй баззайдзæн йæ адæмы историон хъуыдæджы фидæны дæр. Цалынмæ ирон лæг æмæ ирон зæхх уой, уæдмæ йын нæ дзыллæйы минæвæрттæ табу кæнынмæ цæудзысты Намысы Аллейæмæ.

Умæй уæлдай, алы хицæн, хæрзæгъдауджын адæймаг дæр æнæ хинæй фæлгъаудзæн, цытджын поэт йæ царды цы бынат æрцахста, уый. Алы удгоймаг дæр йæхирдыгонау мысдзæн Шамилы æмæ йын æнусон кæндзæн йæ ном. Джыккайы-фырт дзырдаивад, лæгдзинад æмæ ирондзинад цы хæрзæгъдаудзинад æмæ фæлдзусады æмвæзадмæ systа, уый æнусмæ цæринаг уыдзæн йæ иубæстон адæмы зонд æмæ зæрдæйы. Кæддæр мæ цуры Цæллагты Владимир (рухсаг уæд), Бæстæзонæн музейы куы куыста, уæд загъта иу диссаджы хъуыды: «Зæрдæйæ хуыздæр музей нæй!» Йæ рæстæджы мæм тынг

нæ бахъардта, рæсугъд ныхасы хуызæн мæм фæкаст, фæлæ мын абон уæрæх байгом йе ‘цæг мидис: «Адæймаг цæры, цалынмæ йæ хъуыды кæнынц, уæдмæ!» Ирон æмбисондæй нæ хъуыды дарддæр куы айтындзæм, уæд уырдыгæй нæ бон зæгъын уыдзæн кæронбæттæн хъуыды нæ цытджын хъæбулы тыххæй: «Шамил, дæ цард, де сфæлдыстад æмæ дæ хъуыддæгтæ стыр бынат ахсынц ирон зæрдæйы музейы».

Поэт хæларæй цард хæстон фысджытимæ, йæ хорз хистæртæ Дзаттиаты Тотырбег, Дзугаты Георги, Плиты Грис, Плиты Харитон, Гафез (Гаглойты Федыр), Мыртазты Барис æмæ Джусойты Нафиимæ. Фæлæ уыцы иу рæстæг йæхæдæг царды дæр æмæ литературæйы дæр уыдис хорз хистæр. 1970 – 1980-æм азты бирæ курдиатджын фæсивæдæн бацамыдта раст фæндаг дзырдаивады тыгъдадмæ: Черчесты Хъасболат, Бабочиты Руслан, Касаты Батрадз, Абайты Эдуард, Кости Лизæ, Къадзаты Станислав, Абайты Арбилянæ, Хохойты Энвер, Колыты Витали, Хадыхъаты Фатимæ, Джусойты Марат абон дæр æхсызгон зæрдæйыуагимæ æрымысынц, Шамил сын цы стыр хæрзты бацыд, уый. Бирæ цæстуарзон æмæ разæнгардгæнæн ныхæстæ дзы зонын æз дæр. Цы чингуытæ мын балæвар кодта, уыдоны титулон сыфыл сæ фысгæ дæр ныккодта. Зæгъæм, йæ цыппæрæм чиныг «Сагъадахъ»-ы хъæбæр фарсыл йæ къамы бынмæ фыст ис: «Барис! Дунейы фарн дæ хотыхджын (сагъадахъджын) скæнæд! Ш. Джыккайты. 5.1.81.». Уый нæ, фæлæ ма-иу хатт йæ ныхас æгæр зæрдæдарæн дæр разынд. Мæнæ цы фыст ис йæ «Разагъды лæгты» форзæцыл: «Барис! Ирыстоны ныфс дæ, æмæ дæ ныфсы цæджындзтæ фидар уæнт. Разагъды лæгты рæнхъы – дæ бынат. 8.9.99. Ш. Джыккайты».

Æз Шамилы лæгæй-лæгмæ зыдтон æртын фондз азæй фылдæр. Йемæ базонгæ дæн, йæ зæххон царды æмбисыл куы ахызт, уæд. Поэт уыдис йæ тæккæ лæджы кары, дзыллæйы ныфсы хос, йе сфæлдыстадон тæмæны. Æмæ уыцы уæззау уаргъ хаста йæ фæстаг улæфты онг. Адæмы лæджы ном хæссын та йæ скодта цытджын поэт æмæ рухс адæймаг. Цыппар æмæ ссæдз азы иумæ фæкуыстам Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты. Райдианы куыстам ирон литературæйы кафедрæйы, уый фæстæ та хицæн факультетты. Æмæ-иу мæ алы хатт дæр фæлмæн хъæлæсыуагæй афарста: «Цæй, кæм цы ис ногæй?»

Ирон филологийы факультет цы зæронд бæстыхайы кусы, уым æй бирæ уарзтой. Бæрзонд хаста Æлборты Барысби, Гæдиаты Цомахъ, Дзанайты Иван, Туаты Уæлгъа, Багаты Никъала æмæ иннæ разагъды лæгты фарн. Æмæ йæ уыцы фæлварæн фæндаг скодта уыцы цытджын адæмæй иу.

*БЕЗАТЫ Фаризæ*

# ДÆ УДЫ РУХС ÆГÆР КУЫРЫХОН УЫД…

Шамил йæхæдæг йæ радзырдтæй иуы – «Кæй ныв у зын скæнæн»-ы – фыссы, зæгъгæ, иу нывгæнæджы фарстой, æппæтæй зындæр æмæ æнцондæр цавæр нывтæ скæнын у, зæгъгæ. Æмæ сын дзуапп радта: «Æппæтæй æнцондæр – Хуыцауы ныв скæнын, уымæн æмæ йæ ничи федта, æппæтæй зындæр та – уасæджы ныв, уымæн æмæ дын дæ нывмæ фау хæсджытæ бирæ уыдзæн».

Зын дзурæн у Нафи æмæ Шамилы тыххæй дæр. Иуæй, уымæн, æмæ сæ журналкæсджытæ хорз зыдтой, иннæмæй та, ирон дзырдаивад æмæ литературæиртасынады дыууæ фидар цæджындзы аккаг ныхæстæн æгæр мæгуыр у мæ дзырдуат. Фæлæ бафæлварын æвзæр хъуыддаг нæу…

Адæймаджы амонд, дам, йæ куыст æмæ йæ бинонты цардæй арæзт у. Мæнгæн нæ фæарфæ кæнынц: райсомæй дæ куыстмæ цæуын куыд фæнда, изæрæй та – хæдзармæ. Мæ фæлтæр дæр йæ куыстæй амондджын уыд: фыццаджыдæр, «не ʻрттиваг рæстæджы» нæ куыст хъуыдис, æмæ нын уый æхсызгондзинад хаста; дыккаджы та афтæ рауад, æмæ æрвылбон нæ фарсмæ уыдтам Джыккайты Шамилы, тынг арæх – Джусойты Нафийы – ирон адæм сæ сæр бæрзонд кæмæй хæссынц, уыдоны.

Плиты Грисы æмдзæвгæ «Æртхутæгдон»-ы тыххæй Шамил загъта: «Иссæйы сгуыхтытыл скодтой зарджытæ, фыстой сыл æмдзæвгæтæ, поэмæтæ, роман, пьесæ. Фæлæ бæгъатырæн поэтикон цыртдзæвæнæн басгуыхт ацы чысыл уацмыс». Нафийы 70 азы юбилеймæ та ныффыста уац «Хæрзгæнæг», ныммыхуыр æй кодта газет «Рæстдзинад» (хорз хъуыддаг уаид ахæм æрмæджытыл афæлгæстытæ аразын, ногæй сæ мыхуыры уадзын). Нафийы цард æмæ сфæлдыстадыл дæр фыстой, фыссынц æмæ фысдзысты, фæлæ йын, мæнмæ гæсгæ, Шамилы уац цæрæнбонтæм баззайдзæн прозæйæ фыст поэтикон цыртдзæвæнæй, адæймаг æмæ фыссæджы стырдзинады гимнæй.

Хуыздæр зæгъæн цæмæн нæй, ууыл исты зæгъын удхайраг куыст у. Æмæ мæм хорз кæсы, уацæй Шамилæн йæхимæ дæр цы хауы, уыцы скъуыддзагæй спайда кæнын: «Нæ удыхъæд афтæ у, æмæ сгуыхт агурæм кæнæ историйы, кæнæ таурæгъты. Афтæмæй сгуыхт арæх сæнтысы нæ разы, фæлæ йæ нæ уынæм æмæ нæ хатæм. Уый нæм хуыздæр дардæй

зыны. Æмæ хæрзгæнæг хорз афоныл уымæн нæ ары». Фæлæ ма йын ис, æвæццæгæн, æндæр æфсон дæр. Шамил æй æргом зæгъы Брытъиаты Елбыздыхъойы номарæн æмдзæвгæ «Елбыздыхъо»-йы: «Дæ уды рухс æгæр куырыхон уыд, / Æмæ дын уый нæ лæмæгъ зонд нæ бары».

Дарддæр автор рахызт Нафийы характеристикæмæ: «Мæ фæлтæрæн хæрзгæнæг æмæ хæрзаудæг чи уыд, уыдонæй иу – Джусойты Нафи. Уый у, Иры зæхх йæ хæрзтæ рæдауæй кæмæн радта, ахæм амондджын адæймаг… Йæ хай фесты æрвон фарн æмæ зæххон курдиат. Уастырджи йын радта дзырдамонд æмæ зæрдæргъæвд. Нафи у хуымæтæг лæг æмæ хъомысджын ахуыргонд, хуымгæнæг æмæ рухстауæг, поэт æмæ гражданин. Йæ уæздандзинад ын дæтты ахæм хъару, æмæ цæргæ-цæрæнбонты у лæггадгæнæг æмæ зиууон… Йæ хистæртæн кæстæр у, йæ кæстæртæн – хистæр. Нæ классиктæн бæстон раиртæста се сфæлдыстадон бынтæ æмæ сын уымæй бакодта кæстæр æмæ фæдоны лæггад. Йæ кæстæртæн у зондамонæг æмæ ныфсдæттæг æмæ сын уымæн кæны хистæры æгъдау».

## ЙÆ РЫДЖЫ ДÆР НЕ СТЫ

Шамил Нафийæн куыд литературæиртасæг цы аргъ кодта, уый тыххæй та мæ хъуыдыйы баззад ахæм мысинаг. Деканæй куы куыста, уæд йæ кабинетмæ фæндаг мах кафедрæйы рæзты уыд, æмæ-иу алы райсом дæр фыццаг махмæ æрбакаст дуарæй. Иуахæмы дын æрбацыд, йæ къухы – газет «Литературная Россия». Салам дæр нæма радта, афтæмæй хъæрæй фæкодта: «Дæ мард фесæфа, Нафи, дæ мард…» Æмæ фæстæмæ ацыд. Ницы йын бамбæрстам. Уалынмæ та ногæй æрбаздæхт æмæ, раст цыма немæ быцæу кæны, уыйау хылгæнæгау ногæй афтæ: «Йæ мард фесæфа, йæ мард Нафийæн: Белинскийтæ æмæ Писаревтæ йæ рыджы дæр не сты, йæ рыджы…» Уыцы ныхæстæ дзургæйæ йæ цæстытæ цæхæртæ калдтой цин æмæ сæрыстырдзинадæй. Газеты мыхуыргонд уыд Нафийы критикон уац.

## НАФИ УÆЗДАН ЛÆГ У...

Æндæр хатт та, Нафи æрбацæудзæн, зæгъгæ, «Ирон къæбиц»-æн гыццыл фыдджынтæ æрбарвитын кодтам. Уый æфцæгыл æрбацыд æмæ йæ фæндаг университетыл ракодта. Уæдмæ мах дæр цæттæйæ æнхъæлмæ кæсæм, стонг уыдзæн, зæгъгæ. Шамилмæ дæр фæдзырдтам, æрбадтыстæм. Нафи, æз хæрдджын дæн, уæхицæн хæлар, зæгъгæ, цæуынвæнд акодта, фæлæ йын дзы ницы рауад. Бадæм, æнхъæлмæ кæсæм – лекциты фæстæ нын фыдджынты тæф æхсызгон кæм нæ уыдаид. Уæд Нафи

æфсæрмæй уыцы гыццыл фыдджын цыппар дихы акодта æмæ уæзданæй хæрын райдыдта. Шамил нын нæ уавæр æмбæрста, стæй, æвæццæгæн, йæхædæг дæр фыдджынтæм уазал цæстæй нæ каст, æмæ дын афтæ: «Чызджытæ, Нафи уæздан лæг у æмæ уæздан хæрдтытæ кæны, фæлæ мах уымæ нæ кæсдзыстæм». Æмæ бавнæлдтам нæ фыдджынтæм. Мах нæ хæйттæн сæ хабар бакодтам æнтыстджынæй, Нафи та уыцы цыппæрæм хайыл ахицæн кодта йæ сихор, ногæй та, «хæрдджын дæн», зæгъгæ, иуварс акодта йæ тæбæгъ. Уæдæй фæстæмæ нæм дзырдæн баззад нæ кафедрæйы, исчи, махмæ гæсгæ, æгæр уæздан хæрд куы фæкæны, уæд, Нафийы хæрдтытæ куы кæныс, зæгъгæ… Алцæмæй дæр – бæрц, алкуы дæр – уæздан Нафи… Уæдæ йæ истæмæй бафарстай, уæд-иу афтæ: «Уый, æвæццæгæн, афтæ у…» кæнæ «Мæнмæ гæсгæ…».

## МÆ ХОРЗДЗИНÆДТÆ МЫН ФÆЗМУТ...

Шамил йæ уацы бæстон фæнымадта, стыр поэт æмæ стыр адæймаг-мæ йын цы домæнтæ ис, æмæ, Нафимæ æххæстæй чи уыд, уыдæттæ. Ахæм домæнтæн йæ цард æмæ йæ куыстæй дзуапп лæвæрдта Шамил йæхædæг дæр æмæ сæ загъта йæ поэзийы. Авайраг (солиаг) стыр поэт Расул Гамзатов йæ адæмы хуыздæрты схуыдта «паспорт своего народа», зæгъгæ. Æнæ гуырысхойæ ирон адæмы паспорт у Джусойты Нафи дæр…

Ирон литературæ скъолайы ахуыр кæнынæн хæрз гыццыл рæстæг кæй ис, уый сусæггаг нæу, сусæг кæнын дæр нæ бакомдзæн. Уымæ гæсгæ арæх пайда кæнын хъæуы поэзийы уроктæй (поэзийы изæртæй). Æз дæр студентты ахуыр кодтон ахæм урок «хъуыддаджы хъазт»-ы хуызы Шамилы лирикæйæ бацæттæ кæнынæл хуымæтæджы практикон ахуыры рæстæг. Урок хъуамæ хорз рауадаид, æмæ мæ сæры фæмидæг Шамилæн йæхи æрбахонынæ хъуыды, нæ та разы кæндзæн, фæлæ бафæлварон, зæгъгæ. Нæ разы кæндзæн та уымæн зæгъын, æмæ уымæй размæ уац ныффыстон йæ лирикæйыл, æмæ йæ куы бакастаид, уый мæ фæндыд, фæлæ мын нæ разы кодта, мæхи тыххæй, дам, кæсын нæ уарзын. Ныр дæр, йæ кабинеты дуар куыд æхгæдта, афтæ йыл фæхæст дæн. Хъуыддаг ын куы бамбарын кодтон, уæд уыцы разæнгардæй фæраст мæ фæстæ. Разыйæ баззад студенттæй, бирæ пайдайаг хорз хабæрттæ сын ракодта йæхædæг дæр. Студенттæ куы ацыдысты, уæд мын афтæ: «Мæн тыххæй кæй уыд уæ фембæлд, уымæн нæ зæгъын, фæлæ ахæм хорз хъуыддæгтæм искæйты дæр хъæуы хонын, телеуынынад, радио, акæс-ма, куыд хорз уын рауад. Уый факультетæн дæр æгады хос нæу, стæй дæхи равдисын

дæр хъуамæ зонай». Æз дын куы фæрæвдз уаин, ма мæ, зæгъын, худын кæн, цыма дæхæдæг тынг рæвдз дæ дæхи равдисынмæ, уыйау. Æмæ мын уæд мæстæлгъæдæй уыцы зæрдиагæй бауайдзæф кодта. «Æз уын афтæ фæзæгъын, афтæ, ме 'взæрдзинæдтæ мын ма фæзмут, ме 'взæрдзинæдтæ! Хорздзинæдтæ дæр мæм ис, æмæ мын мæ хорздзинæдтæ фæзмут!»

## ÆППÆТÆЙ ФЫЛДÆР ЦАРДЫ ЦЫ УАРЗЫН, УЫЙ ЗОНЫС?

Искæмæй-иу раппæлынмæ куы хъавыд, уæд-иу афтæ: «Ам мæнæй фæстæмæ дæуæй лæгдæр нæй». Мæнмæ дæр дзы иу хатт æрхауд уыцы æппæлæн ныхас.

Кæддæр университеты кæрты райсомæй куыстмæ цæугæйæ баиу стæм. Кæрт алыхуызон дидинджытæй цæхæртæ калдта, æмæ Шамил афтæ: «Æппæтæй фылдæр царды цы уарзын, уый зоныс?» Æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта: «Бæлæстæ æмæ дидинджытæ». Æндæр хатт дæр, уый та Ног азы къæсæрыл уыд, мæ разæй рацыдысты Гуæздæрты Азæимæ. Æз сæ уынджы асинтыл лæугæйæ раййæфтон. Кастысты, университеты раз цы диссаджы рæсугъд заз бæлас сæвæрдтой Ног азмæ, уымæ. Æнæуи университеты кæрты дæр æмбисонды рæсугъд заз бæлæстæ ис, æмæ уыдонæй иуы алы аз дæр бæрæгбонаразт скæнæм, фæлæ ма уæд цæмæндæр æдде дæр сæвæрдтой заз бæлас. Мæнæн райсомæй дæр мæ зæрдæйы тугтæ ныккалдысты, цалдæр боны тыххæй ахæм рæсугъды кæй акалдтой, ууыл. Ныр дын мæ Шамил куы афæрсид: «Тынг рæсугъд у ацы бæлас, æвæдза, нæ?» Æз ын цыбыр дзуапп радтон: «Йæ тæригъæд ын фæхæссæнт». Мæ дзуаппæй йæ цæсгом куы фæрухс, уæд æй фембæрстон, уый къахæн фарст кæй уыд, ноджы ма афтæ куы бакодта: «Æз мæнгæн нæ фæзæгъын, нæ, ам мæнæй фæстæмæ Фаризæйæ лæгдæр нæй, зæгъгæ».

Ацы мысинаг хуымæтæджы не 'рхастон. Фаг у Ног азы размæ горæты уынгтæм акæсын. Кæрæф уæйгæнджыты хъомысæй, цыма нæзы хъæд рæстæгмæ горæтмæ уазæгуаты æрбацæуы, уыйау азмæлæнтæ нал вæййы уынгты амæй-ай рæсугъддæр æвзонг бæлæстæй. Сæ къух сæм куыд батасы, сæ къух, уый у хъуыдыйаг…

## ИРОН ЛÆДЖЫ УАРГЪ

Кæд махæн искуы аивæй нæ хъуыдытæ зæгъын нæ къухы бафтыд, уæд уым дæр ахадгæ у Шамилы бавæрæн. Кусын куы райдыдтам, уæд-

иу нæ наукон-иртасæн уацтæ фыссын бахъуыд. Редакци та сæ кодта Шамил. Иуахæмы мæм фæдзырдта æмæ афтæ: «Цы ныффыстай, уый мæ зæрдæмæ фæцыд. Фæлæ архай цыбыр хъуыдыйæдтæй фыссыныл».

Худæджы хабæрттæ дæр ыл-иу æрцыд. Иуахæмы кафедрæйы ныхас рацыд фысджытæй кæуылдæр. Мæнæн чидæр афтæ, амард, дам. Æмæ йæ æз дæр кафедрæйы радзырдтон, фæлæ йæ ничи фехъуыста, æмæ Шамилы бафæрсынмæ рацыдтæн. Уый къæлидоры лæууыд æмæ тынг ныддис кодта, æз æй куыд нæ фехъуыстон, зæгъгæ. Хабар мæнг разынд, фæлæ йæ мах нæма зыдтам. Æмæ уæд Шамил афтæ: «Æниу, адæймаг алы бон дæр зианты вæййы æмæ…» Стæй радзырдта, зæгъгæ, айразмæ, хохæй се 'рвадæлты лæппутæй иуыл амбæлд. Кæрæдзи фæрафæрс-бафæрс кодтой, æмæ йæ Шамил, дæ мад куыд у, зæгъгæ, куы афарста, уæд æм уый æдзынæг фæкаст, стæй афтæ, æмæ, дам æй æртæ азы размæ куы бавæрдтам. Шамил ын уайдзæфтыл схæцыд, æз æй цæуылнæ фехъуыстон, зæгъгæ. Лæппу та йæм ногæй ныккаст æмæ йын афтæ: «Æмæ дзы куы уыдтæ, ныхас дæр ма дзы дæхæдæг куы ракодтай».

Дзырддзæугæ лæджы Ирыстоны алкæд дæр агуырдтой, æмæ Шамилæн дæр улæфты бон нæ уыд. Куывдтæм, чындзæхсæвтæм æй хуыдтой хистæрæн. Уый та уæззау аргъ у, уæлдайдæр ныры рæстæг, иууылдæр сæ цины хабæрттæ ресторантæм куы раивтой музыкæйы æнæрæнцой цъæлхъæримæ, уæд. Бирæхатт-иу къуырисæры фæсусæй куы 'рбацыд, уæд-иу æй мах базыдтам, знон та йæ тынг хъæрæй кувын кæй бахъуыд, уый.

Бирæ ис дзурæн Адæймаг æмæ Поэт Джыккайты Шамилы тыххæй. Фæлæ æмбисонд «дзырд йæ зæгъæджы хуызæн вæййы» ам махæн æххуысгæнæг разындзæн. Шамил йæхи тыххæй йæхæдæг загъта йæ лирикæйы.

Уый йæхицæн ном скодта «рæстаг куысты сыгъдæг фæндаг» æвзарынæй. Йæ цард æмæ йæ куысты нысаны тыххæй загъта: *«Æз арвæй а зæхмæ æрхызтæн, / Цæмæй дзы уа рæстдзинадæн цæрæн».* Рох дзы нæ уыд: йæ фыдæлтæн *«сæ ном, сæ цытыл никуы абадт рыг».* Зыдта: *«Уæззау аргъ сты ном æмæ æфсарм».* Адæймаджы царды нысаны тыххæй скодта хатдзæг: *«Куы цæрæм – уæд чысыл æмæ дзæбæх, / Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй».* Поэты ном æмæ йыл курдиат цы стыр хæс æвæрынц, уый æмбаргæйæ, «сыгъдæг сонетæй» куырдта: *«Рæстдзинады пехуымпар мæ ыскæн».* Æмæ дзы скодта...

Æцæг сфæлдыстады цæхæрыл æртхутæг нæ бады. Æцæг лæджы ном рох нæ кæны. Нæу æмæ нæ уыдзысты рох Шамилы ном æмæ сфæлдыстад дæр.

*БИТАРТЫ Маринæ*

# ÆНÆРÆНЦОЙ ЗÆРДÆ

Алы адæймагæн дæр ис рухс мысинæгтæ йæ сабидуг æмæ æвзонг бонтæй. Æхсызгонæй æрымысы скъолайы ахуыры рæстæг, фæлæ йæ царды фæндаг та райгæрды студентæй, ныфсхаст, уæндон къахдзæфтæ кæнгæйæ. Уымæн æмæ алкæмæн дæр йæ разы уыдис ахæм ахуыргæнæг, арæхстджынæй йæ чи аразта царды фæндагыл.

Ирон филологийы факультеты алы азты чи ахуыр кодта, уыдонæн бирæ ахæм ахуыргæнджытæ уыдис. Фæлæ сæ алкæмæн дæр уыдис йæхи Шамил. Студенттæн дæр хъауджы нæ уыд, кæцыфæнды курс ма уæд, – хъарм ахастытæ се ‘хсæн. Фарн та дзы байтыдтой нæ уарзон ахуыргæнджытæ æмæ нæм-иу цы зындгонд ахуыргæндты – ирон дзырды дæсныты – æрбахуыдтой, наукæ, культурæ, традицитæ нын нæ дадзинты чи ауагъта, уыдон. Чи зоны, æмæ уæд уыдонæй алчи студенттимæ фембæлдтытæм дæр тагъд уымæн кодта, æмæ сæхи факультет уыд, кæцы сын ссис «рухс кувæндон». Ныртæккæ сæ номæй-номмæ нæ нымайдзынæн, алчи дæр дзы хицæн ныхасы аккаг у. Мæ ирд мысинæгтæ баст сты Шамилимæ … Фæнды мæ цыдæр базырджын ныхæстæ зæгъын, фæлæ цыма хуымæтæг ирон æвзагыл «нæхи Шамил» зæрдæйыл тынгдæр æндзæвы.

Ис ахæм стæм адæм: йæхи хуымæтæг æвдисы, цыргъзонд, хъæлдзæг ныхасгæнаг, фæлæ дзы аргъуц кæныс. Ахуыр ыл кæныс алцæуыл дæр: аргъ кæнын æмæ уарзын Фыдыбæстæ, фыдыуæзæг, мадæлон æвзаг... Æвзæрæй æвзæр загъта, зæгъгæ, уæд ын йæ ныхæстæ арф дæ зæрдæмæ айстай æмæ цæрæнбонты дæхи хизыс уымæй. Хорз хъуыддаг бахахх кодта, уæд дæм ис тырныиндзинад. Ахуыр ма нæ кодта кæрæдзийæн аргъ кæнын, искæй æнтыстдзинæдтыл цин кæнын. Нæ лæппутæй спорты чидæр рамбылдта, уæд-иу æхсызгонæй загътаид: «Ирыстон та басгуыхт, фæтыхджындæр».

Никуы мæ ферох уыдзæнис, ахуырады рацарæзтытæ, ивддзинæдтæ куы райдыдтой, уæд куыд утæхсæн кодта æмæ та-иу сагъæсгæнгæ загътаид уæды Уæрæсейы ахуырады министрæй, зæгъгæ, у Америкæйы æлхæд лæг. Мах-иу нæ мидбылты бахудтыстæм. Нæма æмбæрстам кæронмæ нæ уарзон ахуыргæнæджы æмвæзад, цы арф хъуыдыгæнæг, дардмæ уынæг уыд, уый.

Фыдыуæзæг кæмæнфæнды дæр уарзон у, æнкъарæнтæ, æхсызгон



Безаты Фаризæ æмæ Битарты Маринæимæ

мысинæгтæ æвзæрын кæны алкæмæн дæр. Æмæ та ам дæр Шамил æрмæстдæр йæхи хуызæн уыд. Йæ фæлгонц Дзомагъ мысгæйæ цæстытыл уайы: сæрбæрзонд, фæтæнриу, рудзынджы раз лæууы, мидбыл худгæйæ нын дзуры Дзомагъы къуылдымты рæсугъддзинады тыххæй, цæстытыл та æнкъард фæлм бады. Ирдæй равдыста фыдыуæзæгмæ уарзондзинад басня «Уызын»-ы.

Кæддæр та не 'хсæн бацайдагъ Камбилеевкæйы хъæуы тыххæй ныхас. Арф ныуулæфыд æмæ афтæ зæгъы: «Тæхуды, æмæ ма искуы Ленины уынджы фистæгæй кæрæй-кæронмæ рацу…» Мæ зæрдæмæ йæ бахастон. Фæстæдæр, Горæтгæрон районы газеты редакторæй кусын куы райдыдтон, уæд Ленины уынджы Шамилы раздæры сыхæгты номæй Цæгæраты Катя фыстæг-курдиат æрбахаста, цæмæй уынг Шамилы номæй раивой. Æз æй æхсызгонæй районы уæды хицау Джиоты Георгимæ бахастон. Куырыхон разамонæг загъта: «Тынг хорз хъуыды, фæлæ Ленины номæн ивæн нæй, цæй æмæ цæхгæрмæ уынгæн раттæм йæ ном». Æмæ ныр Камбилеевкæйы хъæуы ис Шамилы уынг. Абон æз дæн бузныг Цæгæраты Катяйæ, кæй сæндидзын кодта ацы арфæйаг хъуыддаг, Джиоты Георги йын сæрæвæрæн кæй скодта, Гаглойты Алан та йæ царды кæй рауагъта.

Арæх фæхъуыды кæнын, æмæ мæ дисы æфтауы, куыд цыдис Ирыстон Цæгатæй Хуссармæ йæ цин æмæ йæ хъыгимæ Шамилы æнæрæнцой зæрдæйы. Мæхи та хонын амондджын, кæй мын уыдис ахæм хъомылгæнæг, ахуыргæнæг, наукон разамонæг. Хæзнайау хъахъхъæнын мæ æвæрæнты Шамилы къухæй рæстытæгондæй мæ наукон уац.

*БУЛКЪАТЫ Игорь*

# ХУЫЦАУ ÆЙ ЙÆ ХЪÆБЫСМÆ СИСТА ÆМÆ ЙЫЛ БАУЗÆЛЫД…

Æвæццæгæн, алы адæммæ дæр ис йæхи ахæм фысджытæ, Хуыцауы раз дзуапп дæтгæйæ йæ дзыллæйы хъизæмæртты тыххæй æргом æмæ уырнинагæй чи радзурдзæн. Италиæгтæн ахæм фысджытæ уыдысты Вергилий æмæ Данте, испайнæгтæн – Лопе де Вега æмæ Лорка, немыцæгтæн – Гете æмæ Шиллер, англисæгтæн – Шекспир æмæ Киплинг. Ирыстойнаг фысджытæн сæ фыццæгтæй уыцы хъуыддаджы нымадæуы Джыккайты Шамилы. Цард афтæ у, æмæ дæ рисыл куы дзурай, уæд дæм алчи нæ хъусы, уый поэзи та ахæм сыгъдæг æмæ зæрдæмæхъаргæ у, æмæ йæ Хуыцау уайтагъд йæ хъæбысмæ систа æмæ йыл баузæлыд.

Поэтæн йæ цард æнцон никуы вæййы, йæ фæндаг у зын, фыдæвзарæн, фæлæ, Шамил Илас Æрнигоны тыххæй куыд загъта, уыйау: *«Мæ цæсгомыл цы рыг фæбадти, уымæй / Мæ рох уæлмæрдыл рацæудзæн обау...»*

Шамилæн йе ‘мдзæвгæтæ стъалытимæ куыд тæхынц уæлæрвты, ахæм хуызы бацæрынц чиныгкæсæджы риуы дæр, æмæ сæ уæд зæрдæ хæссы бæрзæндты. Æнæхсæст, æнæуд ныхæстæ йæм нал æрцæуынц, нал ын фæфæлдахынц зыгъуыммæ йæ уд…

Ме ‘мгæрттимæ абон дæр фынгыл бадгæйæ хъæрæй фæкæсæм «Илас Æрнигон», «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ», «Рагон Иры хъаст», «Изæрмилты кувын», «Овидийы хъаст», «Тины куывд», «Поэты зæрдæ» æмæ Шамилы æндæр æмдзæвгæтæ. Диссаджы аивæй кæй зæлынц, æрмæст уый тыххæй нæ, фæлæ, зæрдæвæндтæн дзуапп кæй дæттынц, Ирыстонæн йæ фидæны хъынцъым кæй æнкъарыс, уый тыххæй.

Джыккайты Шамилы сфæлдыстадыл хъуыды кæныс, уæд æй æмбарыс, зæрдæлхæнæн митæй дард кæй у, риу-æмриу кæй лæууы, йæхимæ хæстæг чи нæ уадзы, уыцы рæстдзинадимæ. Куыд æй бауагъта уæдæ æввахс? Уæдæмæ, Шамил йе ‘мдзæвгæтæ барвыста йæ разæй рæстдзинадмæ æмæ йын æвиппайды балхæдта йæ зæрдæ. Уый сæ йæ къухмæ систа гыццыл къæбыстау, йæ риумæ сæ æрбалхъывта æмæ сæ барæвдыдта. Уый о, фæлæ поэт йæхæдæг æнæ ирвæзынгæнæгæй

баззадис – ныр æй хорз зонæм. Энерги хъахъхъæныны закъон афтæ у – де ‘мдзæвгæтæн цы тых, цы хъару радтай, уымæй фæцух уыдзысты дæ уд æмæ дæ буар. Æндæр гæнæн нæй, афтæ у æцæг поэты хъысмæт.

…Шамилимæ дзургæйæ, уæлдæфы сатæггæнæджы тæф чи кæны, уаты къулыл та Пукиревы ныв «Æнæмсæр къайады» æвзæр репродукцийау ауыгъд чи у, ахæм мæнг цыдæр æнкъарæнты ахæсты бахауынæй никуы тарстæн. Хъуыстон йæ зæлланг хъæлæсмæ, кастæн йæ цæстыхауты дзедыры аууонмæ æмæ æмбæрстон, раджы кæй рахызт уыцы карæй, æрмæст æвзонгад кæм ныхъуыры мæнгдзинад æмæ æнаккагдзинад. Мæ фыд куы фæзиан и, уæд æрбацыдис Шамил, кæмæйдæр иу бапъироз райста æмæ йæм смудын райдыдта. Адæм сæ бахудт сæ армытъæпæны амбæхстой. Михалы фæзмыдта – инфаркты фæстæ йын дохтыртæ нæ уагътой дымын, æмæ иу аслам бапъироз йæ фындзы хуынчъыты бын разил-базил кодта. Фæстæдæр, Шамил мæ цуры куы лæууыдис Октябрьскийы мæ фыдыфсымæр Ильяйы кæрты æмæ нын тæфæрфæс куы кодтой, уæд мын загъта: «Хуыцау нæ хъусы не ‘рдиагмæ, иугæр кæд нæ хъахъхъæны Михалы хуызæн фысджыты, нæ сабыр кæны нæ рис, æмæ цæмæн афтæ у, уымæн ницы æмбарын. Кæд афтæ у, уæд мæхи къухæй ныффысдзынæн дурцыртыл эпитафи». Æз æй афарстон: «Уый та куыд?» Æмæ мын афтæ: «Мæ дзыппы иу пъолы зæгæл, бацæудзынæн æмæ, Хуыцау цы нæ банкъардта, уыцы рис райдайдзынæн къахын мраморы фæзыл, цалынмæ дур не сулæфа!»

Уæд кæуын нæ уыди худинаг, цæстысыгтæ хигъæдæй тылдысты мæ рустыл, æз та дзырдтон, ома мæ цæсты ныхыйас дзынга батахти, зæгъгæ. Уый уыдис 1993 азы. 2011 азы та Шамилы æвирхъау мард акодтой. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ уымæй Ирыстоны бæрзонд поэзийы тых æмæ хъару басастæуыд – Рæстзæрдæ Поэты мæлæт æвæры гæрæн Рæстдзинадимæ æмхицдзинадæн…

*ЕДЗИТЫ-НÆКУЫСАТЫ Наирæ*

# МÆ ЦАРДЫ ФÆНДАГЫЛ…

Æвæццæгæн, Джыккайты Шамилы æввахсмæ чи зыдта, уыдонæй йæ алчи дæр æхсызгонæй æрымысы, уымæн æмæ, зæгъæн ис, Шамил йæ удæй арт цагъта йæ адæмы рухс фидæны сæраппонд. Адæмон поэты ном дæр ын хуымæтæджы нæ радтой.

Æз Шамилы фыццаг хатт федтон 2000 азы, ЦИПУ-йы филологон-журналистикон факультетмæ ахуыр кæнынмæ куы бацыдтæн, уæд. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый размæ дæр ын йæ кой хъуыстон, телеуынынады дæр æй арæх æвдыстой, фæлæ йæ уæды онг никуыма федтон хæстæгмæ. Суанг ма-иу мæм ахæм хъуыды дæр фæзынд: «Тæхуды, цæй амондджын у уыцы адæймаг, Шамилæн йæ къух чи райсы!» Ахæм диссаджы поэт мæм касти…

Мæхæдæг æмдзæвгæтæ фыссын райдыдтон 9-æм къласы. Студенты кары дæр фыстон. Шамил мын ме 'мдзæвгæтæ куы федта, уæд сыл тынг бацин кодта. Фыццаг курс куы фæдæн, уæд университеты байгом кæнынмæ хъавыдысты ирон литературон сфæлдыстады факультет. Йæ сæргълæууæг хъуамæ суыдаид Шамил. Уыцы рæстæджы ирон филологон-журналистикон факультеты декан та уыдис Къомайты Риммæ. Уый мæ йæ кабинетмæ æрбахуыдта æмæ загъта: «Уыцы факультетмæ дæ æнæ экзаментæй ивæм, кæд разы дæ, уæд». Куыддæр йæ ныхас загъд фæцис, афтæ Шамил дæр æрбахызт. Гъеныр, дам, Шамил ацы уысм дзæгъæлы нæ фæзынд… Ома разыйы дзуапп ратт. Фæлæ æз не сразы дæн. Мæ ахуыры аз мæ дзæгъæлы сафын нæ бафæндыд... Фæстæдæр нæ факультеты фæзынд литературон сфæлдыстады кафедрæ, йæ сæргълæууæг сси Шамил. Уым куыста Æлборты Хадзы-Умар дæр. Ме 'мдзæвгæтæ фыццаг хатт, мыхуырмæ сæ раттон, зæгъгæ, уымæ равдыстон. Цыбыр разныхас мын ныффыста, æмæ афтæмæй мыхуыры рацыдысты «Мах дуг»-ы.

Цасдæр рæстæджы фæстæ ирон литературон сфæлдыстады кафедрæ дæр æхгæд æрцыд. Ректор, дам, афтæ зæгъы, иу поэт уæм ис, æмæ уый дæр филологон факультеты ис… Ома æз… Уыцы заман цыма æмдзæвгætæ æрыгæттæй æцæгæйдæр ничиуал фыста. Дойаты Луизæ цымыдисаг радзырдтæ фыста, фæлæ йын йæ кон ничиуал хъуыста… Иу чызг ма (йæ мыггаг уыдис Гаглойтæй) хорз æмдзæвгæтæ фыс-

та, фæлæ йæ æппынфæстаг нал бафæндыд йæ зæрдæйы сагъæстæ адæмы рæгъмæ хæссын. Уыцы заман æрыгон фысджыты фæлтæр цыма цыдæр æрбаци. Уый фæдыл тынг сагъæс кодтой хистæр кары фысджытæ. Шамил-иу мын загъта: «Мæ иунæг ныфс ды дæ». Фæлæ цасдæр рæстæджы фæстæ æз дæр нал фыстон. Хъодзаты Æхсар мын-иу бауайдзæф кодта: «Азмæ иу æмдзæвгæ дæр нал ныффыссыс? Цин кæн истæуыл. Исты куы феныс, дæ зæрдæ дын исты куы фæцагайы, уæд-иу ыл æмдзæвгæ ныффысс. Ирон адæмæн литературæ куы нал уа, уæд уый се сæфт у…» Æз дæр уыцы рæстæджы, Гаглойты чызгау, барæй нал фыстон. Æмæ æнхъæлдтон, нал фысдзынæн. Фæлæ уый дæр адæймагæн æдзух йæхицæй аразгæ нæ вæййы. Цард цæуы æмæ йемæ фарн хæссы. Ирон литературæйы ног нæмттæ фæзынди…

5-æм курсы куы ахуыр кодтон, уæд мæ хъуыдис дипломон куыст фыссын. Мæ наукон разамонæг мын бар радта, цæмæй дипломон куыстæн темæ равзарон мæхæдæг. Æз равзæрстон Джыккайты Шамилы трагеди «Хъодыгонд зæд». Уый уыдис æнæвнæлд темæ. Театралон критикæйы хуызы уыцы рæстæджы мыхуыры рацыд Дзыныхты Аленæйы чиныг «Æнусон хъыг бæрзонд удтыл æнцайы» (уацмыс сценæйы кæд æмæ куыд æвæрд æрцыд, уыдæтты фæдыл), фæлæ литературон критикæйы Шамилы трагеди нымад уыдис ног уацмысыл, зонадон æрмæг ыл нæма уыд. Хъантемыраты Римæ (уæды заман – ирон литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг) загъта: «Кæд æй фæнды, уæд фыссæд». Трагеди «Хъодыгонд зæд»-æн мæм йæ сæйраг хъайтар дæр Шамилæн йæхи хуызæн тынг касти: Борæхан дæр Шамилы хуызæн у тохмæ сидæг, сæрибаруарзаг, æргомдзырд… Тынг разæнгардæй куыстон мæ темæйыл. Абон дæр ма мын æхсызгон вæййы уыцы бонтæ æрымысын – уыдон уыдысты мæ фыццаг къахдзæфтæ зонадон куысты дунемæ.

Ноджы ма иу хъуыддаг: фыссæг йæ уацмыс куыд фыста, йæ уацмысы сæйраг хъайтары прототип чи уыд, цавæр историон цауты бындурыл æй ныффыста, цавæр сфæлдыстадон къæпхæнтыл ахызт – ахæм фæрстытæн дзуапп раттын, нæ заманæй дард чи у, ахæм фыссæджы уацмысыл кусгæйæ, æдзух æнцон нæ вæййы, растдæр зæгъгæйæ та уыдон арæх сусæггондæй баззайынц. Фæлæ мæнæн Шамил уыдис мæ разы. Йæ кафедрæмæ-иу бауадтæн æмæ-иу æй истæмæй афарстон. Мæ димпломон куысты дæр уыцы фембæлдтыты

фæстиуджытæ ахæм хуызы фæнысан кодтон: «Джыккайты Шамилы фиппаинаг». Фæстæдæр мæ дипломон куыстæй уац скодтон æмæ йæ мыхуыры рауагътон.

Университет каст куы фæдæн, уæд бацыдтæн аспиратурæмæ. Шамил ссис мæ наукон разамонæг. Абырæгдзинад ирон литературæйы куыд æвдыст æрцыд, уый мын иртасæн куысты темæйæн равзæрста. Мæхæдæг, дам, ацы темæйыл уац уæддæр куы ныффысин, зæгъгæ, хъуыды кодтон, фæлæ, дам мын нæма бантыст. Гъемæ, дам æй дæуæн лæвар кæнын. Кæй зæгъын æй хъæуы, сразы дæн. Тынг цымыдисаг темæ уыди. Ирон литературæйы абырæгдзинады темæйыл бирæ уацмыстæ фыст нæй, стæй сыл уыцы рæстæг иумæйаг афæлгæсты хуызы ничима бакуыста. Диссертаци бахъахъхъæныны рæстæг мын оппонент та уыдис Джусойты Нафи. Цæгат Ирыстоны-иу æнæуи дæр арæх уыд, фæлæ мæ куыст хъахъхъæныны бон Хуссар Ирыстонæй сæрмагондæй ссыд мæн тыххæй. Йæ фыстытæ мын мæ разы авæрдта, æмæ сын æз дæр, цалынмæ ма рæстæг уыдис, уæдмæ дзуапп афыстон. Ахæм номдзыд ахуыргонд æмæ фыссæгæн дзуæппытæ дæттын æфсæрмы дæр кодтон, фæлæ мæ кафедрæйæ исты дзурын хъуыди… Шамил тынг разыйæ баззад.

Студент ма куы уыдтæн, уæд Шамилыл æмдзæвгæ дæр ныффыстон. Ме 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Уадындз»-мæ йæ бахастон 2007 азы. Уыцы заман ма Хъодзаты Æхсарыл дæр ныффыстон æмдзæвгæ. Дыууæйæ дæр мын дзырдтой, чиныгмæ сæ ма бахæсс, зæгъгæ. Рæстæг, дам, куы рацæуа, уæд, дам, уыцы «идеализацийæ» суæгъд уыдзынæ, æмдзæвгæ та, дам, чиныгæй айсын дæ бон нал суыдзæн. Æхсарыл кæй ныффыстон, уый айстон, иннæ та – нæ. Æмæ æцæгæйдæр, куыд мын дзырдтой, афтæ рауад. «Идеализацийæ» фæстæдæр суæгъд дæн. Аспирантурæйы ахуыр кæныны рæстæг Шамилимæ иу кафедрæйы дæр акуыстон. Базыдтон æй хуыздæр. Шамил разынд хуымæтæг адæймаг. Мæсты дæр-иу сси, цин дæр-иу кодта. Фæлæ кæд уыцы æмдзæвгæ чиныгмæ хаст æрцыд, уæд ыл фæсмонгæнæн нæй, уымæн æмæ уый æвдисы мæ зæрдæйы ахаст Шамилмæ мæ царды бæлвырд рæстæджы, ме 'рыгон азты. Пафос дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, ис, фæлæ, зынгзæрдæ поэты мысгæйæ, чи зоны, ацы æмдзæвгæ дæр йæ бынат ссардзæн...

О, Шамил уыдис мæ царды æмæ дзы зынгæ фæд ныууагъта…

*ХЪАЗИТЫ Эдуард*

# НÆ АГЪУЫСТ ФÆРУХС ÆМÆ ФЕСТЫРДÆР ИС

Мæ фыд Хъазиты Павел тынг уазæгуарзаг уыд. Суанг йæ дард зонгæтæй дæр ахæм нæ разындзæн, хæстæджыты кой та æппындæр нæ кæнын, уазæгуаты нæм чи нæ сæмбæлд. Æмæ-иу мæ мад Безаты Фаризæ хъазгæйæ арæх дзырдта: «Бирæ чидæртæ трамвайы дæр нæ федтой уыйбæрц адæм, æз уазджытæ цас федтон мæ хæдзары». Æз уæд нырма сывæллон уыдтæн, æмæ нæм-иу бынтон арæх цыдысты мæ фыдæн йæ мадырвадæлты лæппутæ – хæстæг нæм цардысты. Сахуыр сыл дæн æмæ сæ уазджытыл дæр нал нымадтон: сæ рæзты-иу уыдоны ʻрдæм нæ кæсгæйæ фæмидæг дæн иннæ агъуысты.

Иуизæр дæр та æрбацыдтæн уынгæй æмæ, мæхи агъуыстмæ тагъд-тагъд куыд фæцæйуадтæн, афтæ мæ фыды хъæлæс айхъуыстон: «Ардæм-ма рауай!» Фездæхтæн æмæ ауыдтон бынтон æндæр кæйдæрты. Бауайдзæф мын кодта мæ фыд, уазджытæн салам дæттын хъæуы, уый дæ ферох, зæгъгæ. Æз цыдæртæ мæхи раст кæнынæн багуым-гуым кодтон, зæгъын, афтæ æнхъæлдтон, Сергиитæ та сты.

Нæ уæ бауырндзæн, фæлæ дуары комкоммæ цы ирдцæсгом урссæр нæлгоймаг бадт, уымæй цыма нæ агъуыст уæлдай рухсдæр æмæ стырдæр фæцис, афтæ мæм фæкаст.

Мæ мады куы бафарстон, уыцы лæг чи у, зæгъгæ, уæд мын загъта: «Уый у Джыккайты Шамил, махæн дæ фыдимæ ахуыргæнæг уыд университеты». Нæ агъуыст мæм рухсдæр æмæ стырдæр кæй фæкаст, уый кой дæр ракодтон мæ мадæн.

Скъола фæдæн, университетмæ бацыдтæн ахуыр кæнынмæ. Мæ мад уæдмæ кусын райдыдта Шамилы кафедрæйы. Æмæ иубон ууылты рацыдтæн нæхимæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы раджыйы хабар мæ мад Шамилæн радзырдта, æмæ йын тынг æхсызгон уыд. Мæнæн та афтæ: «Омæ ныр æнæхъæн лæг дæ, æмæ-иу æй искуы ныффысс». Хъазгæйæ мын загъта æви æцæгæй, уый нæ равзæрстон, фæлæ йын йæ фæдзæхст куы сæххæст кæнин, уый мæ фæнды.

Фæстæдæр ын йе ʻмдзæвгæйы рæнхъытæ *«Æз дæн пахуымпарау сæрыстыр, / Мæ ныхыл дзуары ныв хæссын»* куы бакастæн, уæд та мæ зæрдыл æрлæууыдысты мæ уыцы боны æнкъарæнтæ æмæ Шамилы ныхæстæ…

# СЫЗГЪÆРИН НÆМГУЫТÆ

*Джыккайты Шамилы уацмыстæй ист куырыхон хъуыдытæ æрæмбырд кодта Хъазиты Эдуард*

- ✓ Нæ бæркад уыд æфсарм æмæ æгъдауæй,
Нæртон ныхас дзы гаджидæуттæй цыд.

*(Фынг)*

- ✓ Уыди нæ фарн нæ ныхасæн æвдисæн…
Ирон фынг – уый Ныхас уыди кæддæр…

*(Фынг)*

- ✓ Лæг куы уа уæздан æмæ ныфсхаст,
Уæд нæ фæтыхсы йæ зынтæй.

*(Поэты къухфыст)*

- ✓ Бæрзонд хæхтыл фылдæр фæбады мигътæ.

*(Хæхты бæрзæндтæ)*

- ✓ Нæ дзырдтæн уæд æрвон тых æмæ рад,
Нæ цæсгом бахиз чъизи æмæ дауæй.

*(Мæ куывд)*

- ✓ Æртæ хорзы дæ намысæн бындур:
Бæрзонд зæрдæ, бæрзонд нысан, æрвон зынг…

*(Хъазыбег (Нывгæнæг Хетæгкаты Хъазыбегæн)*

- ✓ О, макуы уæд фыды уæзæг æлгъыст!

*(Изæрмилты Дзомагъы уæзæгыл)*

- ✓ Уæлæсыхыл куы бандзарынц ызнæгтæ,
Дæлæсых уæд цæмæн саразы хъазт?

*(Изæрмилты кувын)*

- ✓ Нæ зæххæй мæм æртæ хорзы æрхаудта:
Йæ рыст, йæ маст æмæ йæ уарзт.

*(Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон…)*

- ✓ Мæн æфстау дыккаг цард дæр нæ хъæуы.

*(Ныры уæздæттæн)*

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*Мæнæн, цы зæгъон, уый уыдис,*
*Зæгъын цы хъуыд, уый загътон...*


Сабибонтæ


Æрыгон поэт


Æвзонджы бонтæ


Фыссæг Цæрукъаты Валодяимæ





Йе ‘мкурсонтимæ Пятигорскы



Студенттимæ



Скъоладзаутимæ



Абайты Васоимæ фембæлд Реданты


Журналисттимæ


Цæллагты Валодяимæ



ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенттæ æмæ ахуыргæнджытимæ




ЦÆУЫН СÆРЫСТЫРÆЙ ЗÆХХЫЛ










АЦЫ УЫНГ ХÆССЫ ИРЫСТОНЫ
АДÆМОН ПОЭТ, ÆХСÆНАДОН
АРХАЙÆГ, ИРОН АДÆМЫ УАРЗОН
ФЫРТ, ПРОФЕССОР
ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ НОМ
1952-1991 а.а. ЦАРДИ НÆ ХЪÆУЫ
УЛИЦА НАЗВАНА В ЧЕСТЬ
НАРОДНОГО ПОЭТА ОСЕТИИ,
ОБЩЕСТВЕННОГО ДЕЯТЕЛЯ
ВЕЛИКОГО ПАТРИОТА СВОЕГО
НАРОДА, ПРОФЕССОРА
ШАМИЛЯ ДЖИКАЕВА
В 1952-1991 г.г. ЖИЛ В НАШЕМ СЕЛЕ










1940-2011





Йæ чызг Зæринæимæ



Цуциты Аслан æмæ Цыбырты Людвигимæ








ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ
70 домбай азы
ЦÆУЫН СÆ





Бураты Беллæ æмæ Хъазиты Мелитонимæ




Лæвæрттæ уæлахиздзаутæн



Исаты Мæхæмæт, Годызты Зарæ, Тахъазты Харум,
Шамил æмæ Сабайты Сулейман



Йæ 65 азы юбилейы фæдыл мадзал Дзæуджыхъæуы Сæйраг чиныгдоны




Йæ 65 азы юбилейы фæдыл мадзал Дзæуджыхъæуы Сæйраг чиныгдоны



1976 азы рауагъдонтимæ



Челæхсаты Хъазбег, Плиты Грис æмæ Нафиимæ



Дзомагъмæ балцы


ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ
ВАРЗИЕВ
ХАДЖИСМЕЛ
ПЕТРОВИЧ
3.02 1938 - 2011 20.03
ИСАЕВ
МАГОМЕТ
ИЗМАИЛОВИЧ
5.03 1928-2011 20.06
РУХСАГ У

✓ Кæлгæ хуырау кæрæдзийыл нæ хæцæм,
Нæ хæрзтæн нæу Къостайы сидт фæндон...

*(Изæрмилты кувын)*

✓ Фыдыбæстæ мын йе ‘взаджы хæзнатæ
Уæрсты боны кæстæры хайæн радта.

*(Хъæздыг дæн æз...)*

✓ Цæссыгæхсад зынамад дзырдтæй мастæй
Кæлæнгæнæгау карз хостæ кæнын.

*(Хæссынц мæм фау...)*

✓ Куы цæрæм – уæд чысыл æмæ дзæбæх,
Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй.

*(Дзæбидыр)*

✓ Æмæ зæххыл æппæт тыхтæй æрмæстдæр
Сæрибар æмæ намысæн куывтам…

*(Хазби)*

✓ Ис иу хæрзиуæг дунетыл лæгæн,
Йæ ном – Сæрибар, цинты-цин, æлутон

*(Сæрибар)*

✓ Сындзын арты куы судза лæг, уæддæр
Нæ уæй кæны йæ ном æмæ йæ фидæн.

*(Сих нæ дæн...)*

✓ Раст дзырд – мæ цардæн тæссаг,
Худинаг – уымæй тæссагдæр.

*(Зонджын мын амоны зонд...)*

✓ Æрра барæгау доны арф ысгæрстон,
Цæлхдур нæ уыдтон рухсы дæр куырмау.

*(Рæдыдæй уæлдай ницы уыд мæ царды...)*

✓ Нæ дуне куы фестид мæдджыт, уæд зæгъин:
Уарзт, Фидауц, Поэзийы номыл – амин!

*(Кæд загъта фыццаг хатт...)*

- ✓ Æз бануазин рæсугъд сыкъайæ марг дæр,

Фæлæ дзы нæу æфсарм нуазын мæ бон.

*(Иу куывды)*

- ✓ Цардæн нæ ивы йæ конд,

Хорз лæгæн бирæ и знæгтæ

*(Зонджын мын амоны зонд...)*

- ✓ Гамхуд нæ хæссы нæртон,

Хорз лæг нæ дары фæсномыг.

*(Зонджын мын амоны зонд...)*

- ✓ Æвзæр амондæн хорз хъару – бæхгæс!

*(Цыдысты балцы Хъобаны уæздæттæ...)*

- ✓ Нæ тæрсын æз Сыбыр æмæ мæгуырæй, –

Кæмфæнды дæр æмдзæвгæтæ  уыдзæн.

*(Чи хуызæр у)*

- ✓ Æрыхъусут-ма... Ме 'рттиваг рæстæджы

Фæцардтæн æз поэт æмæ лæгау.

*(Хæссынц мæм фау...)*

- ✓ Хъысмæт æмæ кадыл æз демонау худын,

Æз талынг  зæппадзы дæр зардзынæн хурыл.

*( Кæд загъта фыццаг хатт...)*

- ✓ Ирон зæххыл уазæг фысымæн – æлдар,

Æгъдау хæссын сонт дæр фæразы.

*(Æрдхорд æмæ æфсымæр)*

- ✓ Вæййы нын хæлæрттæ нæ цины дзæвгар,

Æфсымæр – хæрзгæнæг нæ тыхсты.

*(Æрдхорд æмæ æфсымæр)*

- ✓ Тæппуд хъæбатырæн нæ бары,

Хæрзконд цæстысындз у рыгъдæн.

*(Адæймаг)*

✓ Цагъар сæрибарæн нæ бары,
Цæргæсы знаг хоны уызын.

*(Адæймаг)*

✓ Ды скодтай зарæг адæмæн сæ хъыгтæй,
Ды ссыгътай артдзæст къонайы фæныктæй.

*(Къоста)*

✓ Беслæны басыгъди мæ зæрдæ,
Фæци йæ сæджы бын мæ ном.

*(Дзуапп)*

✓ Зæххыл нæй цардау сагъæстæн фæуæн,
Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы.

*(Нæ дæтты æрдз æххæст амонд лæгæн...)*

✓ Мæнæн уæлæуыл нал баззад хæлæрттæ,
Мæ ныфсытæ мын асæрфта мæлæт

*(Æвæрæз æмæ иунæг дæн зæрондæй...)*

✓ Бæлас гуыппы тыххæй фæлдахæм,
Нæ хъалæй къæдзæхтыл бырæм.

*(Æрцыдис ахæм рæстæг, ахæм...)*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# ЦÆУÆНТ НÆ ЗÆХХЫЛ АМОНД ÆМÆ УАРЗТ

* * *

О мæ фыдызæхх, мæ адæм,
«Уарзын дæ» нырма йæ цуры
Никуы загътон æз мæ мадæн,
Уый сымахæн дæр нæ дзурын.

Цæй-ма, ацы дзырд цы давы,
Кæд мæ зæрдæ ис уæ разы?
Хур æнусты дуне тавы,
Зæхх ын никуы загъта «уарзын!»

Суадон хохрæбынæй уайы,
Дойны саг æй мадау уарзы,
'Нæдон карст кæрдæгау руайы,
Фæлæ 'нæдзургæ ныуазы.

Саби мады дзидзи уарзы,
Фæлæ дзурын дæр нæ зоны.
Кæсаг доны малы хъазы,
Фæлæ никуы зарыд доныл.

Ау, æз хъæды саг куынæ дæн,
Æз къуырма кæсаг куынæ дæн,
Уæд цы диссаг у, æнæ дæу
Æз цæринæгтæй кæй нæ дæн!

## САГЪÆС

Мигъ та сау хохыл йæ урс цæгтæй
Тыхсы фæлмæн.

Уый ды дæр кæддæр дæ урс цæнгтæй
Рæвдыдтай мæн.

Хох, у мигъы рæвдыд кадавар,
Дæхи дзы хиз!..
Ис лæджы зæрдæйæн адавæн,
Ис ын, ис!

Мигътæ райсомæй фæлидздзысты,
Сæ рæвдыд – мæнг.
Къухтæ ‘ндæр кæмæдæр сиддзысты –
Нæй сыл æууæнк!..

Зæрдæ, бауром, ныффидар у,
Ныхъхъæц, хъæуы!
Хох дæр сау æхсæвы мигъдары
Лæгау кæуы.

## ЗÆРДÆ, ЗАРÆГ ÆМÆ ФЫДЫБÆСТÆ

Аргъæутты æртæ ‘фсымæры сты
Раст зарæг, фыдызæхх æмæ зæрдæ:
Иу – сæ цин æмæ сæ маст дæр – иу.

Зæрдæ у мæстджын æмæ æнкъард,
Уæд лæгмæ фыдызæхх дæр кæсы
Цардæфхæрд фæллад лæгау тызмæг,
Зарæгæн дæр асæтты йæ тых.

Кæд рæсугъд цин баййафы фыдызæхх,
Зæрдæ уæд нырриуыгъы фонтанау,
Зарæг дæр нысанмæ нæмыгау
Уæлдæфы зуыгъзуыгъгæнгæ тæхы!

## ПОЭТÆН НÆЙ МÆЛÆТ

Фыдæлты кад куы ф‘ агурын ныфсæн,
Куы атæхынц мæ фæндиæгтæ дард,

Куы вæййын иунæг сагъæсты æхсæн,
Мæ зæрдыл уæд æрбалæууы йæ цард.

Мæ хъуыды дзы фæкуры уæд æхxуыс,
Фæцæуы йæм йæ ингæнмæ уынæг;
Нæ йын уыдис йæ цæргæйæ æрхуыст,
Мæрдты дæр ыл кæм æрхæцдзæн хуыссæг!

Куы рацъæх вæййы рагуалдзæджы нæуу,
Куы ‘рцæуы мæргътæм ахстдæтты цæрын,
Фæкæсы мæм: уый мæргъты зарын нæу –
Поэты хъæлæс арф кæмтты нæры!

Куы ‘рцæуы сæрд, æхсæв куы стулы мæй,
Куы бацæуы лæппу зæрдæ мæты, –
Фæкæсы мæм: поэтæн ‘рæнцой нæй,
Йæ хивæнд зæрдæ мæимæ хæты!

Æрæгвæззæг, куы вæййы арв æмыр,
Куы нал фæзайы ног æвзар зæххыл, –
Фæкæсы мæм: хъуыды мигъты ныр.
Ныфсхаст зырнæгау фидæнмæ тæхы!

Æрмæст зымæг æрæфты зæрдыл тас –
Мыййаг... О, нæ! Дзæгъæлы у мæ мæт:
Уыдзæн æнустæм адæмы уд ‘гас,
Поэтæн дæр мыггагмæ нæй мæлæт!

* * *

Бафæлладтæн… О Хуыцау, æркæс,
Иры хъыгтæй басыгъди мæ зæрдæ.
Зæххы буарыл иры бæстæ – нуæс,
Акалд дзы цæссыгты цад мæ сæрты.

Цас дзыназон? Байсысти мæ туг,
Уыйбæрц рыстæй бадон уыдзæн дур дæр.
Лæг кæны æдзæм мастæй хуыдуг,
Нал нæ тавы иры дзыххъы хур дæр.

О Хуыцау, кæд ма кувæм дæуæн?
Иу бон – тохы, иннæ бон – мæрддзыгой.
Хуымтæ – сыгъд, нæ рухс дзуæрттæ – дæрæн,
Тоны мах мæлæты уад бындзыггай.

Фаг нын уæд. Æрæнцой нæ æруадз,
Улæфы цæфæй цæфмæ бæлас дæр.
Царды куырдадз макуы суæд зæппадз,
Уарзт фыдæхæй ма фесæфæд раздæр.

Аларды ныл бафтыдта йæ рын,
Стæппæлттæ и зæххы цъар уæлмæрдтæй.
Нал нæ уадзы агъуыд бал цæрын,
Мах нæ рæстад нал хизы мæнгæрдтæй.

Æз – фæхтыхост, хахуыртæй – æлгъæд,
Иры хъыгтæй рафтыди мæ зæрдæ.
О Хуыцау, æгъгъæд нын уæд, æгъгъæд,
Акалди цæссыгты фурд мæ сæрты.

## РАКÆС!

Нæ ирыл ыстыр цин æрцыд,
Кæнæм дын бæрæгбонæй цыт,
Дæ кадыл нæртон куывдты зарæм.
Сæрибар у абон нæ цард,
Нæ катайыл бандзарам арт,
Нæ фæндаг нæхæдæг æвзарæм…

О, ракæс-ма, ракæс, Къоста!
Цæуыл кæуын абон æз та,
Мæн ацы ыстыр бон цы хъæуы?
Цæуыл уыд дæ удхар, дæ тох?
Дæ фæдзæхст – дæ фæдонтæй рох,
Дæ фæдыл дзы иу дæр нæ цæуы.

Æфтауы ныл залым фыдæх,
Фыдгултæ нын исынц нæ зæхх,
Сæ кады ном сафынц нæ адæм.
Нæ цæссыгæй фурд дæр ысцæм,
Тыхы бын нæ туджы мæцæм, –
Кæм цæрæм, кæм кусæм, кæм бадæм?

Æфхæрд æмæ хахуыр быхсæм,
Фæйнæрдæм фыдзондæй хæцæм,
Нæ фæзынд нырма дæр нæ фæтæг.
Уынгæджы бон кувын тыхстæй:
О стыр Къоста, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!

## САСТ ДЗÆНГÆРÆГ

Уыдтæн æргъæу мæсыг кæддæр,
Уыдтон мæ Иры дуне тигъæй.
Зындис мæ фисынтæй цæхæр,
Мæ рухс нæ мынæг кодта мигъæй.

Мæ ныхыл рухс цырагъ сыгъдис,
Мæ рнуы зæлыдис дзæнгæрæг, –
Йæ дзингæй талынгмæ лыгъдис
Хуыснæг, хæйрæг æмæ æрвнæрæг.

Æхсыст мæ фæлгæсæнты цард,
Нæртон хор рухсы бын хуыздæр зад.
Уæд хъуыст мæгуыр къæсы дæр зард,
Фæрнæй нæ цух кодта йæ Сæрзæд.

Ныппырх дæн хины дурæй ныр,
Ныссаст мæ дзæнгæрæг – мæ зæрдæ.
Фыдгул мын байтыдта мæ хуыр,
Цæуынц лæгбирæгътæ мæ сæрты.

Уæ мæсыг фестади æндæрг,
Йæ дуне – тар æмæ æдзæрæг,

Æрмæст ма дурдзæндты ныр дæр
Хъæрзы цъæл фæндырау дзæнгæрæг.

* * *

Нывыл нæ рацыди мæ цард,
Фæрв къуыдырау фæсыгъдтæн.
Нæ хъуыст мæ тохы зарæг дард,
Нæ уыд мадзал æвзыгъдæн.

Уæддæр хуырхы бынтæ нæ дæн,
Фæныкгуыз дæр нæ уыдтæн.
Æвзæр нæ ракодтон лæгæн,
Хæрам нæ барстон гуыттæн.

Уыдис мын дзуар æмæ æмгар,
Нæ хастон худ æгадæй.
Кæлмытæ амардтон дзæвгар,
Нæ лыгътæн дард дзынгатæй.

Хъазуаты сидтæн æз фæдис,
Фæткъуы бæлас ныссагътон.
Мæнæн, цы зæгъон, уый уыдис,
Зæгъын цы хъуыд, уый загътон.

* * *

Зондджын мын амоны зонд:
«Ма дзур æргомæй æцæгтæ.
Цардæн нæ ивы йæ конд,
Раст лæгæн бирæ ис знæгтæ.

Дауы дæм марæг йæ кард,
Хахуыр дæм хъавы æргомæй.
Алкæмæн мауал кæн арт,
Баззад дæхи кæрдзын хомæй».

Зонын: фыдыус – фыдрын,
Мад мын нæ разынд Ирыстон.
Ирæн йæ рынтæ хæрын,
Уый та мын дары кæндысдон.

Гамхуд нæ хæссы нæртон,
Хорз лæг нæ дары фæсномыг;
Царды кæм хъæуы тæрхон,
Уым та нæ вæййы æгомыг.

Радта мын Рухс æрдз æвзаг,
Хотыхтæй уый у фыццагдæр.
Раст дзырд – мæ цардæн тæссаг,
Худинаг – уымæй тæссагдæр.

## СУСÆГ ХЪÆЛÆС

Æрсабыр иугæр æхсæв, уæд
Мæ хъусы чидæр дзуры...
Фæрсын: «Хæйрæг дæ æви зæд?»
Ызмæлæг нæй мæ цуры.

Фæдзуры: «Сæфтдзаг у зæронд,
Йæ тых, йæ бон лæзæры.
Цæуынц дыл азтæ, фæлæ зонд
Нæ цæуы фаг дæ сæры.

Кæм хъæуы доны цæуын, уым
Æдзух цæмæн дæ сгарæг?
Тæнæг ран разыны хуыдым,
Йæ арфы стæлфы барæг.

Ызмæнтыс цъиуджын каркау мæр,
Бæлæстæ садзыс рæгътыл;
Куы фестай Хъæдырухс, уæддæр
Нæ зайдзæн дыргъ фæдæгъдыл.

Ӕрбадт нæ Иры дзыхъхъы мигъ,
Ды мæ мæрзыс дæ худæй;
Ныазгъалы мигъ дæ сæрыл их,
Мæрдтæм цæуыс цæрдудæй.

Зæххыл сæрибар нæй лæгæн,
Нæй амондæн æрцахсæн;
Тыхбар дæ уацайраг кæндзæн,
Дæ дзырдыл дардзæн сахсæн.

Кæд уыди курдиатæн аргъ,
Йæ куыстæн кад кæд уыдзæн?
Ӕрчъитæ скæндзæн олигарх
Дæ рагъдзармæй йæ куыдзæн.

Кæм ис мæгуыр лæгæн хуыцау?
Йæ кувын Арв нæ хъусы.
Ӕлдармæ чи цæуы хуындзау,
Ис уымæн бас йæ къусы.

Сыггай ныазгъæлæнтæ гæнах,
Ды йын кæныс быцæутæ;
Хæрынц йæ хæлддзæгтыл хъаймагъ
Лæгмар æмæ быдзæутæ.

Цы у дæ тох? Уыдзæн дæ мызд
Зæрдæниз æмæ суари.
Ӕфсæст у къутуйы бын мыст,
Ӕрхауы арвæй уари.

Ӕууæндыс алкæуыл... Лæгæн
Цæстысындз у кæйдæр кад.
Дæ арм кæмæн дарыс фынгæн,
Ӕлгъиты уый дæ бæркад.

Сослан нæ дæ æмæ дæ ных
Балсæджы цалхмæ ма дар;
Тыхбар дын басæтдзæн дæ тых,
Ӕмбары уый къуырма дæр...»

Цы вæййы – зæд æви хæйрæг?
Мæ хуыссæг мын фæсуры.
Йæ номæн ницы ис бæрæг,
Ызмæлæг нæй мæ цуры.

## МÆ КУЫВД

О Бурсамдзели, хæхты хох, бæрзонд
Сыгъдæг Бардуаг! Табу дын уæд æхцонæй.
Ысрухс нын кæн дæ арфæйæ нæ зонд,
Уæлæуыл бахиз адæмы зындонæй.

Дæуæй уæлдæр зæрин хур у æрмæст,
Дæ урс сæрæй ныл фарны рухс рæдзæгъды.
Æмгæрон ма ʼруадз ацы кæмттæм хæст,
Сæрибар уæнт дæ кувæг адæм хæхты.

Нæ уыд нæ цард дæ къæдзæхтыл æнцон,
Хызтам уæддæр нæ зæрдæтæ фыдмастæй,
Дæ кувæнты хуыснæг кæнæ бæлццон
Нæ систаид кæйдæр хæзна æвастæй.

О Бурсамдзели, уыцы амонд ратт,
Куыд уæм сæрыстыр куыст æмæ æгъдауæй,
Нæ дзырдæн уæд æрвон тых æмæ рад,
Нæ цæсгом бахиз чъизи æмæ дауæй.

Æрхастой ардæм Хуры тынтæ мæн.
Цæгъды мæ зæрдæ арф кæмтты дзæнгæрæг.
Табу кæнæм, нæ Сыгъдæг хох, дæуæн,
Дæ дæлбазыртæ ма фæуæнт æдзæрæг.

О рухс Бардуаг, мæ кувинаг дын – барст,
Бæзнаг хъугæмттæ макуы суæнт зæрæстон.
Цæуæд нæ зæххыл амонд æмæ уарзт,
Нæ Ирыл зарæд хъæлдзæгæй нæ хæстон.

# ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ХЪУЫДЫТÆ

***хæдзонд, æмбаргæ адæмы тыххæй***

Шамил-иу арæх æрхаста йæ фыдыфыд Дауитайы ныхас: «Дæ сулæфтæй дæ чи нæ бамбара, уымæн дæ дзуринаг æууылдæй йæ хъусы куы бавæрай, уæддæр дæ нæ бамбардзæн». Ноджы ма арæх дзырдта: «Адæймаджы сконд ахæм у, æмæ дæ кæнæ æфсæрмы хъуамæ кæна, кæнæ та тæрсгæ. Хъыгагæн, ныртæккæйы адæм афтæ систы, æмæ дæ хъуамæ тæрсгæ кæной. Æфсæрмы стæм адæймаг кæны…»

***фæсивæды хъысмæт, сæ фидæны тыххæй***

Зæрдæзæгъгæ дуне кæм ис?.. Æмæ кæддæр Шамил зæрдæрисгæйæ загъта: «Иуæй, тæрсын, мæ цот ацы царды куынæ фæцарæхсой. Ноджы тынгдæр та уымæй тæрсын, æмæ куы сарæхсой...» Ацы хъуыды раргом кодта йе ‘мдзæвгæтæй иуы.

***бинонты фарны тыххæй***

Хæдзары фарны кой кæнгæйæ, Шамил æрхаста йæ мады ныхас: «Фæрныг хæдзармæ сæхъисы къуыбылой батул, æмæ йæ сылгоймаг фестын кæндзæн». Ацы раныхасæй спайда кодта йæ радзырд «Хæдзар хорзгæнæг»-ы.

Иуафон æй зонгæ бинонтæ иу чызгæй бафарстой – сæ фыртæн æй курынмæ хъавыдысты. Шамилы æгъдау æрцахста – чызджы бинонтæ йын тынг хорз зонгæ уыдысты, иннæ ахæм – лæппуйы бинонтæ. Фæрахъуыды-бахъуыды кодта, æмæ фæстагмæ лæппуйы бинонтæн загъта: «Уыцы чызг у раст туркаг пъамидор!» Бинонты цинæн кæрон нал уыд. Æмæ уæд Шамил йæ дзуринаг кæронмæ нал раргом кодта – туркаг пъамидор мидæгæй æмбыд куы уа, уæддæр бакæсгæйæ цæхæртæ калы. Загъта, кæрæдзийы аккаг сты...

***ахуыргондмæ домæнты тыххæй***

Джыккайты Шамилы нымадæй, ахуыргонд лæг цавæрфæнды бæрзæндтæм куы схиза, уæддæр хъуамæ йæхиуыл куса. Йæ диссертацийы иу ран ракодта литературæйы градацийы хуызтæй иу – климаксы кой. Йæ зонадон куысты разамонæг амынд термин сырхæй ныххахх кодта æмæ йын йæ сæрмæ бафыста: «Причем здесь это?!» Алцы зонæн нæй, уыимæ ма адæймаг рох дæр кæны. Уымæ гæсгæ æрвылбон хиуыл кусын хъæуы.

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# СИАХСЫ ЛÆГГАД

*Радзырд*

Иузаманы хохаг хъæуы лæууын лæгты къордимæ. Къорд кæм уа, уым ныхас дæр уыдзæн. Ныхас та хъазынæн уа, æфхæрынæн æви тæригъæдæн, уый арæх æнцон рахатæн нæу. Иу дзы иннæмæ дзуры:

– Хуыцауы тыххæй, дæ сиæхстæн цавæр кад кæныс, далæ доны былмæ сæ фæдыл куы фæцыдтæ?

– Е-е, мæ хур, сиахс бынхор у, – дзуапп ын дæтты иннæ лæг. – Донæй сæ ахизын кодтон æмæ хид фехæлдтон, науæд фæстæмæ раздæхын дæр зонынц.

Бирæ фæхудтыстæм. Уæд мæ зæрдыл æрлæууыд æндæр хабар.

Кæддæр мын Цæрукъаты Валодя дзырдта: «Габоты хидæй кастæн Дзомагъгоммæ. Зын бауырнæн у, уым мидæгæй цæрæн бæстæ ис, уый».

Æцæгдæр, хидæй кæсыс, уæд уыныс хæхты астæу егъау зыхъхъыр. Цæст хæцы æрмæст Сагты рындз æмæ Къутыхы бæрзæндтыл. Фæлæ кæмттæм ис иу миниуæг: сæ бацæуæн – уынгæг, мидæгæй – уæрæх. Афтæ у йæ конд Дзомагъгомæн дæр. Йæ бацæуæн – фыдæвзарæн, зæйуат æмæ дурхауæн, фæлæ йæ къæсæрæй бахиз, æмæ дын арвы дуар байгом уыдзæн. Ком ахæлиу, фæдихтæ фæрссаг кæмттыл, уым ис уæрæх хъугæмттæ, райдзаст сæрвæттæ, фæтæн уыгæрдæнтæ. Уым ис фарны дуне, уым адæм æмæ стъалытæ сыхæгтæ уыдысты хъаймæтæй ардæм.

Комы уыдис цалдæр гыццыл хъæуы. Фæзы Дзомагъ – Джыккайты уæзæг, Уæллагхъæу – Дзугаты къуылдым, рагъы фале комы фæйнæфарс – Къæззатыхъæу æмæ Саджджынкъуырф – Плиты цæрæнтæ.

Мидхæст фæци, фæлæ бæстыл сыстад æмæ схæцыд æвирхъау низ. Рын уыд æви емынæ, хæйрæг йæ зонæг, фæлæ уыди хæцгæ низ. Цыма йæ дымгæ хаста, афтæ тахти комæй коммæ, хъæуæй хъæумæ, цагъта, кæуыл ныдзæвд, уыдоны. Хосгæнæг ын хос нæ ардта, мæлæт йæ рохтæ суагъта, æмæ йæ цæвæг быныл даста мæлдзой адæмы. Мардыл кæуæг нал уыд, уæлмæрдтæ уæрæх кодтой сæ арæнтæ, ахстой хуымтæ æмæ астымтæ.

Дзомагъгом рахастой уынаффæ: бæстæ куы рафæлдæха, уæддæр

балцы мачи цæуæд, хъæуæй хъæумæ зианмæ дæр куыд ничи цæуа, афтæ. Уæд Ныхасы уынаффæ Хуыцауы тæрхонау уаз æмæ табуйаг уыди, лæджы фырт йæ сæрты нæ ахызтаид, бæстыхицау дæр нæ атардтаид йæхи фæндон. Науæддæр уæздан лæг нæ сафы йæ хъæу, йæ мыггаг. Барвæндæй йæхи æгад æмæ æлгъыстаг ничи кæны.

Уыцы рæстæджы Фæзы Дзомагъы фæзиан ацæргæ ус Фаризет. Йæ мæлæт рынæй æрцыд æви æндæр низæй, уый ничи зыдта Хуыцауæй дарддæр. Хъæуæй хъæумæ хъæр хъуысти. Фаризеты сиахс Плиты Цецо царди Къæззатыхъæуы. Сæмбæлд ыл сау хабар. Каисæн балæггад кæнын сиахсæн хæс у. Æгъдау æлдар у. Фæлæ йын нæй мæрддзыгой цæуæн. Ныхасы тæрхон æхгæны лæгæн йæ развæндаг. Уыйадыл Цецо бахауд дывыдон арты, утæхсæн кæны.

Уæд рараст и лæг йæ хъæуæй. Ссыди рагъмæ. Дзомагъы ныхмæ – Цæгат, йæ сæр – карст къæдзæх, Дурæфтуан. Цъæх айнæгыл роны хуызæн иу Хъæдысæрæй иннæ Хъæдысæрмæ цæуы нарæг къахвæндаг. Райсомæй хур хæхтыл куы снывдзæвди, уæд Цецо уырдыг слæууыд къахвæндагæн йæ бæстастæу. Дзомагъ марды æгъдæуттæ кæнынц, фæлæ сæ цæст дарынц лæгмæ дæр. Бавæрдтой зиан, ахицæн хист. Бадт райхæлд, алчи цæуы йæ фæрныг хæдзармæ. Цецо лæууы. Цалынмæ зианджынты кæрты змæлд уыди, уæдмæ нæ фенкъуыст йæ бынатæй.

Хур бахæццæ Уачъейы къахырмæ, фæстаг хъæбыстæ кæны Дзомагъæн, рæвдауы комбæстæ. Уæд Цецо дæр сындæггай араст йæ хæдзармæ.

*2005 аз*

# ЦОПАНЫ ЧЫНДЗ

*Радзырд*

Уыдис æрæгвæззæг. Æхсæв кæмтты тæнæг фæлм æрбады, фæлæ, хур куы скæсы, уæд æй сисы. Хъæд хъулæттæ дары, ранæй-рæтты зыны бæгънæгæй, – йæ цæсгом суагъта æмæ йæ дарæс æркалдта. Лæнкауты сыфтæр фæстиат кæны, нæ йæ фæнды зæхмæ хауын, фæлæ рæстæг йæ кæнонтæ кæны, æмæ алыхуызон сыфтæртæ æвæндонæй згъæлынц æмæ згъæлынц. Хуымтæ – афтид, алчи йæ хортæ бафснайд-та, æмæ хъугом æдзæрæг кæртау зæрдæйыл æфтауы æрхуым сагъæстæ. Тагъд зымæг уыдзæн, хохаг даргъ æмæ зынвадат зымæг. Æцæг нырма хърихъуппытæ нæ атахтысты – уæд сæ исчи федтаид, сæ хъæр сын

уæддæр хъуыстаид. Табу Хуыцауæн, нырма хъарм рæстæг ахæсдзæн. Нырма Ичъынамæ дæр дзæвгар бонтæ ис.

Иурайсом Цопан сыстад æхсæвыцъæхæй. Тыргъты, бинонтæй куыд ничи райхъал уа, афтæ аивæй цыдæр агуры. Талынг у, æмæ йыл нæ хæст кæны.

– Æхсæв дæр дын нал и? – райхъуыст йæ ус Фæрнионы хъæлæс. – Нырма кæркуасæн куынæ уыд, уæд та цы сфæнд кодтай?

Лæг ницы сдзырдта. Нæ уадзы йæ агурын.

Рудзынгæй уатмæ кæсы Бонвæрнон. Худы, тыбар-тыбур кæны, цыма гудзиццытæй хъазы, афтæ. Миты хъæпæнæй æхсæвы сау зæлдаг куыд фæхицæн уа, афтæ æрыгон сылгоймаджы буарæй фæбырыд рог хъæццул. Фæзынд, стъалыты хуыз чи исы, хуримæ ерыс чи кæны, ахæм фидауц. Цопаны чындз уыдта адджын æмæ рæсугъд фынтæ. Æфсины ныхас йæ хъустыл ауад, рæвдз фестад, йæ дарæсы йæхи атыхта æмæ фæрсæджы лæуд æркодта йæ хицауы раз.

– Дысон ам кæмдæр мæ гæркъа æрæвæрдтон, æмæ йæ хæйрæг фæхаста.

– Хæйрæджы сайд дæ, æндæр цы! Нал фынафон зоныс, нал куыстафон, – сбустæ кодта ус.

– Нæ йæм хъусыс, чындз? Дзигайы сау чызг мæ нæ бадомдта, зæгъгæ, уæд ма абон дæр сагсур лæппу уаин, – ныхас хъазынмæ здахы Цопан.

– Æмæ сагсур усгурæй куынæ уыдтæ! – æлхыскъ æй кæны æфсин.

– Уымæй дæр цы мæнг зæгъыс, – йæ хъулмæ йын тохси уилы Цопан. – Саг сырдтон æмæ хæйрæгыл фæхæст дæн.

Уæдмæ чындз нæзы цырагъ ссыгъта, æмæ гæркъа лæджы къухы бафтыд. Хицау æмæ чындз рахызтысты кæртмæ.

Цопан кадджын лæг у. Нымад у канд хъæубæсты нæ, фæлæ комы дæр. Зоны æгъдау æмæ йæ ныхасæн ис аргъ, йæ уынаффæ вæййы раст æмæ цæуы. Йæ хæдзары ис фæтк, йæ куысты – бæркад. Фæрныг у Цопаны хæдзар. Йæ дыууæ фырты ацыдысты хæстмæ. Кæстæрæй ссыди сау гæххæтт. Мад æмæ фыдæн асаст сæ тых, фæлæ сæхиуыл хæцынц. Лæппуйæн рахицæн кодтой йæ сыджыты хай, рухс ын загътой фынджыдзагæй. Рахауд рæбинаг цæджындзтæй иу, фæлæ фидар у астæуккаг цæджындз, – Цопан цудын нæ бауадздзæн йæ фыды хæдзар. Фæрнион æрвылизæр цæнгæт пецы арф бануæрды арты цæхæр,

– рог фæнычы нæ мынæг кæны къонайы зынг. Лæгыл азтæ цæуынц, сæ уæз ыл уадзынц æрхуым рæстæг, уæззау куыст æмæ судзаг хъыгтæ. Фæлæ æмбары цард, фæразы йемæ цæуын. Арт къонайы ничиуал кæны. Хæдзары рæхыс ауыгъд нал и, æмæ йыл сæг нæ хæцы. Аргъуан къорд азы лæууыд сындзæрх æхгæдæй. Ныр дзы скодтой медпункт, æмæ дзы кусы йæ чындз. Хъæуы астæу сарæзтой скъола, сауджыны хæдзары та фæцæрынц ахуыргæнджытæ. Æмæ цы? Цард йæхионтæ кæны. Цопан аргъуанмæ раджы дæр æхсызгонæй нæ цыд. Уæлæ рæгътыл – фыдæлты кувæндæттæ. Цопан алы бæрæгбон дæр кæны æгъдауыл, алы дзуары бынмæ дæр хæссы йæ кувинæгтæ. Йæхицæй дзы хистæр куынæ разыны, уæд æм кувæджы бынат дæр æрхауы. Лæппутæ балцы куы ацыдысты, уæд Фæрнион фынг ацарæзта, Цопан сыхæй дыууæ лæгмæ фæдзырдта æмæ чындзы сдзурын кодта, кæд сæм йæхæдæг уайсадынмæ нæ хъавыд, уæддæр. Алы хъуыддаг дæр нывыл кæнгæ у. Цы кæныс, уый – нывыл, æмæ дын адæмы зæрдæмæ цæудзæн.

– Чындз, дæ рынтæ бахæрон, изæры-иу фос æвæгæсæг ма ныууадзут, – рæвдауæгау фæдзæхсы лæг. – Æз, уæлæ нын Фæсрагъы цы мæкъуылтæ баззад, уыдон æрбадавон Æфтауцдонмæ. Рæхджы мит уардзæн, æмæ сæ зæй фæласдзæн. Уæд нæ куыст – сæфт, нæ фос – æххормаг.

– Иунæгæй сын цы бакæндзынæ? Сæрылхæцæг дæ хъæудзæн, æмæ кæд сарæхсин, – ныфсджынæй загъта чындз.

– Нæ, дæ нывонд фæуон, нæ. Хæдзары куыстытæ – дæ фагæй фылдæр. Науæд мын цы ’нхъæл дæ? Теуайы уаргъ кæд акалд, уæддæр дзы хæрæгуаргъ æрæвзæрдзæн! – чындзæн ныфсытæ æвæры хицау.

Цырагъ йæ къухы, афтæмæй сæм рахызт Фæрнион. Йæ зæрдæйы æвзæрди æнахуыр катай. Фæндыд æй цыдæр зæгъын, лæджы бакъуылымпы кæнын. Фæсрагъы уыгæрдæн – сæгъы фарсау лæгъз æмæ бырынцъаг. Уым фыдæлтæй дæр иунæгæй ничи ласта хос. Фæлæ Цопан тызмæг лæг у. Кæд хъазæн ныхас уарзы, кæд дæм рæвдаугæ бахуддзæн, уæддæр, цы сфæнд кæна, уый ныхмæ ма сдзур. Йæ зæрдæ фæлмæн у, фæлæ хивæнд, æнæсæттон.

– Цæй, цы слæууыдтæ мæрддзыгойау? Дæ цæстытæй та сау халæттæ куы уасынц! – æфсоны бустæ скодта йе ’фсиныл, æрхуымæй йæ куы федта, уæд. – Æви дæ мæлæты лæгæн сæфынæй тæрсыс?

– Чындзы, зæгъын, уæд та акæн демæ...

– Уанцон нæу! – сдзырдта Цопан, чындз сæ куыд нæ фехъуса, ахæм ныллæг хъæлæсæй. – Фæлмæцыд у, тыхст, æмæ йæ рæвдау. Ныртæккæ нын чызгæн дæр уый у æмæ лæппуйæн дæр.

Замирæт уыд дард хъæуккаг чызг. Уыцы хъæуы цæрынæн æрдз лæвæрдта хуыздæр фадæттæ. Мад æмæ фыд цардысты сæ иунæг хъæбулæн. Буц æй дардтой, æмæ чызг рæзыд, бæзнаг хуымы гæлгæт-дидинæг куыд рæзы, афтæ. Йæ буар мæкæрæзы хуызæн – лæгъз æмæ ирд. Рæвдыд æййæфта æмæ хуримæ худгæ кодта, мæимæ кафгæ. Цыди хæрзуынд æмæ хæрзарæзтæй. Йæ сау цæстытæ сыгъдысты цинæй æмæ зындысты сау зынджытæй. Йæ дзыккутæ хъæбæр быдæй уæз кодтой йæ аив сæрæн, фæлæ сæ нæ къуырдта йæ цахъхъæнтау. Сынты базыртау калдтой сау тæмæн. Хъæуы устытæ хæлæг æмæ дисæй кæрæдзи фарстой: «Цымæ сæ цæмæй æхсы?» Лæгтæ йæ фæстæ кастысты æмæ дзырдтой: «Ахæм дзыккумæ зилын чи фæразы, уымæн æвзæрæй тас нæу». Уыди буц, йæхицæн аргъ кæнын зыдта æмæ цыдис ныфсхастæй, аив æмæ сæрыстырæй.

Скъола каст фæци. Ацыд горæтмæ, ахуыр кодта медтехникумы. Ам дæр ыл сæ цæст æрæвæрдтой ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæ. Касти фæстаг курсы. Октябры бæрæгбоны рацыдысты демонстрацийы. Скодта æбуалгъ хъызт. Мит уарыд, дымгæ сыстад, зулмæ йæ хаста æмæ йæ цавта цæсгæмттыл. Техникумы коллектив лæууыд иу фæрссаг уынджы, æнхъæлмæ каст йæ радмæ. Лæппуты къухты – транспоранттæ, чызджытæм – фæтæгты сурæттæ. Замирæтмæ æрхауди Берия. Тымыгъ æй скъæфта йæ къухтæй, чызг ыл фидар хæцыд æмæ йæ дардта бæрзонд. Хъарм арæзт уыд Замирæт, фæлæ дзы ферох æрмкъухтæ хæссын. Уазал карзæй-карздæр кæны, судзинтæ садзы цæсгом æмæ къухты. Бирæтæ ныкъкъæдзтæ сты ихæнæй, æргъæвсы Замирæт дæр. Иуафон фезмæлыдысты сæ бынатæй. Рахызтысты сæйраг уынгмæ. Куыддæр фæзылдысты, афтæ æрцыд, чызг цæмæй тарсти, уый. Портрет æрхауди йæ къухтæй. Æваст фæцыд йæ тарст цъæхахст. Уæддæр фæцарæхст. Фелвæста портрет. Æргъæвст къухтæй йæ пъалтойы дзыппæй сласта йæ къухмæрзæн, асæрфта нывы чъизитæ æмæ йæ систа уæлдæр.

Демонстраци ахицæн. Лæууы сæргуыбырæй Замирæт директоры кабинеты. Бадынц уæнтæхъилæй техникумы разамынд. Директор –

номдзыд лæг. Исдуг æдзынæг фæкасти зæхмæ, стæй хъæрзæгау арф ныуулæфыд æмæ загъта:

– Замирæт, мах дæу хуыдтам нæ зæрдæйы дидинæг. Дæуæй æвæрдтам бирæ ныфс. Фæлæ æрцыд æнамонд хабар. Зонæм æй, барæй нæ уыд. Фæлæ ныр кæй бауырндзæн уый. Мæ бон нæу дæу бафхæрын. Ацу дæ хæдзармæ, ацу фæсæфцæгмæ. Ам цæстыты раз куыд нæ уай, афтæ бакæн. Æндæр хос нæй. Æвæстиатæй.

Чызг бузныг зæгъын дæр нæ бафæрæзта. Цæссыг хъуыры ныббадт. Уыди хуылыдз, æргъæвст бæдулы хуызæн. Йæ уæрджытæ йæ нæ урæдтой, афтæмæй рацыд. Æмдзæрæны йæ дзаумæттæ рамбырд кодта æмæ хæрзбон загъта, йæ цардæй йын зынаргъдæр цы скъола уыд, уымæн.

Замирæтæн йæ уарзон хæдзар фестад зæххон зындон. Æхгæддуарæй дзы æрвыста уæззау æмæ хъуынтъыз бонтæ. Йæхи æнкъардта, цыма тæдзынæджы бын уыд, афтæ. Йæ хæмпус буар тад æмæ руад, йæ зæрдæйы æрхуым хæлуарæг уæфта сагъæсы тынтæ, сау цæссыгæй мынæг кодта йæ цæстыты цæхæр.

Иу уалдзыгон бон сæ кæрты æрбалæууыд дыууæ лæппуйы – йæ курсонтæ. Кæрæдзийыл ацинтæ кодтой, стæй лæппутæ загътой, директор дæм æрвиты, зæгъгæ. Ныфсытæ йын æвæрынц: ничи дæ фæрсы, ничи дæ агуры, тас дын нæу.

Мад æмæ фыд сæхи æргæвстой, фæлæ чызг цæуыны къахыл ныллæууыд, æмæ йын дуар байтыгътой. Цæуы чызг. Зæрдæ йæхи къултыл хойы, уæддæр цæуы. Цы тых æй хæссы, уый нæ зоны. Йæ разы кæд сæрсæфæн ис, уæддæр ын æрлæууæн нæй. Нæ уыны уалдзæджы æууæлтæ, нæ йæм хъуысы мæргъты зард. Цæуы йæ бæллицы фæстæ.

Директор ын загъта:

– Ныртæккæ дын мæ бон ницы у, мæ хур. Фæлæ ис иу гæнæн. Уартæ Фæзыхъæуы суæгъд и фелсыры бынат. Ацу уал уырдæм æмæ кус. Хицауимæ дзырдтон, æмæ сразы ис. Кæд нæ рæстæджы хорзæх уа, уæд-иу нæм сентябры фæзын.

Афтæмæй Замирæт æрбахауд Фæзыхъæумæ.

Акаст фæйнæрдæм. Цæй фæз æмæ цæй хъæу! Иу дзыхъхъы авд æмæ ссæдз хæдзары. Хæхтæ – бæрзонд, æвæццæгæн, арв уыдоныл лæууы. Сæ цъассыты – фондз гыццыл хъæуы. Уыдон дæр уыдзысты Замирæты бæрны.

Чызг тыхсти ӕнахуыр уавӕрты. Бӕстӕ йыл ӕрбауынгӕг. Фӕлӕ йыл адӕм узӕлынц, цыма сӕм зӕд ӕртахт, афтӕ. Алы хӕдзар дӕр йӕ хӕсыл нымадта уазӕджы хынцын. Иутӕ йӕ хуыдтой ӕргомӕй, иннӕтӕ-иу ӕй басайдтой йӕ куысты фӕдыл. Чызг йӕхиуыл фӕхӕцыд, йӕ зӕрдӕ фӕрухс, ӕмӕ куыста ӕнувыдӕй. Йӕ къухтӕн сӕ уынд куыд рӕсугъд уыд, афтӕ аив уыд сӕ бавнӕлд дӕр. Йӕ цӕстӕнгасӕй цы рухс цыди, уый разынд ӕвдадзы хос. Йӕ зӕрдӕ рад, йӕ хуыз скалдта, ӕмӕ йӕ хъӕубӕстӕ сӕ хъуырыл ӕгънӕгӕн хуыдтой. Уый сын уыди цыкурайы фӕрдыг, ӕмӕ йӕ уындӕй сӕ низтӕ лыгъдысты дардмӕ.

Уыйхыгъд лӕппуты зӕрдӕтӕн хаста рыст, ӕмӕ йӕ хуыдтой сӕ фыдбылыз. Хъазты йӕ цӕстмӕ кафыдысты ерысӕй, куысты нӕ ауӕрстой сӕхиуыл. Ӕрратӕ кодта Хъауырбег, сыхаг хъӕуккаг, хъал ӕмӕ къуыдипп лӕппу. Зыдта зарын, арӕхст кафынмӕ. Хъазты хӕрдмӕ хауд, зӕххыл нал хӕцыд. Зарӕгӕй ӕмбарын кодта йӕ фӕндон:

*Фысымты хуырхӕн ӕз та цы уарзын?*
*Фыццаг йӕ бынтӕ, ыстӕй йӕ сӕртӕ.*
*Сӕ уазӕг чызгӕн ӕз та цы уарзын?*
*Фыццаг йӕ былтӕ, ыстӕй йӕ зӕрдӕ.*

Дзӕгъӕлы цагъта йӕ удӕй арт. Хуыцау ӕй уымӕн нӕ загъта. Замирӕты зӕрдӕмӕ сызгъӕрин дӕгъӕл ссардта Цопаны фырт Алихан, уӕздан, хӕдӕфсарм лӕппу. Дауджыты бон уыди сӕ чындзӕхсӕв. Къуырийы фӕстӕ райдыдта хӕст.

* * *

Мусы раз агъуысты хӕлды хуыссынц галтӕ. Зӕронд Къобор базыдта Цопаны йӕ къӕхты хъӕрӕй. Йе стыр сау цӕстытӕ разылдта йӕ хицаумӕ, стӕй сыстад ӕмӕ йӕхи айвӕзта. Хъилайы бахъуыд басхойын, уый дӕр йӕ бон базыдта ӕмӕ йӕхиуыл схӕцыд ӕвӕндонӕй. Зоны Цопан, Хъила Къоборӕн цӕды гал нӕу, фӕлӕ хуыздӕр галыл нӕ хӕст кӕны ӕмӕ йӕ быхсы, кӕд ӕй арӕх уисӕй скъӕрын бахъӕуы, уӕддӕр.

Фӕрнион рифтаг рахаста ӕмӕ йӕ чындзмӕ радта. Цопан ӕфсондз ӕмӕ дыууӕ гӕрзбӕндӕны йе 'ккой баппӕрста ӕмӕ галтыл ахъӕр кодта.

Цӕуынц хъугӕмтты хицау, чындз ӕмӕ галтӕ. Хъугом – бӕгънӕг. Таухӕрӕнтӕ райдыдтой дӕс боны размӕ, хъом баирвӕзтысты уӕгъд

хуымтæм, сæ хъуын сын асæрфтой, цыма йæ æвзагæй басдæрдтой, афтæ.

Цæуынц. Цыппарæй алчи дæр фæлгъауы йæхи сагъæстæ. Хуымон галы цæстытæм чи каст, уымæ гал æгомыг нæ кæсы. Фæлæ чи зоны, цы хъуыдытæ æвзæры зæронд лæджы сæры. Цы мысы зын царды нывтæй? Хæдзары хицауæн йæ мæт – йæ къонайы фарн, йæ сагъæс – йæ бинонты хъысмæт. Фæлæ уыдæттæй Цопан фæлмæцыд у. Чи зоны, цавæр сагъæстæ агайынц, уарзынæй чи нæ бафсæст, уый зæрдæ?..

Æваст сæ хъустыл ауад бæхты къæхты хъæр. Цопан исдуг лæугæйæ аззад йæ мидбынаты. «Хъæуæй балцы цæуинаг ничи уыд. Уæдæ хуыснæгау æхсæв чи нæ хуыссы?» – ахъуыды кодта лæг æмæ къутæртыл йæ цæст ахаста. Фæрвджыны пыхсыты аууонæй фæзынд дыууæ барæджы. Доны æрбауадысты æмæ саппыл схызтысты фæндагмæ. «Ай та нæ дзæгъæлдзу куы у... Фæлæ чи уыдзæн иннæ æхсæвдзу?» – йæхинымæр дзуры лæг.

Барджытæ, ацы сæудары искæуыл сæмбæлой, уый æнхъæл нæ уыдысты. Ныр хорзау нал фесты. Рохтæ фелхъывтой, æмæ бæхтæ зæххы сæ къæхтæ фæсагътой. Кæрæдзимæ кæсынц. Æрæджиау Цопан сдзырдта:

– Уæ фæндаг раст, лæппутæ. Ныхас уæ куынæуал хауы, цыма уыл дæлимон амбæлд, уыйау.

– Уæ хъуыддаг раст, фæлæ... – барæг йæ хъуыды зæгъын нæ бауæндыд. Бахудынил фæлвары, фæлæ йын уый дæр кæм æнтысы.

– Хъауырбег, афтæ раджы æнæ хъуыддаг кæм уыдзыстут?

– О, партизантæн хъуыддæгтæй фылдæр цы ис, – загъта Хъауырбег, цыма йын фенцондæр, уый хуызæн.

– Уый та куыннæ зонæм, уый!

– Цопан, хъæубæсты куы цæрыс, хистæр куы дæ, лæгæмбал дын куыннæ фæци?

Сæры цæф дæр афтæ хъыг нæ уыдаид Цопанæн.

– Лæгтæ знагимæ хæцынц, ам сæ ничи ис, – æфхæрæн дзуапп радта лæг æмæ араст йæ фæндагыл.

Цæуы, фæлæ маст йæ зæрдæйы ныххызт. Маст фестад сау сынт æмæ йæ бырынкъæй æхсыны зæрдæйы уидæгтæ, къултæ хафы йæ ныхтæй. «Ничи кæсы ацы рувæстæм! – загъд кæны йæхинымæр Цопан. – Партизантæ! Абырджытæ стут, æндæр цы. Адæм – фæдисмæ, адон –

къæбицмæ. Мæрдты бирæгътæ! Фысы цармы бацыдысты æмæ адæмы бынтæ сдæрынц. Цъалайы хъæдты немыцимæ хæцынц æви тæрхъустимæ? Сæ куыст – сайын æмæ хæрын. Давынц æмæ стигъынц. Кæмæй тæрсынц – ам лæг нал и. Æмæ уырсиуæг кæнынц. Циган митæй бæстæ сæфтмæ тæрынц. Арв ныл хауы, æмæ йæ уромæг нæй. Фæлæ æхсæвæн дæр кæрон æрцæуы. Нæ лæгтæй ма исчи зындзæн. Хуыцау зæгъæд. Æниу цы? Адон царды рохтыл фидар хæцынц. Нæ хæрзтæ сæ туг калынц, адон та бæрзæй æвæрынц, хъарм бынæтты къуырф бадт кæнынц...»

Цæуынц хъæды астæу æрдузты гакъæттæ фæндагыл. Уæхскыл – Æфтауцдон. Уырдæм сæ бирæ нал хъæуы. Фæндагау къæдз-мæдзытæ цæуынц Цопанæн йæ хъуыдытæ дæр. «Хъауырбег æдзæсгом у. Æнаккаг! Цы мын бафæрæзта зæгъын?! Цыма нæ зоны уавæр. Йæ уайдзæф хъамайау мæ зæрдæйы ныссагъд. Фæлæ раст у. Исчи ма йæ чындзы ахæм куыстыл æфтауы? Сывæллон, æвæлтæрд чызг. Фæлæ цы кæнон, уавæр мæ æртардта. Худинаг, æндæр ницы. Æ, йæ рынтæ ахæрон мæ гыццыл гыгыйæн...»

Лæджы зæрдæ суынгæг и. Чындз ын йæ цæстытæм куы кастаид, уæд дзы уыдтаид хъыг æмæ рыст. Чи зоны, цæссыгтæ дæр.

Замирæты риуы æвзæрд æндæр сагъæстæ. Хъауырбеджы уындæй йын калмы уынд æхсызгондæр уыдаид. Кæцæй фæзынд? Дезертир у æмæ æхсæвдзу кæны. Æнаккаг! Зонын, дæ цæстæнгас цы зæгъы, уый дæр: «Мæн куы уаис, уæд дæ ахæм куыст нæ хъæуид, хъарм уаты бадис». Рæдийыс! Калмы хуыккомы бæлон нæ цæры.

Фæлæ кæм и афонмæ Алихан? Хабар дзы цæуылнæ хъуысы? Мæ арт бауазал, мацы йыл æрцæуæд! Нæ, тас ын нæу. Мæ уарзт æй хъахъхъæны. Мæ зæрдæ йæ разæй цæуы, йæ риу ын æхгæны. Æрра нæмыг! Зон, фыццаг мæ зæрдæйыл æмбæлдзынæ, уым нæ ахиздзынæ... Чызг тыхсы, йæ хъуыдытыл йæхæдæг худы, фæлæ йæ уавæр ницæмæй æвдисы. Цæуы йæ хицауы фæстæ.

Ахызтысты Уæхскæй, Æфтауцдонæй. Цæуынц æмуырдыг къулты. Ацы фахс уыгæрдæн нæу, фæлæ сæрсæфæн. Ласæнвæд уистагау зыны гæзæмæ. Лæг фæдзæхсы чындзы, хъавгæ цу, зæгъгæ. Иу ран кæрддзыхы базмæлыд калм, маргджын хъулон калм. Йæ зынг цæстытæ иу æрттывд фæкодтой, æмæ абырыд кæрдæджы. Лæг, цыма ницы федта, йæхи афтæ дары, – нæ хъæуы чындзы тæрсын кæнын. Æрмæст йæхинымæр загъта: «Хилджытæ! Ичъына уын нæма ‘рцыди».

Бахæццæ сты мæкъуылтæм. Хохæгтæ сæрæн сты. Цард сæ нæрвы нæмы, æрчъиагау сæ æууæрды, æмæ фæлтæрынц. Лæгтæ цæвæгæй ныддасынц уæлæ уыцы фæхстæ. Сылгоймæгтæ халамæрзæнтæй рассивынц уистæ, цъæх хосæй скæнынц уылæнтæ, уыдонæй рауайы гол, æрæппарынц æй, лæнкау дзы кæм вæййы, уырдæм. Уым дзы лæгтæ мæхъитыл амайынц мæкъуылтæ. Уый тыхсæттæн куыст у.

Цопан галты сифтыгъта æфсондзы. Мæкъуылты æрысгæрста. Балвæста сын сæ фæсал бæндæнтæ. Артъанг бæндæнтæй æрбаста иу мæкъуыл, стæй мæхъийы рахæцæн фæрсæгтæм фæфидар кодта гæрз рæтæнтæ. Чындз хæцы галты сæрбосыл. Лæг ын амоны, галты куыд здахын хъæуы, надвæдыл куыд цæуын хъæуы, уыдæттæ. Къобор – дæллаг гал. Уый фæлтæрд у, зоны йæ куыст, Цопан ыл йæ зæрдæ дары. «Гъе, Уастырджи, баххуыс кæн!» – скуывта лæг, æмæ азмæлыдысты сæ бынатæй.

Замирæт цæуы галты разæй. Сæрбос æлвасы уæлæмæ, къулы ‘рдæм. Цопан цæуы мæкъуылы фæстæ, фидар хæцы бæндæны кæроныл, мæкъуыл нæ уадзы дæлæмæ бырын. Галтæ хосыл размæ æнцайынц, лæг – хæрдмæ.

Сихорафонмæ Æфтауцдонмæ æрбакодтой æхсæз цыды. Баззад ма дзы æртæ мæкъуылы. Цопан галты суагъта цъæх тауыл. Йæхæдæг æрбадт суадоны был.

– Æрбад, мæ хур, ам бабайы хæдзар нæу, – рæвдауæн ныхас кæны лæг. – Сис нæ фæндаггаг. Дæ рын ахæрон, ам кусæг æххормагæй донзоныг кæны.

Чындз арæхсгæ февнæлдта рæвдз. Кæрдæгыл айтыдта сыгъдæг къуссæрфæн, рифтагæй систа дзул æмæ цыхт.

Замирæтмæ афтæ хæрзад никæд каст хуымæтæг хойраг. Мыдау лæдæрсти йæ хъуыры. Фыццаг хатт æнкъардта, хосы тæф зæрдæйæн куыд æхсызгон у, уый дæр. Йæхимæ каст, цыма арвы хъæбысы бады, афтæ. Арв – хæстæг, къухæй йæм бавнал. Хæмпус æврæгътыл ныдзæвы йæ сæрбæттæн – нывæфтыд кæрдæн. Диссаг æм каст, ахæм бæрзондмæ куыд схæццæ, уый. Хæхтæ æвзонг зæрдæйыл æфтауынц цымыдис: цы ис рагъы фæстæ? Тæхуды, уырдыгæй акæс! Фен ног дуне, æндæр фидауц. Фæлæ рагъ дард у, кæй æвдæлы уырдæм цæуынмæ?! Ам Алихан карста хос. Удхар кодта ацы фæндагыл. Нуæзта ацы суадонæй. Цымæ, афонмæ цы уавæры ис уый та? Мæгуыр йæ бон, уымæн нæй нанайы кæрдзын. Чи зоны, сдойны ис хæсты быдыры. Чи зоны, мысы ацы суадон.

Чызгæн йæ зæрдæ æрбауынгæг. Цæстыты абадт мигъ, доны разылдысты. Нæй лæмæгъ уæвæн. Дæхиуыл хæц, худинаг у хицауæй. Цы банхъæлдзæн уый?

Æмбæхсы йæ цæстытæ чызг. Мигæнæнæй дыууæ къусы рауагъта мисын. Цæмæн хъæуы ацы доны цур мисын? Нал хизы хъуыры, – уым дæрзæг хъыг къуыбарæй лæууы... Ныр бафиппайдта, куыд бафæллад, уый дæр.

Комы нарæджы фæзынд фæззыгон фæлм. Фæллад лæг æй бафиппайдта æрæджиау. Цъæх мигъ лæсы комы хъæлæсæй, хилы æрхыты уæлæмæ, сындæггай æмбæрзы хъæд æмæ рæгътæ.

– Æнæнцой фæу, цы мигъ дæ! – загъта лæг æмæ систад. Цæрдæг йæ къæхтыл алæууыд чындз дæр.

Бахæццæ сты мæкъуылтæм. Кæрдæг уымæл кæны. Зæхх куы схуылыдз уа, уæд кусæн нал и, фахс – бырынцъаг, ком – сæрсæфæн. Иу цыд сын бантыст. Аздæхынц фæстæмæ. Нæй мæкъуылтæн уадзæн. Зымæг дуртæ æууæрды. Холлаг – хъазар. Сæфы йæ сæрды куыст.

Ранцадысты галтæ. Диссаг сты уыдон фæлладæй. Хъæуы ‘рдæм цæуынц, уæд æй æнхъæлынц фæстаг цыд æмæ размæ тындзынц. Фæстæмæ сæ аздæхтай, уæд цæуынц уæзбын æмæ æвæндонæй. Райдыдта сæлфынæг кæнын. Къах фидар нал хæцы кæрдæгыл. Цопан зоны: мæкъуылæн нал ис бæндæнæй уромæн. Йæ рахиз уæхск сбыцæу кодта мæкъуылмæ, цæуы йæ дæллаг фæрсты. Галтыл фылдæр уæз и æви лæгыл, уый зын зæгъæн у.

– Чындз, мæ къона, галты сындæг уадз, сæ ных сын дæ армæй къуыр, – фæдзæхсы лæг, йæхæдæг тыхулæфт кæны.

Мæр хуылыдз кæны. Галтæ сæ сæфтджытæ садзынц сыджыты. Хатгай фæбыры къах, фæлæ уæраг зæхмæ нæ уадзынц. Замирæт сын сæ сæртæ ивазы къулмæ, цыма сæ рагъмæ здахы, афтæ. Лæг цæуы мæкъуылы æнцой, йæ гом къæхтæ арсы дзæмбытау фидар æрæвæры лæзгъæрты, фæлæ йæ хатгай фæсайынц, æмæ йæхимæ мæсты кæны.

Цопанæн йæ фыд Тамсыр домбай уыди. Иуахæмы йæ зиумæ æрхуыдтой фæсæфцæг. Изæры сын сæ сугты баст хорз нылвæста æмæ рараст йæ хæдзармæ. Æфцæгмæ куы схæццæ, уæд æй сæййæфта фæдисон барæг. «Дæ хорзæхæй, раздæх, – загъта фæдисон. – Гæркъа суæгъд кæнын нæ комы, æмæ галы аргъ бæндæн лыг кæнын бахъæудзæн». Цы гæнæн уыд, аздæхт æмæ суагъта сугты баст. Фадат ын фæци æмæ

сæ хъазынтæ систа: «Нæ уын фæзæгъын, сымах, гал хъугдзармыл чи ивта, уыдон стут». Цопанмæ нæй йæ фыды тых, фæлæ æнæхъару нæу. Куысты йæ ничи æмбылдта. Йæ фырттæ куы ралæгтæ сты, уæд æй ацы хосласæнтæм нал уагътой. Уый-иу сыл бахудт: «Цы кæнут, дзылытæ? Нырма сымах хуызæттæ дзæкъулы куынæ ахæссон, уæд мæ мæлæт – хуыздæр». Уæд хъал уыд. Ныр афтæ сæрыстыр нæу...

Æваст йæ фæстаг къæхтæй фæбырыд Хъила гал. Йæ сынæгæй рассыдта Къоборы. Уый фæцудыдта, фæлæ йæ фыццæгтæ зæххы ныссагъта. Мæкъуыл фæиртæст ласæнвæдæй, æрæнцад лæджы уæхскыл.

– Чындз! Фидар хæц сæрбосыл. Галты сындæггай уæлæмæ здах.

Замирæт йæ тых, йæ бонæй ивазы сæрбос, цыма, куы тулой, уæд сæ бауромдзæн, уый хуызæн. Риссынц армытъæпæнтæ хъæбæр синагыл. Дудынц, сæ царм рæдыфсы. Бамбæрста лæг: мæкъуыл нал схиздзæн галвæдмæ. Суадзид æй бæргæ – тулæд, дымды фæуæд. Фæлæ галты ахæсдзæн йемæ. Сæфæм, æндæр ницы. Лæг акæсы алырдæм. Цы агуры? Ам æххуыс арæн нæй. Ис! Дæлæ цъуйы къутæр. Сырх дарынц йæ цупæлттæ. Гъей-джиди, уымæ баххæсс!

– Чындз, æруром галты! Фидар хæц, фидар! – ацы хатт йæ хъæлæсæй нал сыхъуыст ныфсы хъæр.

Замирæт иу къухæй хæцы сæрбосыл, иннæ къухæй нындæгъд уæлвæды цъæнуты губаккыл. Фæлæ цы сфæнд кодта лæг? Æваст рахызт мæкъуылы бынæй. Дыууæ, æртæ гæппæн февзæрд цъуйты бын. Фелвæста йæ фæсронæй чысыл фæрæт. Æркъуырдта дыууæ къалиуы. «Мæ хæдзар хæлы, æндæр ницы! – ферттывта йæ сæры тæссаг хъуыды. – Галтæ цудынц, æмæ кæйдæр чызг сæфы». Мæкъуылмæ дыууæ михы быцæу куыд авæрдта, уый нæ базыдта йæхæдæг дæр. Хуыцауæн табу, мæкъуылæн тулынæй тас нал у.

– Хæц, мæ хур, хæц! – сдзырдта чындзмæ. Йæхæдæг галты раз фæрæтæй ракъахта къахæвæрæнтæ. Бынæй сыджыт разынд сур, æмæ дзы бацыди ныфс. Лæг къахвæдтæ акодта цалдæр ивазны. Хъилайы дымæгыл схæцыд, æмæ гал йæ фæстæгтæй æрцахста надвæд.

Лæг ногæй бацыд мæкъуылы æнцой. Аразæнтæ суагъта æмæ дзуры:

– Ахæц, чызг, ныр... Цоб, Къобор, цоб.

Къобор йæхимидæг барызт. Йæ сау цæстыты туг ныббадт. Скаст чызгмæ, цыма йæ тæригъæд хъардта, афтæ. Замирæт ницæмæ æрдардта галы хъаст. Сæрбосыл сонтæй ахæцыд. Гал йæ бон базыдта.

Йæхи фæтымбыл кодта, хæрдаив йæхи фесхуыста. Иугæр йæ сæфтæг сурыл фæхæст, уæд размæ анцад. Ахæцыд Хъила дæр. Æртæ-цыппар къахдзæфы фалдæр мæкъуыл абадт надвæдыл.

Нал аздæхт Цопан фæстаг мæкъуылмæ. Зæйы амæттаг фæуæд, зæгъгæ, загъта. Суагъта галтæ. Исдуг адæргæй æрбадт Æфтауцуаты, зæхмæ фæкасти æдзынæг. Æрæджиау сфæрæзта дзурын:

– Абон чи куывта, уый махæн, – арф ныуулæфыд лæг. – Ныххатыр кæн, мæхи къухæй сæфтон мæ хъæбулы. Зæронд скæнæг дæлæмæ ‘рхауæд, нал дзы тых вæййы, нал – зонд.

Сыстад Цопан. Æфсондз систа йæ уæхскмæ.

– Дада, бæндæнтæ æз хæсдзынæн.

– Дæ нывонд – мæ сæр! Цы фæрыстæ, уый дын – æгъгъæд.

Бафæллад Цопан. Фæрыст. Фæллад сты галтæ дæр, сæ фæздæг кæлы. Цæуынц уæзбынæй. Æрхæццæ сты коммæ. Райдыдта уарын.

Дыккаг бон фæссихор Замирæты цæуын бахъуыд Фаллаг хъæумæ. Фæрынчын зæронд ус – Къæберон, æмæ йæ хъæуы дохтыры æххуыс. Дысоны къæвдайы фæстæ арв раирд, бон фæхъæрм. Чызг уайтагъд арæвдз æмæ атындзыдта къахвæндагыл. Рынчыны баййæфта тыхстæй. Базылд æм, радта йын хостæ, фылдæр та ныфс æмæ уды хъарм. Дисы бафтыд, Хъауырбег дæр уым куы разынди, уæд. «Мæнæ дæлимон! Æнхъæл кæм нæ уай, уым къахы бынæй сгæпп ласы», – загъта йæхимидæг чызг. Фæззыгон боныл æууæнк нæй. Уары лыстæг къæвда, изæрмилтæ кæны. Фысымтæ нæ уадзынц сæ хæрзгæнæджы, фæлæ йын нæй лæууæн, – бинонтæ мæтмард кæндзысты.

– Донæй дæ ахизын кæнон, – загъта Хъауырбег æмæ йемæ абæлццон.

Чызг нæ разы кæны, фæлæ йæм фысымтæ æрхатынц, ауадз æй, ма йыл ауæрд, зæгъгæ.

Цæуынц. Хъауырбег йæ хорхаст бæх идадзæй йæ фæдыл ласы. Рахизынц рагъæй. Уарын тыхджындæр кæны. Цæуынц уырдыджы гакъæттæ фæндагыл. Бæстæ ныттар. Арв фæкъæртт æмæ фемæхст, къæртайæ калы. Хуылыдз кæнынц бæлццæттæ. Хуылыдз къаба æндæдзы сылгоймаджы буарыл. Ставд æртах тулы йæ хъуырыл, тулы йæ риуыл, агуры алæмæт хъарм бынат. Æваст æрбадымы, гом кæны чызджы уæрджытæ.

– Мæнæ мыл мæрдырох бафтыд! – зæгъы Хъауырбег. – Мæ зæрдæмæ хъусынтыл фæдæн, æнæсæрфат.

Ӕрлæууыд. Рæвдз февнæлдта саргъмæ, айхæлдта нахæтбос, райста тыхт нымæт йæ фæсарцæй, айтыгъта нымæт æмæ дзуры:

– Цæй æнæрхъуыды дæн! Хатыр мын фæуæд. Мæ хъуыдыты адзæгъæл дæн, арвæй дуртæ куы хауид, уæд дæр сæ нæ хатин.

Чызджы йæхимæ æрбахæстæг кодта æмæ нымæт сæ уæлæ æрытыдта. Къæхты бын фæндагыл дон суадæттæ кæны, сахатæй уайы.

– Ацы назы бын чысыл æрлæууæм, кæд фенцаид къæвда.

Лæууынц. Чызг ихæнриз кæны. Лæппу йæ хаты æмæ хуылыдз уæхскыл æрæвæрдта йæ хъарм къух. Ӕхсызгон хъарм тавы цонг, сындæггай хъары æвзонг буары. Уары, дымгæ уигъы бæлæстæ. Тæлфынц зæрдæтæ, фæлæ сæ гуыпп-гуыпп нæ хъуысы къæвдайы сæхæй. Лæппуйы къух фæсонтыл быры дæлдæр, æрхæццæ дæларммæ, æнгуылдзты уырзтæ сгарынц риубæттæн, ныдзæвынц бæллиццаг къуыбырыл.

– Афтæ ма кæн! – загъта фидарæй чызг.

Хъауырбег ницы хъусы. Уый фестад арт. Нымæт – цатыр, алæмæты дуне! Йæ армы – йæ бæллиц. Судзы, арт уадзы. Чызджы русыл ныдзæвы йæ уадул, цадæг ыл æрсæрфы йæ былты зынг. Замирæт тæвд кæны, тыхсы, ацы минут æм кæсы æнус, фæлæ, зындон у æви дзæнæт, уый нæ хаты. Лæппу æхххæст кæны йæ фæндон. Иу арæхстджын фæзылд, æмæ былтæ кæрæдзийыл амбæлынц. Чызг фестъæлфы калмдзæфау, нымæт аппары, йæхи атоны арсы дзæмбытæй æмæ иуварс алæууы.

– Ӕнаккаг! Де ‘фсарм бахордтай!

– Ӕфсарм! Уый мын рæхыстæй сбаста мæ зæрдæ. Мæ разы мын æвæрдта цæлхдуртæ. Фæлæ уыныс, мæ зæрдæ судзы, йæ арт бæхсныгау басыгъта йæ рæхыстæ. Басыгъта дурты дæр.

– Ӕрра, æмгары цæсгом æрхъуыды кæн...

– Ӕмгар! Ӕмгар мын уыдис кæддæр. Уыдис мын зæрдæ. Ды мын ахастай мæ зæрдæ, æмгар мын байста мæ амонд.

– Уый æз равзæрстон.

– Ды? Уый зыдта мæ уарзондзинад. Зыдта, фæлæ æфсæрмы нæ кодта æмгарæй. Нæ тарст æмгары фыдæхæй. Чи у раст – уый æви æз? Мæ маст æхсыст, рæмыгъта йæ бæттæнтæ. Ӕз ын хæцыдтæн йæ рохтыл, нæ мæ фæндыд дæуæн маст кæнын. Фæлæ ныр мæн дæ. Хъусыс, æз хæстмæ дæр уымæн нæ ацыдтæн...

– Тæппуд! Ӕнæзонд! – æрбайхъуыст ма дардæй Замирæты хъæр. – Хъæддаг сырд!

Хъауырбег исдуг сæццæйæ аззад. Стæй доны ‘рдæм йæхи аппæрста. Сылгоймаг доны тæнæг нæ равзæрста. Кæдæм бахæццæ, уым фæсуанг кодта, балæгæрста ивылд доны.

– Замирæт! Æрлæуу, æрлæуу!..

Уылæнтæ сæхи цæвынц сылгоймагыл, тыхсынц ыл æгъатырæй. Ныртæккæ йæ фелвасдзысты æхсныфау, нывзилдзысты йæ хуыдыммæ. Уылæнтæ кæрæдзи æууæрдынц, дуртæ сæхи хойынц кæрæдзийыл, сæ цæллахъхъ къултыл фæцæуы тызмæгæй. Замирæт фæхæст былгæрон хус хæтæлыл, стæй æрцахста хæрисы къалиу. Хъауырбег æнцонæй сулæфыд.

* * *

Уалдзæг кæмтты æрбацæуы, йæ бартæ домы, фæлæ зымæг хæхты хъæбысы къуырф бадт кæны æмæ йæ бынат нæ дæтты. Алиханæй цалдæр мæйы хабар нæй. Мад æмæ фыд тыхсынц, утæхсæн кæнынц, сæ уæраджы магъз сæтты. Сæ зæрдæ нал тæры уынгмæ ракæсын. Фæлæ ацы бон сыхæгтæ Зазхæссæн кæнынц, æмæ сын уырдæм æнæ цæугæ нæ уыд.

Уары мит. Хъæу ныссабыр, цыма миты бын рæсугъд фынтæ уыны, афтæ. Нæ йæ фæнды, райхъал уа, уый. Сабыр у хъæу. Æнцой нæй æрмæст Цопаны хæдзары.

– Хæдзары лæг нæй, кæдæм æфсæрыс? – мæсты ныхас кæны Замирæт.

– Æз хизын æгъдауы сæрты, – зæгъы Хъауырбег. – Цы у æгъдау? Лæмæгъ удтæн – гамхуд, мæгуырæн – уарт. Тыхджын æнкъарæнтæн нæй æгъдау. Тымыгъæн уромæн нæй. Ивылд дон йæ разæй ахæссы ауазæнтæ, йæхицæн агуры фæндаг.

– Кæм æмбæхстай уыцы марг нырмæ?

– Æмбæхстон марг нæ, фæлæ уарзт. Мæ зæрдæйы ныгæдтон мæ бæллицтæ, ныгæдтон мæ уарзт. Уыдон рауагътой билцъ, сæмбæлд сыл уалдзæджы комы тæф, суагътой æвзартæ, стыдтой риуы къæй.

– Ды сæнттæ цæгъдыс. Хъусыс, ныууадз æрра митæ.

– Куыд? Ды æвналыс фæндыры хъистæм, уыдон ризынц, сæ зæлланг цæуы, ды сæм азым хæссыс: цæмæн хъæрзут? Уый раст нæу. Замирæт, мæнæн цард нæй æнæ дæу. Æз дæ мæ армы хæсдзынæн, уыдзынæ буц æмæ рæвдыд...

– Ныууадз! Мæ зæрдæ мын ма къах.

– Æз куыд ныууадзон дæу? Ды – мæ удлæууæн. Æз сæфын. Дохтыр!

Мæ уд исын. Дæ разы фынгыл – дзаг нуазæн, мæ уды хос. Æз æм не ‘ххæссын, ды йæ нæ дæттыс...

– Æгъгъæд! Уый дæуæн нæу.

– Мæнæн нæу? Уæдæ кæмæн у æвæрд? Дæ кæддæры лæгæн? Хатыр, уымæй сæрибар дæ...

– Цы дзурыс, халон, уый?

– Æз загътон, дæуæй æртæ мæйы цы сусæг кæнынц, уый. Æз æй мæ зæрдæйы æрхъисау хастон, фæлæ йæ ныр скъахтай дæхæдæг дæ судзины фындзæй.

– Сайыс! – сонт хъæр фæласта Замирæт! – Ды бындзæй уæлдай нæ дæ. Бындз дæр хъæдгомыл бады. Фæлæ сайыс.

– Гæххæтт ссыд. Æбæрæг сæфт фæкодта. Уый мард у, уæдæ циу.

– Нæу, мæнгард, нæу! Йæхæдæг куынæ зына, уæддæр æй æз ссардзынæн. Уымæй мæ зоныс. Æз æм лæгæрддзынæн ивылд дæтты. Цæудзынæн нæмгуыты бын. Арвы кæрон куы уа, уæддæр æм цæуин бæгъæмвадæй авджы цъæлтыл...

– Рæвдауæн ныхас дæм нæ хъæры, уарзтæн аргъ нæ кæныс, уый та дын карз æцæгдзинад. Мæн фæнды дæуæн амонд раттын.

– Калмы æвзагæй æрмæст марг тæдзы. Халонау фыдуацхæссæг дæ æмæ æлгъыст фæу!

Замирæт хæкъуырццæй ныккуыдта. Йæ зæрдæйыл фæхæцыд, бадзой-дзой кодта æмæ фæцудыдта. Хъауырбег æм фæцырд, хауын æй нæ бауагъта. Чызг йæхи ратыдта лæппуйы къухтæй, дуарыл йæхи ныццавта æмæ хæрхæмбæлд фæци Фæрнионимæ.

* * *

Иу райсом Замирæт сæумæраджы дон æрбахæссы. Сыхæгты ус та донмæ араст. Замирæт æй фæурæдта, йæ къæртаты йын дон ауагъта, йæхæдæг фæстæмæ аздæхт Донисæнмæ. Баййæфта дзы дыууæ æрыгон сылгоймаджы. Зæрдæбын ныхас кæнынц, кæл-кæлæй худынц. Замирæт сын салам радта, йæ бедратæ айдзаг кодта æмæ раздæхт. Сылгоймæгтæ худынæй сæ тыппыртæ уадзынц. Чызг сæм нæ кæсы, фæлæ йæ хъустыл ауад бæхы къæхты хъæр. Чызг йæхи фæкъæрцхъус кæны. Устытæ дзурынц:

– Кæс, æмæ та Хъауырбеджы бæх Фæрнионты дуармæ æрлæууыд.

– Бындз мыд куы ссары, уæд афтæ вæййы.

Замирæтыл цыма ихдон бакалд, афтæ фæци. Фæстæмæ нæ фæкаст, тындзы размæ.

Ахæм ныхæстæ æрцыд æфсины хъустыл дæр. Фæрнион йæхицæн хъæрæй дзырдта: «Ничи кæсы нæ саударæг чындзытæм. Сæ дзыхты баст сыхæлдтой. Сæ чыр-чыр Дæлæсыхæй Уæлæсыхмæ хъуысы». Гуырысхо емынæ у. Зæрдæмæ баирвæзт, уæд дзы уидæгтæ ауадзы, нал сын вæййы хос æмæ стонæн. Æфсин хæрам хæссын байдыдта чындзмæ, сусæг-æргом ын уайдзæф кæны. Йæ зæрдæмæ нал цæуы нæдæр йæ къахы айст, нæдæр йæ дзыхы дзырд. Чындз дывыдон арты бахауд, фæлæ быхсы, хуыздæр бонмæ æнхъæлмæ кæсы.

Хуыздæр бон нæ кæны, фæлæ саг фæрæты бынмæ цæуы. Иубон æм медпункты фæзынд, Донисæны йæ фæдыл хахуыртæ чи уагъта, уыдонæй иу. Йемæ – йæ зæронд æфсин. Зæронд ус узæлы дохтырыл æмæ дзуры:

– Мисурæт дысон-бонмæ йæ хъæрзынæй нæ банцад. Йæ дæндагæй йæхи ауындзынмæ ‘рцыд. Ды – нæ зæды хай, дæ сæрылхаст фæуон, исты хос ын скæн.

Замирæт уæззау бандоныл æрбадын кодта рынчыны. Бакаст комы арынгмæ. Загъта, дæндаг бамбыд, ласын – йæ хос, кæд бафæраза, уæд.

– Æз ын йæ къухтыл хæцдзынæн, – загъта зæронд ус.

– Дæ бон нæ бауыдзæн, – зæгъы дохтыр. Райста лыстæг мæцъбæндæн. Сылгоймаджы гуыр æмæ цæнгтæ хъæбæр æрбатыхта, сбаста йæ бандон æмæ сынтæджы къахмæ. Райста дæндагласæн æмæ скальпель.

– Мисурæт, кæлмхæрд дæ дæндаг у, фæлæ ласинаг та де ‘взаг у, марг уым дарыс. Мæнæ де ‘фсин, нымад сылгоймаг. Зæгъ йæ разы, мæнæй цы зоныс, уый. Зæгъ æргом. Кæннод дын ныртæккæ де ‘взаг дæ къухы ратдзынæн.

Зæронд ус цавд дурау фæци, æндзыгæй лæууы. Æрбампылд, цы гыццыл уыд, уымæй фæгыццылдæр.

Мисурæт бамбæрста йæ уавæр. Уыны: дохтыр хъазгæ нæ кæны.

– Хатыр. Хатыр дæ курын, – лæгъстæ кæны рынчын. – Фаризæты æвзаг бахус уæд, уый дзыхæй рацыд дам-дум. Уынгты йæ уый цитт-цитт кæны. Æз ницы федтон. Цы фехъуыстон, уый мæхицæй дарддæр нæ ацыд.

– Чындз, ды нæ дохтырыл даутæ кæныс? – йæхи нал баурæдта зæронд ус. – Æ, дæ быны хъæр райхъуыса, Гуысалон, сымах æвзаг дур халы. Мах ацы сыгъдæг удæн дзуарау табу кæнæм, сымах та йыл бырон калут? Æ, бырæтты бын фæуат, æгъе! Æ, мæ сæр куыд амард, æгъе! Æ,

мæ хъæбул, мæрдты мæ ма схъæрз, дæ сæр хъуыды кæнын, æндæр ын мæхæдæг йæ сæр фæрæтæй афадин, – нал æмæ нал æнцайы ус.

– Дæ хатыр ын фæуæд, – загъта Замирæт æмæ бавнæлдта йæ куыстмæ.

* * *

Алиханæн уыди гал-нывонд. Лæппу хæстмæ куы цыди, уæд Цопан равзæрста урсдзых, хъулон уæныг, йæ сыкъатыл ын сырх бæттæн бабаста æмæ йæ ныффæдзæхста Уастырджийыл. Ныр æхсæзаздзыд хъулон гал бæрæг дардта рæгъауы дæр æмæ хъæуы дæр. Уалдзæджы ‘рдæм уынгты йæхи хурмæ тавта, арвмæ-иу скаст æмæ ныууасыд хъæлæсыдзагæй.

Уыцы æхсæв галы чидæр атардта. Цопан базыдта хабар æмæ ацыд хуыснæджы фæдыл. Хордоны æмбæхстæй дардта йæ берданкæ. Систа фыдæлты хотых. Зыдта ацæуæнтæ æмæ æмбæхсæнтæ. Рагæй нал бахауд ахæм фæдисы. Хæсты размæ нал уыд абырæг, сыскъуыд къæрныхты мыггаг. Фæлæ хæст мæлæтимæ хæссы низ, хæрам æмæ фыдæх. Бæстæ лæгцух куы вæййы, уæд сæ бынаты фæзыны хуыснæг æмæ бынхор... Боныцъæхты æфцæгрæбынæй фæцыд топпы гæрæхтæ. Хъæуы æвзонг фæсивæд фæфæдис кодтой.

Уыдис Бæлдæрæн. Хъæдрæбынты æхсынцъы дидинæг калдта. Къутæры фæстæ уымæл нæууыл фæлдæхтæй хуыссы хъулон гал. Йæ фындзæй туг цæуы. Туджы æвдылы галы урс дзых, йæ рæсугъд былтæ. Йæ фарсмæ бады Цопан. Йæ сæр æрхауд йæ уæрджытыл. Зæхмæ кæсы æмæ кæуы. Бады, змæлгæ нæ кæны, цыма уыцы хуызы цавд дур фестади, уый хуызæн. Галы фæстæ хуыссы давæг. Лæппутæ йæм кæсынц. Мæнæ Хъауырбег! Ærысгæрстой йæ, – цæфтæ у, фæлæ удмидæг, хъæрзы, йæ туджы мæцы.

Лæппутæ хæссæгау æрхастой Цопаны. Бæстытæй æркодтой Хъауырбеджы. Кæрты йæ уæрджытæ хойы Фæрнион.

– Ацыд... Ацыд нæ чындз... Ныууагъта нæ иунæгæй...

– Цæфæй нæ мæлыс, уый та дын рæхуыст, – саст хъæлæсæй, уæрмæй дзурæгау, сдзырдта зæронд лæг. Бадзой-дзой кодта æмæ адæргæй йæхи æруагъта асины дуртыл. – Хæдзархæлд фæдæн, æндæр ницы.

Уалдзыгон хур æрбакаст фæсрагъæй. Цопан кæсы зæхмæ. Уыны æрмæст сау сыджыт.

*1965 аз*

# ÆНУСОН РУХС

*Таурæгъ*

Бон цъæхтæ кæны. Хъæу – фынæй. Бæстæ – сабыр. Æрмæст комæй къадайы сæр-сæр хъуысы гæзæмæ, хъуысы сусæг ныхасау.

Арсæг лæууы сæ уæлхæдзар. Кæсы скæсæнмæ, æфцæгмæ. Кæсы æдзынæг, Уæлхъæуы Хъилдур комы къæсæрмæ куыд нымдзаст и, афтæ.

Стъалытæ мынæг кæнынц. Æрмæст Бонвæрнон Хъæриуы тигъыл цæхæртæ калы, хъазы, тыбар-тыбур кæны. «Цæй ныллæг у Бонвæрнон, – тыхст хъуыды фæзынди йæ зæрдæйы. – Нæ зымæг саузым хæсдзæн. Æнæ уый дæр ацы къæтæр зæххыл хор донæй никуы æфсæды».

Кæсы Арсæг скæсæнмæ. Кæсы, арс æмæ лæг хуры скастмæ æнхъæлмæ куыд кастысты, афтæ. Лæууы, зæронд бæлас тымыгъы размæ æгуыппæг æнцойы куыд фæлæууы, афтæ. Ирд кæнынц арвы кæрæттæ. Арвы цъæх зæлдагыл фæбæрæг хæхты къахыртæ æндæрг, сæхи æвдисынтæ систой хицæн цыргъытæ. Тагъд уæлæ уыцы саусæр уæйгуытæ сисдзысты сæ хъуынджын худтæ, аппардзысты сæ сау нымæттæ. Сæ урс сæртæ тавдзысты хурмæ. Уыцы хъуыдыйæ Арсæджы зæрдæйы ферттывта рухсы стъæлфæн. Йæ рæзты атахт фæстаг æрттиваг хъæндил. «Абон хур уыдзæн, – дзуры йæхицæн, ныфс æвæры йæ зæрдæйæн. – Хуыснæг æмæ тыхгæнæг мæйдар æмæ къæвдамæ бæллынц. Ахæм сыгъдæг бон лæбурæг чи цæуы? Куыд рацæудзæн Сау Барæг йæ сау лæгæтæй? Куыд æрцæудзæн фыдбылыз? Арв хур бон нæ цæвы!»

Арсæг йæ цæстæнгас ахаста хъæуыл. Хъæу фынæй нæу. Хъæу æнхъæлмæ кæсы æмæ лæууы æндзыгæй. Фæлæ æндзыг дæр нæу. Ахсæв дурты гуыбынтæй дæр хъуысы уæззау улæфт. Арсæг æй æнкъары йæ зæрдæйы тæгтæй, йæ хъандзал нуæрттæй. Фæсхохæй, Куырттатæй, цы хабæрттæ æрцыд, уыдон æм хъуысынц дард уынæрау, уæззау æмæ къуырма уынæрау. Сабыр æй кæны, йæ рохтыл ын хæцы, фæлæ нæ мынæг кæны, нæ сæтты емылыкк бæхау, йæ цæфхæдтæй хойы фæндаджы хъæбæр. Æмæ Арсæг йæхиуыл фæвæййы æнæрвæсон, йæхицæн нæ бары йæ уды лæмæгътæ, мæсты кæны къадамæ: уый та цы мæт и, цæуылнæ зары хъæлæсыдзагæй? Зар, фыдæбоны къада, зар, уадз, дæ хъæр, дæ зæллангæй ма хъуыса уыцы тæссаг уынæр!

Скæсæн сырхытæ кæны. Зынын байдыдта Сау хох. Йæ хуссар

фисын – Сау Барæг, йæ бæрзонд тигъ – Барæджы цирхъ. Фæсхохæй рæсугъд зымау стахти Хуры чызг, дунемæ хаста сызгъæрин рухс, йæхи скъуырдта цирхъыл, æмæ арвгæрон сырх адардта, сырх афæлдæхт Хъæриуы урс пæлæз. Фæтынгдæр ис фæндаджы уынæр.

Нал зыны Бонвæрнон. Уыйхыгъд Цъамад Арсæгмæ зыны, цыма йæ армы тъæпæны ис, афтæ, зыны йæм бæлвырд нывау. Хæдзæрттæ – тар, лæуууынц æгомыгæй, ердотæ арвмæ кæсынц хæлиудзыхæй, фæздæг сæ нæ цæуы. Сылгоймæгтæ æфсæрмы мæрддзыгойау къордтæй лæууынц уæлхæдзæртты, сæ дарæс – сау, сæ цæсгæмттæ – фæлурс. Лæгтæ лæууынц гæнæхты раз. Диссаг: Арсæгмæ зынынц мæсгуытæй бæрзонддæр, фидардæр, ныфсджындæр! Кæртыты змæлынц сабитæ, тæлфынц, фæлæ хистæрты кастæй уайтагъд сæхи афснайынц къæсты.

Лæгты нæртон уындæй Арсæгæн йæ зæрдæ барухс. Уыдон дурæй гуырд сты, уыдон уыдзысты цæугæ мæсгуытæ. Фæлæ ацы сылгоймæгтæ... Цы ‘рцыди? Цæмæн сты сауты? Нырма дард у бæхы хуыррытт, нæ хъуысы ехсы къæрцц.

Арсæг йæхæдæг – бæрæгбонарæзт, йæ уæлæ – урс цухъхъа, фæныкхуыз цъæх куырæт. Хъама – сауæфтыд, бæрæг дары урс дарæсыл. «Хуыцау, дæ кувæг адæм – де уазæг», – загъта йæхинымæр æмæ комыл йæ цæст ахаста. Знонизæр хъæуы фос фæсрагъмæ атæрын кодта – уым æдас уыдзысты сæ папитæ, ис сын сæрæн гæстæ, семæ – фæлтæрд фыййау. Æфцæгыл Фæлгæсæны цы лæппу лæууы, уый дæр æвзыгъд у, йæ цæст нæ фæныкъулдзæн. Рæсæны чи бады, уыдон – фæдисон фæсивæд, зонынц сæ хъуыддаг, гуырысхо кæнæн сыл нæй. Хъæу мæсгуытау лæууынц – нæ фæцуддзысты. Гæнæхтæ – ифтонг. Дзидзидай сабитæ кæмæн ис, уыцы чындзыты æмæхсæвæджы сæ цæгаттæм арвыста, Цъамад комæн йæ уарт у, æмæ æдас вæййынц, йæ фæстæ чи фæуа, уыдон.

Хур хъазы хæхты цъуппытыл, сызгъæрин дон калы Хъæриуы цъитийыл, сæрды дзы Сау хохы дæндæгтæ. «Аларды, табу дæхицæн, – кувæгау дзуры Арсæг. – Сырх Аларды, знаджы тых басæтт, рын ыл ыстæд, æфцæджы дуртæ йæ разы сындзы хъæд фестæнт...»

Уыцы сахат хъахъхъæнæг лæппу æфцæгыл ссыгъта хосы гуцъула. Æрбацæуынц! Фæдисы арт пиллон суагъта Арсæджы риуы. Уысмы размæ дæр ма йæ зæрдæ дардта цæуылдæр. Ис Хуыцау. Ис алæмæт. Цы нæ вæййы царды. Цы агуры сах ацы мæгуыр хæхты? Кæд æм

хуыздæр зонд æрцæуид, æмæ аздæхид, кæцæй æрцыд, уырдæм. Ныр уыцы ныфсытæй нал аззад мур дæр, арты рухсмæ атадысты дысоны фынтау, хур сæ систа æрхыты фæлмау.

Арсæг дысонизæр уыцы ныфсытæ æвæрдта хъæуæн дæр. Лæг къæдзæхæй куы фæтулы, уæд дæр йæ зæрдæ дары цæуылдæр – кæрдæджы хал уæд, хæлуарæджы тын уæд, исты йæ уромдзæн. Фæлæ Арсæг зоны бæлвырд мадзал: фидары мад нæ кæуы, æмæ нывыл æрбæстон кодта хъахъхъæнынæн фæрæзтæ. Адæмæй алчи дæр зоны йæ бынат, йæ хæс, рæвдз у йæ хотых. Зоны: хæсты сæйраг хотыхтæ сты зонд æмæ зæрдæ. Зонд хъуамæ фатæй цыргъдæр уа, кардæй кæрдагдæр; зæрдæйыл нæй Церечы згъæр скæнæн, уый хъуамæ йæхæдæг уа фидар. Хабæрттыл базыртæ базад, тæхынц сау халæттау, мæлæты уацхæсджытæ хъуахъхъ кæнынц, адæмыл æфтауынц тас, сæттынц сын сæ зæрдæ. Дзурынц: сах у æфсæн уæйыг, базырджын Хъандзæргæс, йе 'фсады разæй цæуы залиаг калм, æфсад сты дæлимонтæ, цъæх æрцытæй халынц къæдзæхтæ, сæ къæхты бын дуртæ фестынц сау фæнык. Къуыпп кæм и, уым æй дзыхъхъ кæнынц; дзыхъхъ кæм и, уым æй къуыпп кæнынц. Ахæм диссæгтæ мигъ уадзынц адæмы уæнгты. Арсæг уыцы фыдуацтæ схуыдта аргъæуттæ. Сах æмæ йе 'фсад сты хуымæтæг хæстонтæ, æфсæндзых бирæгътæ нæ, фæлæ тугдзых лæгмартæ. Тыхгæнæгæн ис йæ тых басæттæн – ныфсæй, хуыздæр тыхæй, намысæй. Афтæ йæм каст, цыма йæ ныхæстæ уырныдтой адæмы – уый бæрæг у сæ уагæй, сæ фидар æнгасæй.

Хъуысы тæссаг уынæр дардæй. Хæстæгæй-хæстæгдæр кæны. Зæрдæты дзæнгæрæг цæгъды. Фæлæ зæрдætæ къултыл нæ хойынц сæхи.

Хур арвыл бæндæнбæрц стылд. Рагъæй æрбайхъуыст гуымсæгты гуыпп-гуыпп, цæфхæдты æмдзæгъд. Æрбазынд тыхгæнæг знаг.

Адæм базмæлынц. Къуырма уынæр ацæуы се 'хсæн, сæ улæфт хъуысы хъæрзынау. Цæмæй тарстысты, уый сыл æрцыди. Сахы æфсад æцæг у залиаг, цыма фурдæй ралæсы, афтæ фæсхохæй быры 'мæ быры, йæ дымæг нæ зыны. Йæ хъæлæсæй калы арт, йæ комы тæф – мигъы стыг, фæйлауы йæ разæй, йæ хæрв æрттиваг згъæрау цæхæртæ калы, тыбар-тыбур кæны.

Арсæг йæ лæппуйы бонты бахауд Æгъуызаты стæры. Уым иу диссаг федта. Хисты дзуарæй куы скæсай, уæд хохыл, Деметы сæрмæ, æвзист ронау зыны дуры таг къæдз-мæдзтæй. Уый уыди залиаг калм. Æрбамбæлд ыл Уастырджи, табу йæхицæн. Фæрсы йæ: «Кæдæм хилыс

ацы рæсугъд бон?» – «Дæлæ Тылийы – куывд æмæ хъазт, уым хъуамæ мæ мондæгтæ суадзон лæпптутæ æмæ чызджыты сæрыкъуыдыртæй». Уæд æй Уастырджи æрдзæхст ласта ехсæй, æмæ залиаг фестади цавддур. «Кæм дæ, Сызгъæрин Уастырджи, – кувы йæхинымæр лæг, – æркъуыр ацы калмы дæр, æркал ыл дæ фыдæх!»

Йæ хъустыл ауади тарст уынæр.

– Æрбыры нæм залиаг калм.

– Кæфхъуындар, кæфхъуындар!

– Не сæфт æрцыди, не сæфт!

– Хорз адæм! – дзуры сæм Арсæг. – Кæд тарстысты Нартæ уæйыг æмæ кæфхъуындарæй? Кæд æрхауд лæг æнæ хæстæй мæлæты раз? Лæгæн тæссаг æрмæст худинаг у. Хуыздæр акæсут не знагмæ. Уый калм нæу, фæлæ калмæй фыддæр у. Разæй цæуынц сырххудджынтæ – хæссынц тырысатæ. Уыдон фæстæ цæуынц сæ бодзтæ, сæ урс сарыхътæ зынынц мигъы къуымбилау. Æфсад æмæхгæд сты æндон згъæрæй – цæхæр калынц залдзæгтæ æмæ тахъатæ. Нарты цот! Кæдæй нырмæ нал кæрды нæ кард фыдгулы згъæр? Абон – хъазуаты бон. Адæмтæ ныл худинаджы зарæг ма скæнæнт, фæлтау хъарæг кæнæнт нæ кады мæлæтыл.

Адæмы тыхст цадæг æрмынæг ис. Къухтæ æлхъивынц фистонтæ. Уыцы афон Дагомæй æрбахæццæ барæг. Æрсæррæтт ласта æнæсаргъ бæхæй, йæ дзылар ын фелвæста, йæ армы тъæпæнæй бæхы рагъ æрдаудта æмæ йæ хъæууынгты фæстæмæ атардта. Барæг уыд æрыгон лæппу, хæстæлвæст æмæ хотыхджын. Æрбараст фидар къахдзæфтæй, мæсыджы раз цы къорд лæууыд, уыдонмæ. Арсæг æй базыдта. Æндæрæбон, стыр хуыцаубоны, уыд комгуывд Мигъдæуы кадæн. Хъазты чызджы тыххæй фæбыцæу сты ацы дагомаг æмæ цъамадаг усгур. Хурмæ ферттывтой хъаматæ. Чызг фелвæста йæ цыллæ кæлмæрзæн, æмæ кæрдтæ сæ кæрддзæмты æрсабыр сты. Лæппутæ ацыдысты фæйнæрдæм. Ныр, Дагомæй æндæр фæдисон куы нæй, уæд ацы фыдгуырды цы хур æрбахаста ардæм? Цы агуры ацы зындоны? Йæ размæ ракъахдзæф кодта цъамадаг. Цы уыдзæн? Дыууæ цæстæнгасы æлвæст кæрдтау ныццавтой кæрæдзи. Уыцы уысм уæлхæдзарæй æрхызти фыдбоны рæсугъд. Чызг уыдис урс дарæсы. Йæ фæзынд – зæды æртахтау. Лæппуты цæстæнгас æваст аздæхта йæхимæ. Исдуг æм кæсгæйæ баззайынц. Æвæццæгæн, ацы уысм лæпптутæй алчи дæр чызджы уыны

йæ сæрзæды бын нæ, фæлæ знаджы уацары. Чызг фæауууон и фисыны фæстæ. Дыууæ лæппуйы æнæ дзургæйæ æрлæууыдысты къорды раз фæрсæй-фæрстæм.

Дыдзы рухс ферттывта Арсæджы цæстыты. Фæлæ рæстæг тæхы, йæ базырты сыффытт зæлы йæ хъусты. Йæ зæрдæ æхсайы рæсæны бадджытæм. Ма фæтæрсæнт, ма фæкъуыхцы уæнт. Уыди сын бæлвырд амынд. Уæдæ цы фесты?! Калмы сæр æрбахызт Хуыскъ адагæй. Кæм стут, гормæттæ?! Уалынмæ бæстæ гыбар-гыбур сси. Хуыскъ адаг фестади дурызгъæлæн. Дурты зæй аскъуыдта калмы буар, иу хай дзы ахаста йæ разæй æрхыты, ададжы сæрмæ мигъау къуыбылæйттæй сыстади рыг. Бæстæ фестад гæрах, хъæр æмæ ахст.

Адæмæй сирвæзти цины хъæр. Уый хорз у – ныфс бацыд сæ зæрдæты. Фæлæ калмы сæрæй хъæуы марын, йæ сæр уыд сæттинаг. Уыцы сагъæс ыл уддзæфау хоста йæ базыртæ. Фæлæ хæст хæст у: архай, уавæр куыд æркура, афтæ. Калмы буар баныхæст, æмæ ныр æрлæууын хъæуы йæ дзыхмæ – æндæр хос дзы нæй.

Æфсад æрбахызт æрхытыл. Æрæнцад хъæугæрон сæрвæтты. Уым æрфистæг сты сарыхъджынтæ æмæ сырххудджынтæ, æрбадтысты фæзты, бонасадæн кæнынц. Æфсадæй рахицæн дзæвгар хай. Мæтыхты сау мигъ йæхи æфсирджын хуымыл куыд расæрфы, афтæ сæхи рауагътой хъæуыл. Ныццавтой, æрбацæуæны цы мæсыг ис, уый. Дыууæрдыгæй стынг ис æхст. Гуыпп цæуы мæсыг æмæ кæройнаг хæдзæрттæй. Æфсады хотыхтæ ныббогътæ кæнынц, нæрынц арвау, цæхæр калынц. Судзгæ зды фыцы мæсыджы русыл, лауызæй хауы йæ бынмæ. Арсæг лæппуйау зилæнтæ кæны, амоны, æхсын тынгдæр кæдæм хъæуы, уый.

Фесчъил и знæгты уылæн. Фæстæмæ айстой сæхи. Сисрæбынты баззад дзæвгар мæрдтæ.

Уалынмæ хъæугæронæй растад дыккаг уылæн. Уый уыд бæхджын æфсад. Æрбафсæры тымыгъау. Æлвæст кæрдтæ хурмæ æрттивынц, тæмæнтæ калынц. Сæ хъæрæй бæстæ сæ сæрыл систой, арв къуырма кæны гуымсæгты гыбар-гыбурæй, згъæлы къæдзæхты рыг. Зоны Арсæг: топпыхос æмæ нæмыг кадавар сты, хъæуы сыл ауæрдын. Фæлæ цы гæнæн ис. Барджытæ уынгтæм куы ‘рбаирвæзой, уæд хъæуыл арт бандзардзысты, æмæ хъæу зындон фестдзæн. Иуафон гæрæхтæ фæцыди дардæй. Арсæг кæсы æмæ бамбæрста хъуыддаг.

Рæсæны чи бадт, дурты зæй чи уагъта, уыцы фондз лæппуйы хæстæг æрхъуызыдысты æмæ топпадзагъдæй ралæууыдысты сарыхъджын къордыл. Бонасадæн сæнкъуыст, змæлд æмæ талф-тулф сси. Фондз хъайтарæн сæ бæрцагъудтæ куы равдæлон сты, уæд аппæрстой хъыримæгтæ залгъæды къутæрты æмæ кардæлвæстæй балæбурдтой калмы хъæлæсмæ, аныгъуылдысты сау лæгæты – зындоны хъоргъы.

Асхъиудта Цъамады систæй фæстæмæ дыккаг уылæн дæр. Бирæ бæхтæ лыгъдысты фæйнæрдæм æнæ барджытæй. Фыхти сахы маст. Чи ‘хгæны уымæн йæ фæндаг?! Чи у, йæ тыхы раз чи ‘рлæууыд, уый? Æмæ рауагъта хъæуыл æфсæндзых бирæгътæ – æвзаргæ хæстонтæ. Тыхсынц Цъамад. Нал и топпыхос, нал и нæмыг. Знæгтæ æрбатыдтой систæ, æрбафсæрынц хъæуынгты. Арсæг иу хъæр фæкодта: «Дуртæ!» Уæлхæдзæрттæй, систæй, гæнæхтæй згъæлынц ставд дуртæ, згъæлынц ихуарæгау. Калынц сæ лæгтæ, сылгоймæгтæ сæм æрбадæттынц ногтæ. Знæгтæ, сæ пырх калгæ, тæппæлæг кæнынц, систыл фæлдæхынц фæйнæрдæм.

Уæд æрбабырста иу къорд. Йæ сæрыл уартау хæссы каутæ, йæ ных сарæзта уынгмæ, хъæуы ныхасмæ. Дуртæ кауыл æмбæлынц, фæлæ сæ æфсад уæртджын хæфсау мурмæ нæ дары, размæ тырны, æфсæры бузнаг нæлхуыйау. Кæцæйдæр та хъуысы Арсæджы хъæлæс: «Хъилтæ!» Æмбондты сæртæй æрцытау фæзындысты даргъ æндзалм-хъилтæ, сæ фындзтæ – цыргъ. Цъамад цалдæрæй хъилтæ фæсадзынц кауы, мæцъистау сæ фæбыцæу кæнынц, æмæ лæбурæг æрдонг æд каутæ акæлынц былтæй.

Сахы æфсад æрхъула кæнынц хъæуыл. Æхсынц алырдыгæй. Цъамад бацыдысты мæсгуыты æмæ чъырынты. Цы хъом сын у знаджы нæмыг дуры гуыбынмæ? Сах дæр æнцад кæм бады. Йæ фæтæгтæ кæнынц фæндтæ ‘мæ уынаффætæ. Æфсад бонрæфты раздæхтой, ракодтой йæ дарддæр, æхстбæрцмæ. Афтæмæй Алардыйы кувæндонæй хъæумæ ныддардтой хурсудзæн æвгтæ, хуры тынтæ сарæзтой мæсгуыты рудзгуытæм, гæнæхты дуæрттæм. Æрцыд, зæххыл цы нæ уыд, ахæм фыдæвзарæн. Судзынтæ систой тулдз дуæрттæ, соцъи æхгæнæнтæ.

Хъæуы сæрты атахт фыдохы маргъ. Адæмыл бафтыд тас æмæ катай.

– Аларды нæм хъызы æмæ ныл йæ цæхæртæ калы, – дзурынц чидæртæ.

– Сырх Аларды, табу дæхицæн, дæ зынгæй нæ бахиз, нæ хоры сæрæй, нæ фосы хорзæй дын куывдтæ фæкæндзыстæм, – кувынц иннæтæ.

Арсæг адæмы сабыр кæны, ныфсытæ æвæры. Хъæр кæны мæсыгæй мæсыгмæ, гæнахæй чъырынмæ. Дзуры: «Уый Аларды нæу, уый фыдызнаджы хотых у, йæ хос – дон».

Æмæ адæм скъæфынц сæ донæвæрæнтæ, хуыссын кæнынц зынг æмæ арт.

Зæрæдтæ усæй, лæгæй кувынц: «О Мигъдæу, рауадз ныл мигъы стыг, рауадз ныл сах-къæвда!» Фæлæ арв – сæгъы цæстæй ирддæр, айдæнæй сыгъдæгдæр. Хур дзæгæрæг кæны, йæ тых радта æвгтæм, æвгтæй йæ сарæзта хъæумæ.

Уæд Арсæгмæ фæзынд æбуалгъ хъуыды. Хъæуæй Алардыйы кувæндоны астæу уыди йæ дарæг хуым. Хурджын азы хор рагацау сцæттæ æмæ уыгæстæй лæууы ласынæввонгæй. Фæдзырдта йæ иунæг фыртмæ: «Лæппу, хъæу сæфы, Цъыбыртты сыгъд кæнæм фыцгæ дуры хуылфы. Исты амалæй бандзар уыцы хортыл». Лæппуйæн йæ цæстытæ ссыгъдысты, йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта. Ницы сдзырдта. Араст хуыммæ. Хъуызы сисрæбынты, быры хæмпæлты. Арсæг кувы ныллæг хъæлæсæй: «Уастырджи, дæ фæдзæхст – мæ иунæг...» Йæ зæрдæйы тас æмæ ныфс сæ кæрæдзи марынц. Кæсы, æмæ хортæн скалди сæ фæздæг. «Хоры Уацилла, ныббар ын, дæ хорзæхæй...» Фæцыд топпы хъæр. Арсæджы цæстытыл ауад, йæ хъæбул карст хуымы дæлгоммæ куыд ахауди, уый.

Хус уыгæстæ ныггуыпп ластой. Хъугом сау фæздæг фестади уайтагъд. Фæздæг ныхъуыры хуры зынгтæ, æхгæны фыдбылызы æвгтæн сæ дзагъыр цæстытæ.

Æризæр. Банцади хæст. Ирдгæ хъæуæй иуварс хæссы сыгъды смаг æмæ фæздæг. Изæрмилтæ фæлмæн зæлдагау сæхи æруагътой æфхæрд хъæуыл æмæ йын исынц йæ фæллад. Адæм уынгтæй æфснайынц сæ зиантæ. Кæуын никæцæй хъуысы. Лæгтæ компæзтæ тъыссынц сæ цæфты, сæ лыгтæ судзынц зынг æфсæйнæгтæй æмæ сæ хостимæ бæттынц сыгъдæг четæнæй, сæ хъæдгæмттæ сæрдынц арсы сойæ. Устытæ къæбæры кой кæнынц сæ хæстонтæн.

Знаг, кæм æрæнцад, уым æхсæвиуат кæны. Судзынц бирæ цырæгътæ, сæ рухсы зынынц сæ урс цатыртæ. Цæгъдынц æнахуыр фæндыртæ,

уасынц цъæхснаг уадындзтæ, гуымс кæнынц хус сератæ. Уым нæй хъыг, уым ис цин. Уым ничи хынцы æнæном мæрдтæ.

Бады цатыры сах, бады фæлмæн базтыл, йæхи ауагъта хъæдабæ мутакатыл. Йæ разы – фынг. Фынг æмбæрзт у хуысар сырх зæлдагæй. Хæрд – сызгъæрин тæбæгъты, сырх сæн – æвзист нуазæнты. Гауызтыл кафынц бæгънæг чызджытæ. Фæлæ тар у сахæн йæ цæсгом. Стыр сахартæ, æнусон фидæрттæ кæмæн нæ лæууынц, уый бон нæ баци гыццыл хъæу басæттын. Сах хъусы æмæ зоны: хæхты æвидигæ сты ныфс, æхсар æмæ намыс. Фæлæ сæм уыйбæрц дон та кæцæй æрцыд, дон? Уый нæ уыд, зæгъгæ, уæд ныр фæнык уаид хъæу. Уæд райсом, сатæджы дарддæр дарид йæ фæндаг.

Уæд цатырмæ æрбацыд йæ хистæр эмир. Йæ арм – йæ риуыл, йæ сæр ныллæг æруагъта æмæ лæгъстиагау дзуры:

– О паддзæхты паддзах, цытджын паддзах! Иу хæххон нæм йæхи къахæй æрцыд, фæнды йæ дæ бæрзонддзинадæн ахсджиаг ныхас зæгъын.

– Ракæн æй, – амоны сах.

Йæ разы æрлæууыд Цъамады фыййау. Эмир ын æрхæцыд йæ къубалыл, æрæвæрдта йæ зонгуытыл. Лæг йæ цæст ахæссы цатырыл. Джихтæ кæны: «Мæнæ дзæнæт!..»

– Зæгъ, цы зоныс, уый! – зæгъы тызмæг эмир.

– Дæ фыдæхæй фесæфон, хорз паддзах, æз дын амонын Цъамадæн хос.

– Дзур! – эмир æй зæхмæ æрæлхъывта тынгдæр.

– Хъæумæ хохрæбынтæй ис донуадзæн. Хæтæлты цæуы зæххы бын. Иу хæргæфсæн бадарут цæхх. Райсом æй æнæ донæй ауадзут Уæлхъæумæ. Армаццагæй къахындзæг кæм кæна, уым ссардзыстут донцæуæн.

Фыййауы акодтой цатырæй, хорз æй бафсæстой, хъадамантæ йыл сæвæрдтой æмæ йæ дурмæ сбастой. Хуыссы дуррæбын, æфсæстæй нæты, рæдзæ-мæдзæ кæны. Йæ цæстытыл уайы, удæгасæй дзæнæты куыд уыдис, уый.

Сахы цæсгомыл фæзынди цины æууæлтæ. Нуазы, хæры, йæхи-нымæр фæндæттæ нывæнды.

Арсæг раивта йæ урс дарæс. Æхсæвы тары хъуызгæ-хъуызгæ ацыд йæ сыгъд хуымтæм. Зилы сыгъдоны, агуры йæ фырты мард, зæхх

сгары йæ уырзтæй, сæрфы йæ армытъæпæнтæй. Ссардта йæ. Уæрджытыл æрлæууыд йæ разы, арвмæ скаст æмæ йæ хъæрзын нал урæдта. Систа йæ хъæбысы мард, фæхаста йæ мыггаджы зæппадзмæ. Уым æй бавæрдта. Цæуы æмæ дис кæны: йæ зæрдæйæ ахауд цыдæр уæз. Æрымысыд, чындзы æд сабитæ йæ цæгатмæ афоныл кæй арвыста, уый дæр, æмæ йæ уд цæуылдæр фæхæцыд.

Дыккаг бон фæсаходæн сахы хъузæттæ хæргæфсы ауагътой Уæлхъæуы астымы. Хайуан дойныйæ мæлы, рафт-бафт кæны, нæууыл йæ хæмхудтæ хафы. Иу ран æрлæууыд, йæ раззаг къæхтæй зæхх хойы, къахы йæ сæфтджытæй сыджыт. Æфсæддонтæ æрцытæй размæстой мæр, къаннæг белтæй сфæйлыдтой зæхх, æмæ донуадзæн фегом. Хæтæл уыд галы сыкъатæй арæзт. Сæппæрстой дзы цалдæр, æмæ дон аскъуыд.

Аскъуыд Цъамады тугдадзин, сæ царды таг.

Хур зæхмæ ныззылд. Æфсад хурсудзæн æвгтæ сарæзтой хъæумæ. Пиллон калынц тулдз дуæрттæ, йæ фæздæг кæлы гæнæхты чъырæн, арт уадзынц мæсгуыты дуртæ – туг сыл æхсиды, лауызтæ сыл фыцы. Хъæу фестад зындоны цæхæр. Æфсад йæ алыварс – æрцыты быру.

Уæд байгом сты дурын хъæуæн йæ фидар дуæрттæ. Дуры гуыбынæй рацыдысты кардæлвæст адæм. Разæй урс фæлысты цæуы Арсæг. Хъæууынджы кæрон йæ разæй фесты дыууæ лæппуйы, дыууæ æндæуæгъы. Сæ разы бæзджын рæнхъытæй лæууыд сахы æфсад. Лæппутæ æхсаргардæй иу цæф размæ кæнынц, иннæ цæф фæрсырдæм. Афтæмæй бакъæртт ластой бардз, цæгъдæн кæнынц йæ астæу. Туг пырхæндæг кæны, сырх æртæх æппары Цъамады дуртыл.

Сыгъды фæздæг мигъау æнгом ныббадт æгас комы. Арвмæ нæ зынынц туджы пырхæнтæ, сыгъды къæс-къæсæй арвмæ нæ хъуысынц хъæр, æлгъыст æмæ хъæрзын. Хъæумæ æввахсæй-æввахсдæр тæхынц сау сынтытæ.

Хур аныгуылд – бастади сау сыгъдæй, бафæллад сау куыстæй. Æхсæв уыд сабыр, фæлмæн æмæ хъарм. Цъамад – хъæууат, сау æмæ æдзæм. Иу зæронд ус зилы цагъды мæрдтыл. Йæ пæлæз – сау, йæ дзыккутæ – пыхцыл æмæ урс. Хъусы цæфты хъæрзынмæ – агуры удæгæсты, фæлæ бæстæ уæлмæрдтау æмырæй хуыссы. Иу ран уыны

ærтæ марды: дыууæ лæппуйы фæрсæй-фæрстæм, сæ кæрдтæ – сæ къухты, дæлгоммæ сыл ныххауд чындздзон чызг, йæ урс къаба – тугхъулон. Ус æрлæууыд йæ зонгуытыл, йæ къухтæ систа хæрдмæ, йæ цæстæнгас сарæзта арвмæ. Фæлæ, кувгæ кæны, æлгъитгæ æви йæ тæригъæд хъары, нæ уыд рахатæн уымæн...

Сах тымыгъау ацыди кæмтты, басыгъта хъæутæ, ныссæрфта бæстæ. Зæрæмæджы йын хохы ир æрæхгæдтой йæ фæндаг, тыхгæнæг сæмбæлд тыхсæттæгыл. Ныр æфсæндзых бирæгътæ над рувæстау лидзынц Уæлладжырæй.

Æртæ боны фæстæ сах ногæй æрæнцади Цъамады фæзты, бонасадæн кæны, йæ фæллад уадзы, йæ цæфтæм зилы. Йæ зæрдыл æрлæууыд йæ хæрзгæнæг фыййау. Уайтагъд æй йæ къабæзтæй æрбадавтой йæ размæ.

– Сах рæдау у, – дзуры Хуыцауы æрвыст лæг. – Хорз мын фæдæ, æмæ дын хорз уыдзæн. Фæлæ мын иу хабар зæгъ: цы маст дæ уыд ацы хъæубæстæй?

– Маст – стыр маст! – фæразæнгард фыййау. – Мигъдæуы куывды Арсæг хъулджын сгуы мæнæн нæ радта, фæлæ кæстæр фыййауæн, дзидзидайæн! Знон дæр ма сæгъгæс чи уыд, уымæн!

– Уый тыххæй дын лæвар уыдзæн сызгъæрин хъул! – зæгъы сах. – Фæлæ мын бацамон ноджыдæр иу зонд: ацы зæххыл фыдгæнæгæн карздæр цы тæрхон кæнынц?

– Уымæй мæн фæрс! – ноджы фæрæвдздæр ис фыййау. – Уалæ уыцы рындз уыныс? Уый у Куыдзæппарæн был. Фыдгæнæджы раппарæм уыцы къæдзæхæй.

– Дæ дзых – дæ тæрхон! – загъта сах. – Ацы комы дæуæй куыдздæр нæй, æмæ дын тæрхон – куыдзæппарæн.

Фыййау æваст нæ бамбæрста хъуыддаг, цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæ хæстонтæ гуымсытæгæнгæ айстой сæ разæй. Чысыл фæстæдæр ын æгомыг къæдзæхтæ фæзмыдтой йæ цъæхахст.

Сах аздæхт йæ фæд-фæд. Цъамадæй иуафон скалди къонайы фæздæг æмæ дзы райхъуысти зарæг.

Арсæджы мард нæ разынди мæрдтимæ. Дзырдтой: æрхъулайæ æфсады размæ куы рацыд, уæд æм сарæзтой хурсудзæн, æмæ ссыгъди. Хъæриуы цæгат фисыныл изæр тыбар-тыбур кæны дыдзы хур. Дзурынц, уый у Арсæджы рухс.

*2002 аз*

# КУЫД ФЕСÆФТ ÆМБИСОНДЫ ÆГЪДАУ

*Æмбисонд*

Лабæйы иу сых ис. Сыхмæ уыд æмбисонды æгъдау – сиахсы нæмын. Ног сиахс фыццаг хатт каистæм æрцыд, – надæй йын ирвæзæн ницы хуызы уыд. Ацы æгъдау сын фыдæлтæй баззад æви йæ сæхæдæг сæ хъалæй æрымысыдысты, уый Хуыцау зоны æрмæст. Сиахсы нæмынæй æфхæргæ кодтой æви рæвдаугæ, уый та сæхæдæг дæр нæ зыдтой. Æрчъиаг нæрвы нæмынц æмæ фидар кæны, адон та сиахсы æууæрдынц, – уадз æмæ йæ нуар хъæддых кæна. Æхсызгон сын уыд нæмын æви зын, уый дæр хæйрæг зæгъæд, æз ын дæсны нæ дæн. Æгъдау æгъдау у, æмæ йæ кæнын хъæуы.

Иуахæмы сæм фæзынд ног сиахс – Фæрсæгаты Афæхъо. Фысымтæ дзаг фынгыл бадынц, минас кæнынц, сиахс уырдыг лæууы. Иу-æртæ рæгъы рауагътой, афтæ хистæр кæстæртæн цæстæй амоны, нæмын афон у, зæгъгæ. Кæстæртæ æнæзивæг фæгæппытæ ластой. Сиахс хъуыддаг бамбæрста, дзаг дурын йæ къухы, афтæмæй къуымы алæууыд. Гуыппырсартæ сæ дыстæ батылдтой, сæ рихитæ аздыхтой æмæ фæцæуынц нæмынмæ. Баввахс вæййынц сæ амæттагмæ, хæстмондагæй пиллон калынц. Уæд сæм сиахс дзуры:

– Æрлæууут, Хуыцауы тыххæй! Æз дæр сымахæй зондджындæр нæ дæн æмæ уæ искæй марын.

Гуыппырсартæ, нæмынæввонг куыд уыдысты, афтæ сагъдæй аззадысты. Æрæджиау хистæр сыстад æмæ зæгъы:

– Мæнæ хæйрæг æрцахстам æмæ фыдбылызы хауæм. Ныууадзæм ацы ‘гъдау – хуыздæр хос нал и.

Уыйадыл æмбисонды æгъдауыл сæ къух систой. Ныр иуы фæрцы бирæ сиæхстæ фæрныг сыхмæ цæуынц æдасæй.

# УАСÆГ ÆМÆ ХУРЫ СКАСТ

*Æмбисонд*

Тар æхсæв ахицæн. Хур цæхæркалгæ скаст æмæ дунетыл тауы фарны рухс.

Адæм цин кæнынц сызгъæрин хурыл, йæ хъарм тынтæй рæвдауынц сæхи, райынц сæ зæрдætæ. Уæд иу лæг йæ синысæртыл æрхæцыд æмæ зæгъы:

– Цин кæнут, фæлæ бузныг кæмæй стут, кæмæй? Мæ уасæгæн кувут. Ныууасыд, æмæ хур уый фæрцы скасти.

# ХАЛОНЫ КУЫСТ

*Æмбисонд*

Халон фаджысы рагъыл æрбадт. Йæ базыртæ хæрдмæ сисы, йæ дымæг ныхъхъил кæны, афтæмæй бацæуы стыр куысты – абухы, змæнты. Хатгай акæсы алырдæм, иу хъуахъхъ размæ фæкæны, иннæ фæстæмæ.

Сырддонцъиутæ рыгты ныууагътой сæ бæгъдулæг æмæ халоны куыстмæ цымыдисæй кæсынц. Чъырттымтæ хус бæласыл тыгуыртæй бадынц, сæ цæстытæ Халонмæ ныццавтой æмæ цъипп-цъипп кæнынц: «Мæнæ диссаг! Мæнæ диссаг!»

Халон йæхицæй ныббуц æмæ йæ куыст цырындæр кæны. Уæд сæ сæрты æрбатæхы Зæрватыкк æмæ дзуры бынмæ:

– Цы змæнтыс, Халон, уыцы куыстхуызæй? Бæстæ цæуыл фæлдахыс, дунеты дæхимæ цы ‘ркæсын кодтай?

– Куырм дæ æви æнæфенд? – хъуыддагхуызæй дзуапп дætты Халон. – Мæнæ налхъуыт-налмастæ къахын.

– Бын бауай, Халон! Налхъуыт-налмас хъацæнтæм кæцæй æрхауд? Нæмыг кæнæ æмбыд стæг агурыс æмæ уый зæгъ. Хæдмæлхор дæ, чъизитæ змæнтыс æмæ бæстæ смагæй сафыс! – æрдзырдта йæм бæрзондæй Хуыцауы минæвар æмæ атахти дарддæр.

# ХОРЗ ÆМÆ ÆВЗÆР

*Æмбисонд*

Ирон зарæджы ис худæджы ныхæстæ:

*Дари быдæн кæй уафынц,*
*Уый мæ ронæн куы уаид.*
*Адæм се ’ппæт кæй уарзынц,*
*Уый мæ мойæн куы уаид.*

Мæ къона, дæхи сарæзтай уæд. Æз дын фенин дæ митæ.

Иу поэты адæм нæ уарзынц. Уый хъаст кæны: «Адæм бардз (толпа) сты. Бардз хуырым вæййы». Æз ын зæгъын: «Иугæр дæ æппæт адæм сæ удхæссæг уынынц, уæд сæ азымы ма дар. Аххос дæхимæ агур. Дæхи-

мæ ‘ркæс æмæ дæ зæрдæ бафæрс: цымæ, нывыл цы нæ кæнын, адæмæн æнæуынон цæмæн дæн?» Æмæ йын æрхастон Конфуцийы æмбисонд.

Конфуцийы фæрсынц:

– Цы зæгъæн ис, хъæу се ‘ппæт кæй уарзынц, уыцы лæгæй?

– Ницæйаг, – загъта Ахуыргæнæг.

– Уæд, æгас хъæу йæ удхæссæг кæмæй уынынц, уымæй та цы зæгъдзынæ?

– Ницæйаг! – дзуапп радта Конфуций. – Хорз адæймаг хæрзтæн зынаргъ вæййы, æвзæртæн – цæстысындз.

## КАДМОНДАГ ХÆРÆГ

*Лафонтены æмбисонд*

Иу хæрæг уаргъæн хаста табуйаг дзаумæттæ: зæдты нывтæ æмæ кувæн дзуæрттæ. Чи йæ фены, уый æрлæууы, йæхиуыл дзуæрттæ бафтауы, сæрæй йын ныллæг æркувы. Хæрæг æнхъæлы, адæм уымæн кæнынц цыт, æмæ йæхицæй тынг ныббуц и.

Чидæр хъал хæрæджы æууæлтæ æрфиппайдта æмæ йын афтæ:

– Цæй сæлхæр дын бантыст! Адæм дæ уаргъæн кад кæнынц, ды та дæхицæй ныссих дæ.

## САГ ÆМÆ СÆНÆФСИР

*Лафонтены æмбисонд*

Саг лыгъди цуанонтæй. Тыхамæлттæй баирвæзт сæндонмæ. Сыфтæры ауон æрæмбæхст, цуанонтæ йæ иувæрсты аивгъуыдтой. Уæд саг бавдæлд æмæ сæнæфсиры къалиутæ æд сыфтæр æхсыны. Цуанонты хъустыл ауад сыфтæры змæлд æмæ сыбар-сыбур. Фæстæмæ фæзылдысты æмæ – дæ балгъитæг афтæ! – саджы багæрах ластой.

Саг æрфæлдæхт, йæ туджы мæцы æмæ мæлгæ-мæлын дзуры йæхицæн: «Афтæ мын хъæуы! Нæ мæ хъуыд, кæй фæрцы ирвæзтæн, уыдон æбузнæй хæрын».

## ГАЛДАВДЖЫТÆ

*Ирон хабар*

Иурæстæджы Бетъретæм бадæм. Нæ разы – фынг. Нуазгæ дæр акæнæм, хæрынил дæр нæ ауæрдæм. Фынг ныхас къахы, нозт ныхас

цырын кæны. Цыдæр хъуыддагыл нын быцæу бацайдагъ, æмæ бæгуылæгтау мæ хæларимæ дзаггарзæй зондджын ныхæстæ æнæвгъау уадзæм, аргументтæ цыхцырæгау сæх-сæх кæнынц, цитатæтæй дзæхст ласæм, – нæ фæздæг кæлы. Иуафон мæ ныхмæлæууæджы сæгъы сыкъайы фæцæйтардтон. Уæд уый дæр фæцарæхст æмæ тыхджындæр авторитетæн Библи йæ дзыхы радавта. Загъта, уый у Хуыцауы фæдзæхст, зонды фурд æмæ царды Бонвæрнон. Фæстагмæ уæлмонцæй йæ ныхас систа патетикон бæрзæндтæм æмæ дзуры:

– Æрмæст дæс фæдзæхсты дæр ис, амондджынæй цæрынæн цыдæриддæр хъæуы, уый. Уыдон сты æппæт философийы апп, хъуыды æмæ зонды къуыбылой, этикæйы хъаймагъ...

Чи зоны, рог базыртыл йæ хъуыды кæдæмты стахтаид, фæлæ æз дæр тæвдтуг кæм нæ дæн, – Гакъайы топпыхосау æвиппайды фæтæпп ласын. Лыстæг æндахыл æрттиваг фæрдгуытæ хал кæны, æмæ йæ ма хъыгдар, дæ сæры дын зонд уадзы, æмæ йæ бауадз, – нагъ, хъуамæ йын йæ ныхас аскъуынон. Æмæ кæмæн фыддæр – хъæбæрдæр. Налхъуыт-налмасты рухсæй æнæ хай фæдæн. Лæхурынтыл схæцыдтæн æз дæр, гага дыуухæ кæнын.

– Раст зæгъыс, иттæг раст! «Ма амар!» «Ма адав!» «Ма хæт!»... Сызгъæрин хъуыдытæ! Æрвон фæдзæхстытæ! Кæй бон у ахæм философон бæрзæндтæм стæхын Хуыцауæй фæстæмæ?! Цахæм куырыхон загътаид ахæм зонды ныхæстæ Хуыцауæй дæлæмæ?! Марын, давын æмæ хæтын æвзæр сты, уыцы хъуыды не 'рцахста нæдæр Заратустрæйы сæр, нæдæр Конфуцийы зонд, нæдæр Аристотелы логикæ... Иу дзырдæй, ахæцыдтæн. Зæронд лæг нæм сабырæй хъусы, æвæццæгæн, тыхсы, фæлæ кæй бон у нæ иргъæвын. Иуафон нæ быцæуы рауад цыбыр бонасадæн, ныхасæй ныхасы 'хсæн къухбакæнæн фæци, æмæ Хуыцауы уарзон лæг зæгъы:

– Лæппутæ, фынгмæ дæр æвналут, æз уын уæдмæ иу хабар æрхæссон. Царды зыгъуыммæ хъуыддæгтæ куыннæ вæййы, мæ хуртæ. Фисынмæ зонд кæмæ ис, ахæмтæ уыди раджы дæр æмæ ныр дæр. Гуыбаты Баграт æмæ Гæбæраты Никъо Зыругæй гал радавтой. Къæрныхæн мæйдар æхсæв цæдисон æмбал у. Куыдз дæр сыл не срæйдта, æмæ кæйдæр фос сæ къухы бафтыд æвæлмонæй. Раскъæрдтой гал, мæ хуртæ, комæй раирвæзтысты æмæ Нары бынты баивгъуыдтой. Бахæццæ сты Цъыпы дзуары бынмæ. Никъо хæцы сæрбосыл, Баграт

гал скъæры рæхснаг уисæй. Дзуары бын галы сыкъатæ цырæгътау ссыгъдысты æмæ сæрттывтой. Баграт фестъæлфыд йæ мидбынаты æмæ дзуры тарстхуызæй:

– Никъо, Никъо! Уый цы хабар у? Кæс-ма нæ галы сыкъатæм!

Никъо фæстæмæ фæзылд. Галы сыкъатæ судзынц, рухс кæнынц. Лæг фæтарст, уæдæ цы уыдаид. Исдуг цавд дурау аззадысты сæ бынаты. Стæй, сæ зæрдæ се ‘муд куы ‘рцыди, уæд Никъо афтæ зæгъы:

– Ай хуымæтæджы нæ уыдзæн. Нæ хъуыддаг дзуарæн æхцон нæу, йæ зæрдæмæ нæ цæуы, æмæ гал аздахæм.

– Æрра фæдæ, цытæ дзурыс?! – йæхи йыл бацагъта Баграт.

– Ауадзæм æй. Сласы бынæй йæ комы баздахæм æмæ йæхæдæг бафардæг уыдзæн йæ фæрныг хицаумæ.

– Фæлæуу, æмæ æз Зыругмæ къæйтыл æмæ пысыраты мæ гуыбыныл дзæгъæлы фæбырыдтæн? Майрæмы бынæй ардæм галыл уымæн фæфыдæбон кодтон, æмæ йæ ныр фæстæмæ ауадзон? Æз мæ тухитæ доны нæ калын.

Нæ басаст домбай хуыснæг. Атардтой гал æмæ йæ баскъæрдтой Джинатмæ. Аргæвстой йæ, сæ амæттаг баци кæйдæр фос.

Багратæн уыдис дыууæ кусæг галы. Хохы цард та галæй уыд. Фæззæджы салд зæххыл гал фæбырыд æмæ къулæй ратылди. Иннæ гал Уачъейы бын рæгъауы хызти, æмæ йæ бирæгътæ бахордтой. Афæдзы бонмæ лæг саугуырм баци æмæ къонайæ æддæмæ нал хызти, нал федта хуры скаст æмæ боны рухс. Никъо та гуыбыр ныцци, къæдзæй ма æнæбары цыди, афтæмæй батыдта йæ цæрæн бонтæ.

– Гъе уыцы хабар мæхи рæстæджы уыд, – йæ ныхас балхынцъ кодта хуымæтæг зæронд лæг. Агуывзæ систа æмæ рауагъта ног гаджидау.

*2005 аз*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***22 январы*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры уыд номарæн изæр актер, Цæгат Ирыстоны АССР-йы фыццаг адæмон артист, Ленины ордены кавалер, режиссер Таутиаты Солæманы райгуырды 115 азы кадæн. Зындгонд актеры ном æрымысынмæ æрбацыдысты нæ республикæйы зонадон, рухсадон интеллигенцийы минæвæрттæ, театралон архайджытæ, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы разамынд æмæ уæнгтæ, Таутиаты мыггаг, Солæманы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, театрдзаутæ.

► ***24 январы*** Дзæуджыхъæуы 1-æм чиныгдоны арæзт æрцыд Уæрæсейы Журналистты цæдисы æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист Дыгъуызты Тенгизы мысæн изæр. Тенгиз у 7 поэтикон æмæ публицистон чиныджы автор, ирон æвзагмæ ратæлмац кодта Шарль Перройы аргъæуттæ. Уыд йæ адæмы патриот. Йе сфæлдыстады сæйраг бынат ахста Ирыстонмæ уарзондзинад. Цардæй ахицæн 2020 азы.

► ***24 январы*** Кинойы хæдзары уыд документалон кинонывы «Нам – 50!»-ы премьерон равдыст. Бацæттæ йæ кодтой Дзанайты Азанбеджы номыл аивадон училищейы 50 азы юбилеймæ. Бакуыстой йыл ПТРК «Алани»-йы телекинофонды шеф-редактор, режиссер Беджызаты Иринæ, оператортæ Юрий Жирняк æмæ Гайты Хетæг, редактортæ Фидараты Ларисæ æмæ Рæмонты Жаннæ. Училище куы байгом, уæдæй фæстæмæ бавзæрста бирæ зындзинæдтæ, фæлæ алы рæстæг дæр иузæрдион уыд йæ сæйраг хæсыл – курдиатджын нывгæнджытæ, дизайнертæ æмæ аивады кусджытæ цæттæ кæнын.

► ***29 январы*** Национ наукон чиныгдоны уыд поэт, публицист, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, æхсæнадон архайæг Цомайты Ростиславы мысæн изæр. Архайдтой дзы йæ уарзон хæлæрттæ, фысджытæ, журналисттæ æмæ хиуæттæ. Мысæн изæр бацæттæ кодтой Фысджыты цæдис æмæ чиныгдоны кусджытæ.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 2. 2025 г.
Подписано в печать 13.02.2025 г. Выход в свет: 27.02.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 50. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м². Вклейка 2 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Номыры спайда кодтам Джусойты Клавæйы, ЦИГСИИ-йы,
Кæсæг-Балхъары литературон журнал «Минги-Тау»-ы, Бураты Беллæйы,
Ахмат Байсиевы, Гæбæраты Юрийы, Мурасты Риммæйы æвæрæнтæй ист къамтæй.

*Адæмы фарн бирæ у, бирæ у адæмы тых, æрмæст се 'хсæн иудзинад куы уа, уæд. Зæрдиагæй цæуыл ныллæууой, уый баххæст кæндзысты, æрмæст кæрæдзийы ныхас куы 'мбарой, уæд.*

***Нафи***






Индекс 73247
12+